

**H. Ahmad Rusdiana**

*Untaiyan Mutiara*  
**KULIAH TUJUH MENIT**  
**Wanda Basa Sunda**



Ditertibeun Ku:  
Pustaka TRESNA BHAKTI Cibiru  
YSDP Al-Mishbah Cipadung  
Bandung 2019

*Untaian Mutiara*  
**KULIAH TUJUH MENIT**  
**Wanda Basa Sunda**



Materi tulisan ieu dikumpulkeun minangka tatahar dokumentasi ku medalna "Kumpulan Materi Kuliah Tujuh Menit", boh édisi nu munggaran ogé édisi-salajengna, teu aya sanés kajurung ku hiji harepan mugia kalebet kana *تَوَاصِيَةُ وَتَوَاصِيَتِهِ* (Tawa-shau Bil-Haqqi Wa Tawa-shau Bish-Shobr) Silih Washiyatan dina haq ogé silih wasiyatan dina Shobar). Supados urang sadayana teu kalebet insa nu kacungcinhi nandangan rugi. Kumargi sabitu, tulisanan dilawitanan ku; Manusa Lahir Mawa Takdir; salajengna Gambaran Dunya; Mungguhing Allah nu Nyiptakeuna; Rohmat Allah swt Langkung Jembar Batan Bendu-Na; Ujian Allah swt; Nu dipilih Allah swt. Jadi Ahli Sawarga; Syahadat Muhammad Rosululloh. Makna jeung Konkwensina; Ma'rifatulloh (Mikawanoh Allah swt.); Sholat Mi'roj-na Jalma nu Iman; Makna Tahmidulloh; Makna Taqwa jeung Tawakkal ka Allah swt; Makna Dzikrulloh Ta'ala; Makna 'Abdiyyah jeung Isti'anah; Makna Jeung Kadudukan Amanah; Kautamaan Do'a; Kautamaan Sholat Jum'at; Maulid Nabi Muhammad saw.; Pagememanan Iblis La'natullohi 'Alah Sareng Rosululloh saw.; Maluruh Kabagjaan; Washiyat Kanjeng Nabi saw. Ka Ibnu 'Abbas ra.; Mikawanoh Ibu Taimiyyah ra; Prinsip Dasar Nga didik Anak Supaya Sholeh; Kautamaan Puasa Jeung Bulan Romadhon; Makna Hakekat Idul Fitri; Yaumul Mizan (Poé Timbangan/Balitungan).



Ditertibeun ku:  
**Pustaka TRESNA BHAKTI Cibiru**  
**YSDP Al-Mishbah Cipadung**  
**Bandubg 2019**

H. Ahmad. Rusdiana

*Untaiyan Mutiara*

# KULIAH TUJUH MENIT

Wanda Basa Sunda



Diterbitkeun ku:  
Pustaka TRESNA BHAKTI Cibiru  
YSDP Al-Mishbah Cipadung  
Bandubg 2019

**Untaiyan Mutiara**  
**KULIAH TUJUH MENIT**  
**Wanda Basa Sunda**

ISBN: xxx-xxx-xxxx-xx-x  
Cetakan Pertama September 2019  
14 cm x 19 cm, 119 + (i - vii)

Penulis:  
Dr. H. Ahmad Rusdiana, MM.

Editor:  
Ahmad Gojin, M. Ag.  
Mr. Muhardi, Ss., M.Pd.  
Tresna Nurhayati, Spd. M.Pd.

Desain Cover dan Tata letak  
M. Zaky Nurzaman

Diterbitkan Oleh:  
Pusat Penelitian dan Penerbitan UIN SGD Bandung  
Pustaka TRESNA BHAKTI Bandung  
YSDP Al-Mishbah Cipadung  
2019

Hak Cipta dilindungi UU RI No 19/Th. 2002  
Dilarang memperbanyak dalam bentuk dan dengan cara apapun tanpa seizin  
penerbit.

# Pangjajap

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

**A** lhamdulillah muji syukur ka Alloh SWT. Wireh kalayan pitulung sareng ridho Manten-Na ieu materi kuliah tujuh menit dina wanda basa Sunda rengse ngawujud. Nu nyusun nyarungsum miharep mugia sing bisa numuwuhkeun rasa *mahabbah*/rasa kacinta kana Islam pikeun kaum muslimin Khusuna nu aya di sabudeureun wewengkon Masrasah YSDP Al-Mishbah Cipadung sareng Asrama YPSM Tresna Bhakti Cibiru kasanggakeun ka sugri nu leukeun, nalungtik, ngulik turta napakuran, nu salajengna didamel bahan badantenan dina riungan pasamoan atanapi pangaosan.

Materi tulisan ieu dikempelkeun minangka tatahar dokumentasi ku medalna "Kumpulan Materi Kuliah Tujuh Menit", boh édisi nu munggaran ogé édisi-salajengna, teu aya sanés kajurung ku hiji harepan mugia kalebet kana *تواصوا بالحق وتواصوا بالصبر* (Tawa-shau Bil-Haqqi Wa Tawaa-shau Bish-Shobr" Silih Washiyatan dina *haq* ogé silih wasiyatan dina Shobar). Supados urang sadayana teu kalebet insan nu kacingcirihi nandangan rugi. Kumargi sakitu, tulisasian dikawitanan ku; Manusa Lahir Mawa Takdir; salajengna Gambaran Dunya: Mungguhing Alloh nu Nyiptakeuna; Rohmat Alloh swt Langkung Jembar Batan Bendu-Na; Ujian Alloh swt; Nudipilih Alloh swt. Jadi Ahli Sawarga; Syahadat Muhammad Rosululloh Makna jeung Konkwensina; Ma'rifatulloh (Mikawanoh

Alloh swt.); Sholat Mi'roj-na Jalma nu Iman; Makna Tahmidulloh; Makna Taqwa jeung Tawakkal ka Alloh swt; Makna Dzikrulloh Ta'ala; Makna 'Abdiyyah jeung Isti'anah; Makna Jeung Kadudukan Amanah; Kautamaan Do'a; Kautamaan Sholat Jum'at; Maulid Nabi Muhammad saw.; Pagunemanan Iblis La'natullohi 'Alaih Sareng Rosululloh saw.; Maluruh Kabagjaan; Washiyat Kanjeng Nabi saw. Ka Ibnu 'Abbas ra.; Mikawanoh Ibu Taimiyyah ra; Prinsip Dasar Ngadidik Anak Supaya Sholeh; Kautamaan Puasa Jeung Bulan Romadhon; Makna Hakekat 'Idul Fitri; Yaumil Mizan (Poé Timbangan/Balitungan).

Upami kapendak kalepatan atanapi kahilangan pamugi énggal ngalereskeun. Rumpaka ngahaturkeun séwu nuhun laksa keti kabingahan, saupAmiina nu lepatna sareng nu dilereskeunna réngsé ditungtik diulik sareng ditaliti, ogé ditafakuran. Manawi sareng manawi janten wasilah atanapi cukang lantaran pikeun ngiatan katauhidan ka Alloh s.w.t. tauhid nu murni beresih, henteu kaselapan ku rereged-rereged kokotor nu ngagunduk dina *qolbu*. Ogé mugia *akhlakulkarimah*, akal pikiran sareng akidah katauhidan urang salAmiina sumurup miraga sukma, ngawujud dina diri urang sadayana. Tur urang jadi jalma nu *taqwa* ka Gusti Nu Maha Suci.

Nu nysun rumaos nuju diajar, mugia ageung pangapunten-na ti sadayana, boh bilih dina ieu susunan téh aya basa nu kirang karéka, aya seratan nu teu kapaham, aya katerangan nu teu luyu reujeung ugeran. Sakali deui hapuntenna nu kateda, da rumaos sanés ahlina. Mudah-mudahan salAmiina Alloh swt ngajembarkeun lawang karidhoan, lawang rohmat sareng maghfiroh pikeun urang sadayana. Amiin.

Wassalaamu 'alaikum Wr. Wb.  
Cipadung, 30 September 2019  
Nu nyusun,

**H. Ahmad. Rusdiana**

# Ranggeuyan

Pangjajap.....	i
Ranggeuyan.....	iii
1. Manusa Lahir Mawa Takdir .....	1
2. Gambaran Dunya: Mungguhing Alloh nu Nyiptakeuna .....	7
3. Rohmat Alloh swt Langkung Jembar Batan Bendu-Na.....	12
4. Ujian Alloh swt.....	17
5. Nudipilih Alloh swt. Jadi Ahli Sawarga .....	18
6. Syahadat Muhammad Rosululloh Makna jeung Konskwensina ...	24
7. Ma'rifatulloh (Mikawanoh Alloh swt.) .....	27
8. Sholat Mi'roj-na Jalma nu Iman .....	31
9. Makna Tahmidulloh .....	36
10. Makna Taqwa jeung Tawakkal ka Alloh swt .....	45
11. Makna Dzikrulloh Ta'ala.....	43
12. Makna 'Abdiyyah jeung Isti'anah.....	47
13. Makna Jeung Kadudukan Amanah.....	53
14. Kautamaan Do'a.....	56
15. Kautamaan Sholat Jum'at.....	61
16. Maulid Nabi Muhammad saw. ....	65
17. Pagunemanan Iblis La'natullohi 'Alaih Sareng Rosululloh saw. ....	71
18. Maluruh Kabagjaan .....	81
19. Washiyat Kanjeng Nabi saw. Ka Ibnu 'Abbas ra. ....	86
20. Mikawanoh Ibu Taimiyyah ra. ....	94
21. Prinsip Dasar Ngadidik Anak Supaya Sholeh.....	96
22. Kautamaan Puasa Jeung Bulan Romadhon .....	100
23. Makna Hakekat 'Idul Fitri .....	102
24. Yaumul Mizan (Poé Timbangan/Balitungan).....	110





## 1. Manusa Lahir Mawa Takdir

عَنْ أَبِي عَبْدِ الرَّحْمَنِ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ خَلَقْنَا رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَمَوْ  
صُافِيَّ الْمَسْتُورِيَّ " إِنَّ أُنْحَكُمْ يَجْمَعُ خَلْقَهُ فِي بَطْنِ أُمِّهِ أَرْبَعِينَ يَوْمًا تُطْفَأُ نَمُّ خَلْقَهُ مِنْ ذَلِكَ تَمَّ يَكُونُ  
مُضَعَّجَةً مِنْ ذَلِكَ ، ثُمَّ يُرْسَلُ إِلَيْهِ الْمَلَكُ فَيَنْفِخُ فِيهِ الرُّوحَ ، وَيُؤَمَّرُ بِأَرْبَعِ كَلِمَاتٍ : يَكْتُبُ رِزْقَهُ ، وَأَجَلَهُ  
، وَعَمَلَهُ ، وَيَسْقَى أَمَّ سَجْدًا . فَوَاللَّهِ الَّذِي لَا إِلَهَ غَيْرُهُ إِنَّ أُنْحَكُمْ لِيَتَعَمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ حَتَّى مَا يَكُونُ  
بَيْتَهُ وَيَبْنِيهَا إِلَّا نَزَاعَ قَيْسِيٍّ عَلَيْهِ الْكِتَابُ فَيَتَعَمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ النَّارِ فَيَخْلُقَهَا ، وَإِنَّ أُنْحَكُمْ لِيَتَعَمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ  
النَّارِ حَتَّى مَا يَكُونُ بَيْتَهُ وَيَبْنِيهَا إِلَّا نَزَاعَ قَيْسِيٍّ عَلَيْهِ الْكِتَابُ فَيَتَعَمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ فَيَخْلُقَهَا (رواه  
البخارى و مسلم)

“...Ti 'Abdirrahman Abdullah bin Mas'ud r.a., Anjeunna Nyarios: Yén Rasulullah parantos Ngadawuh ka Kami, sedengkeun Manten-na téh salAmiina leres tur dilereskeun; ”Saéstuna salah saurang diantara maranéh téh dikumpulkeun nalika diciptakeun dina jero rahim ibuna salila 40 poé nu mangrupa Nutfah (cai mani/spérma), tuluy ngajadi 'Alaqoh (getih kimpel/sakeupeul getih) salila éta ogé (40 poé), tuluy ngajadi Mudhghoh (daging/sakeupeul daging-nu némpél dina rahim) salila éta ogé (40 poé), tuluy diutus Malaikat pikeun niupkeunn roh ka manéhna, jeung nu saterusna diparéntahkeun pikeun nuliskeun (netepkeun) 4 hal: Netepkeun Rizkina, Ajalna, Amalna jeung masalah naha pinanggih jeung sangsara atawa pinanggih bagja. Maka, demi Alloh nu teu aya deui pangéran salian ti Manten-Na, aya salah saurang diantara maranéh nu milampah/migawé amalan ahli sawarga sahingga teu aya jarak deui antara manéhna jeung sawarga iwal ti ukuran sadeupa deui. Tuluy manéhna kapiheulaan ku katangtuan Alloh, nu satuluyna manéhna ngalakukeun amalan ahli naraka, maka manéhna asup ka jero naraka. Aya (deui) diantara maranéh nu migawé/milampah amalan ahli naraka sahingga teu aya jarak deui antara manéhna jeung naraka iwal ti ukuran sadeupa deui. tuluy manéhna kapiheulaan ku katangtuan/katetepan Alloh nu satuluyna manéhna ngalakukeun amalan ahli sawarga, maka manéhna asup kana sawarga”. [Hadits Riwayat Imam Bukhari no. 3208, sareng Imam Muslim no. 2643].

Kalungguhan ieu hadits téh kacida agungna, sabab ngalimpudan sagala kaayaan manusa ti kawit diciptakeun tuluy lahir ka alam dunya, tug nepi ka akhir katangtuan panungtungan kahirupan manusa, naha asup kana sawarga (padumukan kabagjaan) atawa asup kana naraka (padumukan kasangsaraan). Hal ieu téh diluyukeun reujeung amal-amalan

manusa nalika hirup di alam dunya ogé diluyukeun reujeung élmu, katangtuan/katetepan (taqdir) jeung kaputusan (Qadla) Allah swt.

Imam Nawawi dina kitabna “Al-Wafy fi Syarhil Al-Arba’iin An-Nawawiyah”, nu ngajelaskeun yén Shohabat Ibn Mas’ud r.a (Abi Abdirrohman Abdillah bin Mas’ud ra.) ngawitan ngariwayatkeun tur medar ieu Hadits téh ku kalimat *وَهُوَ الْمَصْدُوقُ الصَّادِقُ وَهُوَ*, maksudna, nyaéta Ibn Mas’ud r.a. maparin kasaksian ka Allah swt. yén Rosululloh saw. Hiji pribadi nu jujur atawa bener kana naon nu didawuhkeun ku Mantenna, ogé salalawasna dibenerkeun. Nu saterusna maksud jeung tujuan tina kalimat *خَلْفَهُ يَجْمَعُ أُمَّهُ بَطْنٌ فِي* nyaéta dikumpulkeunnana cai mani/spérma lalaki jeung awéwé nu patepungna dua cai mani/spérma éta ngajadi bahan diciptakeunna manusa, nu disebut *نُطْفَةٌ* (nuthfah). Mun seug Allah swt. ngersakeun bakal jadi manusa, maka éta dua cai mani/spérma téh bakal cicing di jero rahim indungna salila 40 poé. Nu satuluyna éta *نُطْفَةٌ* [Nuthfah] (cai mani/spérma nu patepung) téh rubah bentuk jadi *عَلَقَةٌ* [‘Alaqoh] (getih kimpel/sakeupeul getih) salila 40 poé, nu salila éta diprosés sahingga ngabentuk jadi *مُضْغَةٌ* [Mudgoh] (sakeupeul daging) salila 40 poé. Tah, nalika geus ngabentuk *مُضْغَةٌ* [Mudgoh], Allah swt. ngabentuk éta *مُضْغَةٌ* [Mudgoh] téh ceuli, mata, irung jeung baham ogé anggota badan manusa séjénna. Sedengkeun bagian jeronu éta *مُضْغَةٌ* [Mudgoh] ku Allah swt diciptakeun peujit jeung kadut. Sakumaha dawuhan Allah swt. :

” هُوَ الَّذِي يُصَوِّرُكُمْ فِي الْأَرْحَامِ كَيْفَ .....

“Anjeunna nu maparin rupa (ngabentuk) maranéh dina rahim sapangersa-Na ...” (QS. Ali-Imran: 6).

Nalika geus manjing kana umur tilu kali 40 poé nyaéta 120 poé atawa kira-kira 4 bulan, tuluy Allah swt. maréntahkeun ka saurang malaikat nu ngajaga rahim pikeun niupkeun roh kana *مُضْغَةٌ* [Mudgoh] (sakeupeul daging). Nu geus dibentuk hiji wujud manusa. Allah swt. Ngadawuh dina Al-Qur’an Surat Al-Hajj ayat 5:

“...Yeuh manusa upama maranéh mangmang kana perkara dihudangkeun (dina poé kiamat) nya sing inget yén Kami téh geus ngayugakeun maranéh tina taneuh, tuluy tina mani, tuluy tinah getih kimpel, tuluy tina daging, anu sampurna kajadianana jeung nu henteu sampurna, pikeun Kami nerangkeun(kakawasaan

*Kami) ka maranéh; sarta tuluy ku Kami dipernahkeun dina rahim sapangersa Kami nepi kana waktu anu pinasti , tuluy kami ngaluarkeun maranéh jadi orok tidinya maranéh tumuwuh nepi ka déwasa sarta di antara maranéh aya nu dimaotkeun jeung sabagian deui dipanjangkeun umurna nepi ka pikun, nepi ka manéhna henteu nyahoeun deui saniskara perkara anu tadina dipikanyaho...(Al-Hajj [22]: 5).*

Ibn Rojab Rohimahullohu Ta'ala dina kitabna "Jami' Al-Ulum wa Al-Hikam" ngajelaskeun, yén Alloh swt. Nyebutkeun tilu tahapan dina sababaraha ayat dina Al-Qur'an luyu reujeung katerangan di luhur, nyaéta Tahap Kahiji bentuk نُطْفَةٌ (nuthfah), tahap Kadua bentuk عَقَّةٌ ['Alaqoh] (getih kimpel/sakeupeul getih) jeung tahap Katilu مُضْغَةٌ [Mudgoh] (sakeupeul daging). Tapi, dina ayat-ayat séjén aya tambahan tahapan-tahapan prosés diciptakeunana manusa dina rahim ibuna, saperti dina ayat 12-14 surat Al-Mu'minun:

*"...Jeung saenyana Kami geus ngayugakeun manusa tina acining taneuh, tuluy Kami ngajadikeunana jadi mani dina tempat anu diraksa (rahim), tuluy ku kami ngayugakeun éta mani jadi getih kimpel, tuluy kami ngayugakeunana jadi daging sakeupeul, tuluy tina éta daging téh ku Kami diyugakeun tulang-taléng, tuluy éta tulang taléng téh ku Kami dibungkus ku daging, tuluy ku Kami dijadikeun mahluk nu nyawaan. Kukituna Maha Berkah Alloh, panghadéna nu ngayugakeun".*

Mun ditilik kana eusining ayat di luhur, maka aya tujuh tahap ngeunaan diciptakeunana manusa saméméh ditiupkeunna roh. Tahap Kahiji bentuk نُطْفَةٌ [Nuthfah] (cai mani/spérma nu patepung), tahap Kadua jadi عَقَّةٌ ['Alaqoh] (getih kimpel/sakeupeul getih), tahap Katilu jadi مُضْغَةٌ [Mudgoh] (sakeupeul daging). Tahap Kaopat jadi عِظَامًا (Tulang-taléng) tahap Kalima nyaéta لَحْمًا الْعِظَامِ فَكَسَوْنَا (dibungkusna tulang-taléng ku daging) jeung tahap Kaganep آخَرَ خَلَقًا (bentuk séjén/wujud manusa) tahap katujuh ditiupkeunana roh.

Ibnu Abbas ra. ngajelaskeun ngeunaan kalimat ayat 5 dina Surat Al-Hajj : وَعَبْرٌ مُّخَلَّقَةٍ مُّخَلَّقَةٍ (... Nu diciptakeun anu sampurna kajadianana jeung nu henteu sampurna ...). Maksud kalimat ayat: عَبْرٌ مُّخَلَّقَةٍ (teu sampurna dina diciptakeunana), tegesna kurang/cacat. Sedengkeun Mujahid ra. ngajelaskeun yén kalimat ayat: عَبْرٌ مُّخَلَّقَةٍ (teu sampurna diciptakeun) téh, nyaéta "kaguguran".

Dina mangsa roh ditiupkeun kana jasad manusa nu geus ngawujud, nu satuluyna ditetepkeun 4 perkara minangka katangtuan/katetepan

(takdir) pikeun manusa. Diantarana: nu Kahiji, ngeunaan Rizkina, nu Kadua Ajalna, nu Katilu Amalna jeung nu Kaopat masalah naha pinanggih jeung sangsara atawa pinanggih jeung bagja dina kahirupan di alam dunya jeung katetepan hirupna jaga nu bakal katarima di alam akhérat.

Ibn Mas'ud ra. ngajelaskeun yén nalika نُطْفَةٌ [Nuthfah] (cai mani/spérma nu patepung) geus netep disimpen dina jero rahim, maka malaikat nu ngajaga rahim nyokot ku dampal leungeunna bari unjukan ka Alloh swt.: "Duh Pangéran abdi sadaya ! seja dikumahakeun ieu téh, naha diyugakeun atanapi henteu ?". Mun seug Alloh swt. Ngersakeun bari ngadawuh: "Tong dicipatakeun !", maka Malaikat nu ngajaga rahim éta bakal ngalungkeun éta نُطْفَةٌ [Nuthfah] (cai mani/spérma nu patepung) ka jero rahim ku bentuk getih tanpa nyawaan. Tapi sabalikna, mun Alloh swt. Ngadawuh: "Ciptakeun !". Maka Malaikat nu ngajaga rahim éta unjukan deui: *Duh Pangéran abdi sadaya! saterasna ieu téh badé dijantenkeun pameget atanapi istri ?, sangsara atanapi bagja ? sareng kumaha pi-rizki-eunana ? ogé iraha waktos tutug ajalna ? sareng di bumi nu mana manéhna bakal maot ?*.

Alloh swt. Ngadawuh: "Jig Indit héh malaikat Kami kaditu ka Ummul Kitab !, sabab di dinya manéh bakal meunang jawaban kana naon hal nu ditanyakeun éta kabéh".

Saréngséna nampi dawuhan Alloh swt. tuluy éta malaikat téh ngajugjug ka tempat nu dituduhkeun ku Alloh swt. Nyaéta Ummul Kitab nu satuluyna manéhna nyutatkeun kana sagala jawaban nu geus ditanyakeun ka Alloh swt. ngeunaan katangtuan/katetepan (takdir) manusa.

Dumasar kana hal éta, maka jelas yén manusa lahir geus mawa takdir masing-masing. Tur éta katangtuan téh ditetepkeun nalika manusa aya dina jero rahim indungna dina mangsa ditiupkeunana roh ka manusa nalika umur kandungan manjing kana 4 bulan. Saterusna hadits di luhur ngajelaskeun, yén Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh bari sumpah: *إِلَهَ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ* (Demi Alloh nu teu aya deui pangéran salian ti Manten-Na). yén aya salah saurang diantara maranéh nu milampah/migawé amalan ahli sawarga sahingga teu aya jarak deui antara manéhna jeung sawarga iwal ti ukuran sadeupa Tuluy manéhna kapiheulaan ku katangtuan Alloh, nu

satuluyna manéhna ngalakukeun amalan ahli naraka, maka manéhna asup ka jero naraka. Ogé aya (deui) diantara maranéh nu migawé/milampah amalan ahli naraka, sahingga teu aya jarak deui antara manéhna jeung naraka iwal ti ukuran sadeupa deui, tuluy manéhna kapiheulaan ku katangtuan/katetepan Alloh nu satuluyna manéhna ngalakukeun amalan ahli sawarga, maka manéhna asup kana sawarga.

Sadeupa didieu, hiji kiasan jeung kira-kira, nu dimaksud didieu nyaéta, saparo waktu dina akhir kahirupan manusa. Jadi, nu dimaksud sadeupa didieu lain sacara harfiyah sadeupa jeung kapastian waktu nu saukuran kitu. Tapi, sadeupa didieu sakali deui saparo waktu dina akhir kahirupan manusa nu kacida deukeutna kana poé panungtungan hirup. Imam Nawawi ra. Ngajelaskeun, mun jalma kafir ngucapkeun “*laa Ilaaha Illallooh*” tuluy manéhna maot kalayan ngucapkeun kalimat tauhid éta, maka manéhna bakal asup sawarga. Sabalikna, lamun jalma Islam dina akhir umurna ngucapkeun caritaan kufur, maka manéhna bakal asup kana naraka.

Satuluyna Hadits di luhur, eusina ngajelaskeun yén urang teu meunang mastikeun atawa netepkeun salah saurang bakal asup sawarga atawa naraka, sanajan katingalina hiji jalma téh ngalakukeun sagala kahadéan jeung rajin ibadah, sabalikna sanajan katingalina hiji jalma téh ngalakukeun kakufuran, kama’siyatan, kafasikan jeung sajabana. Tegesna, yén urang ulah wani-wani ngahukuman ka jalma téh pisawargaeun atawa pinarakaeun. Sabab, urang ulah ngandelkeun teuing amaliah ibadah boh pribadi atawa lian, atawa reueus, agul jeung sajabana ku lampah ibadah urang atawa nu lian. Sabab, urang teu apal pamustungan tina sagala ibadah nu dilakukeun, naha ditarima atawa henteuna ku Alloh swt. Ogé urang teu apal katangtuan nu kumaha nu bakal ditarima ku urang khususna jaga di alam Akhérat. Sok sanajan takdir geus ditetepkeun saméméh urang diciptakeun, tapi, ku sabab dirahasiahkeun ku Alloh swt. Jadi urang teu apal takdir urang téh modél kumaha.

Dumasar kana hal éta pisan, urang ulah petot-petot salilana ngado’a ka Alloh swt mugia urang dipaparin panungtungan kahirupan nu hadé

(Husnul Khotimah) ogé salawasna urang kudu nyalindung ka Alloh swt. Mugia panungtungan hirup urang téh ulah goréng (Su'ul Khotimah) atawa ulah nepi ka hasil panungtungan hirup urang téh nu picilakaeun (Syarrul 'Aqibah).

Ibnu Jarir Al-Haitamy dina kitabna "Fath Al-Mubin Li Syarh Al-Arba'in" ngajelaskeun, yén satemenna Su'ul Khotimah - Na'udzu Billahimin Dzalik- dilantarankeun ku haté leutik na hiji jalma nu teu bisa ditingali ku nu séjén. Ayakalana saurang milampah hiji amal ahli naraka, tapi dina haténa aya kahadéan nu nyangkaruk, tuluy ngalimpudan nu tungtungna ngadorong manéhna dina panungtungan umurna pikeun milampah kahadéan, akhirna manéhna ka golong kana Husnul Khotimah. Kukituna ulah katipu ku naon-naon baé nu katingali dina diri hiji jalma, sabab tetep nu bakal ditingalimah kahirupan panungtunganana, naha hadé atawa henteu. Sabab amal téh ditingali dina akhirna, hartina, sing saha jalmana nu dituliskeun atawa ditetepkeun kaimanana jeung kata'atanana dina akhir umurna, tuluy manéhna kufur jeung milampah maksiyat, tapi Alloh ngalungsurkeun taufik sareng hidayah-Na ka manéhna dina panungtungan hirupna, tur manéhna maot dina kaayaan tobat, sadar pinuh ku karumasaan kana sagala lampah salahna, tegesna Husnul Khotimah. Maka manéhna bakal jadi ahli sawarga.

Tah dina raraga urang miharep supaya panungtungan hirup urang téh hadé, tegesna Husnul khotimah. Al-Affani ra. dina kitabna "Sakb Al-'Abarat" ngajelaskeun, ngeunaan sabab musababna ngahontal Husnul Khotimah, diantaranya: (1) istiqomah dina ibadah; (2) nancebkeun katakwaan; (3) hadé sangka ka alloh swt. (4) jujur; (5) rajin taubat; (6) éling kana maot, jeung (7) waspada kana hal-hal nu matak ngadeukeutan kana su'ul khotimah. diantaranya, nyaéta: rusakna akidah jeung milampah laku bid'ah dina ibadah, ibadah lahirna teu luyu reujueng ibadah bathin, biasa milampah maksiyat nu tuluy-tuluy dina migawéna, kapéngpéongan ku

dunya, nyimpang tina kaistiqomahan, nyalindung ménta tulung ka salian Alloh jeung nunda-nunda kana tobat.

Mudah-mudahan urang ka golong kana golongan jalma –jalma nu panungtungan hirupna hadé (husnul khotimah). tur mugia urang sadayana dipaparinan ku Alloh swt. Ka istiqomahan dina ibadah. Amiin ya Alloh Ya Robbal ‘Alamiin.

Wallohu A’lam bish-Showaab. ®

## 2. *Gambaran Dunya: Mungguhing Alloh nu Nyiptakeuna*

أَوْحَى اللَّهُ تَعَالَى إِلَى دَاوُدَ : بِدَاوُدَ مِمَّنْ أَلْتَبَا كَمَلِ جِبْتِهِ اجْتَمَعَتْ عَلَيْهَا الْكَحْبُ بِحُرُوفِهَا أَقْبَحُ أَنْ تَكُونَ كَلْبًا تَقْتَرُ مِنْهُمْ؟ بِدَاوُدَ كَتَبَ الْكَلِمَ وَالْقِرْنَ اللَّيْسَ وَالصُّوْتُ فِي النَّاسِ وَفِي الْأَجْرَةِ لَا يَجْتَمِعُ أَبَدًا (رَوَاهُ أَلْمَنْبِيُّ)

“...Alloh swt. Ngawahyukeun Ka Kanjeng Nabi Dawud a.s. kalayan Dawuhana-Na: Héh Dawud! perumpamaan dunya téh nyaéta ibarat bangké nu diriung ku anjing-anjing nu satuluyna éta bangké téh di séréd kaditu-kadieu. Naha anjeun resep jadi anjing, tuluy pipilueun nyényéréd éta bangké kaditu-kadieu ?. Héh Dawud ! sing hadé (lemah lembut) dina nyarita, sing sederhana dina maké pakéan. Kamasyhuran aran anjeun diantara manusa moal sarua salalawasna (reujeung nu dikumpulkeun) jaga di akhérat ” (Hadits Qudsy Riwayat Al-Madany).

Dawud nu dimaksud dina Hadits Qudsy di luhur nyaéta Nabi sareng utusan Alloh, ramana Nabi Sulaiman as. nu nyambung tuluy ka rundayan seuweu putuna nyaéta Kanjeng Nabi Ibrahim Al-Khalil a.s. anjeunna kalebet jalmi nu kacida getolna kana Ibadah sareng taqarrub (ngadeukeutkeun diri) ka Alloh swt. ku hal éta Nabi Muhammad saw. Ku anjeun kantos nyebat-nyebat nami Nabi Daud as. Kalayan dawuhan-dawuhana-na:

كَانَ عَبْدَ الْبَشَرِ (الْحَدِيثُ)

“Anjeunna (Dawud as.) manusa nu kacida getolna kana ibadah”

“....Puasa nu paling dipikaresep ku Alloh nyaéta puasanya Dawud, jeung sholat nu paling dipikaresep Alloh nyaéta sholatna Dawud. Anjeunna kulem sa- tengah-na wengi, tuluy nyaring ngalaksanakeun sholat wengi salami sa-pertilu-na,

saparantos kitu Anjeunna kulem deui sa-pergenep-na. Anjeunna puasa sadinten tuluy buka sadinten (kitu dilakonon téh salami sapanjang taun) sareng anjeunna teu pernah mundur lamun tepung reujeung musuh” (H.R. Syaikhoni).

*Prak paruasa anjeun! saperti puasana Daud, saéstuna Daud kalebet jalmi nu kacida getolna kana ibadah”* (H.R. Syaikhoni)

*“....Anjeunna (Dawud as.) pernah puasa satengah taun”* (H.R. Syaikhoni)

Nabi Dawud as. Nalika yuswa saratus taun masih kénéh jagjag belejag, kuat kana ibadah, ogé jihad fi sabilillah. Sakumaha nu digambarkeun ku Hadits Rosulullah saw. Nu diriwayatkeun ku Imam Ahmad: “Taya dahareun nu paling hadé nu didahar ku salah saurang diantara aranjeun kajaba éta dahareun téh tina hasil kasab leungeunna sorangan. Saéstuna Nabiyalloh Dawud as. tuang tina hasil kasab pananganna ku anjeun.”

Salian ti éta Kanjeng Nabi Dawud as. Mibanda suara emas nu halimpu matak dédengé-eun. Hal ieu téh luyu reujeung katerangan Hadits Nabi saw. Nalika Rosululloh saw. Nguping qiro’at shohabat Abu Musa Al-Asy’ari ra., anjeunna ngaraos reueus, sahingga nalika patepung sareng Abu Musa Al-Asy’ari ra. Anjeunna ngadawuh: “Bener-bener anjeun geus dipaparin suara suling tina sulingna kanjeng Nabi Dawud as.”

Aya hiji do’a diantara do’a-do’a-na Kanjeng Nabi Dawud as. :

*“...Ya Alloh saéstuna jisim abdi nyuhunkeun muga tiasa mikacinta Anjeun Gusti, ogé mikacinta jalma nu mikacinta Anjeun Gusti, sareng mugia tiasa midamel amalan nu tiasa ngadugikeun ka jisim abdi pikeun mikacinta Anjeun Gusti. Ya Alloh jantenkeun kacintaan abdi ka Anjeun Gusti ngalangkungan kacintaan abdi ka diri abdi pribadi, ka kulawarga jisim abdi (bojo sareng para putra jisim abdi) ogé kana cai nu tiis (dina nalika kaayaan hanaang di sagara keusik)”.*

Dina Al-Qur’an ogé seueur ayat nu nyabit-nyabit sejarah kahirupanna Kanjeng Nabi Dawud as. diantawisna dina surat Shad: 26:

*يَا دَاوُودُ إِنَّا جَعَلْنَاكَ خَلِيفَةً فِي الْأَرْضِ فَاحْكُم بَيْنَ النَّاسِ بِالْحَقِّ .....“*

*“...Yeuh .... Dawud ! saéstuna kami ngajadikeun manéh kholifah di bumi ! nya prak geura méré putusan di antara manusa kalawan bener...”*(Q.S. Shod [38]: 26)

Ogé kaunggel dina ayat 10 Qur’an Surat Saba’:



وَلَقَدْ آتَيْنَا دَاوُودَ مِنَّا فَضْلًا يَا جِبَالُ أَوِّبِي مَعَهُ وَالطَّيْرَ وَأَلَنَّا لَهُ الْحَدِيدَ

“...Jeung saéstuna Kami geus maparin kurnia ka Dawud ti Kami: ‘Yeuh gunung-gunung jeung manuk-manuk, pindo deui pujian téh bareng jeung manéhna, jeung Kami geus ngaleuleuskeunnn beusi pikeun manéhna (Dawud)”. (Q.S. Saba’[34]::10).

Sareng dina Qur’an Surat Al-Isra’ ayat 55:

وَآتَيْنَا دَاوُودَ زَبُورًا

“..Jeung Kami geus maparin ka Dawud (kitab) Zabur” (Q.S. Al-Isra’[17]:55).

Keterangan nu munggaran diluhur, mangrupikeun sajarah kahirupan Kanjeng Nabi Dawud as. nu kacutat dina Al-Qur’an Dawuhan Alloh swt. Ogé dina Hadits Dawuhan Nabi saw.

Salajengna urang ngabahas Hadits Qudsy di luhur nu eusina mangrupikeun wahyu Alloh swt. nu didugikeun ka Kanjeng Nabi Dawud as. ngalangkungan malaikat Jibril as. ngeunaan gambaran dunya nu pinuh ku hawa nafsu syahwat nu kacida hinana, sareng kanikmatan nu kacida nipuna. Kukituna kacida hinana nu nyalahgunakeun dunya atawa nyimpang tina garis nu geus ditangtukeun ku Alloh swt. Sahingga digambarkeun dina éta Hadits Qudsy, yén dunya téh ibarat bangké nu diriung ku anjing-anjing nu satuluyna éta bangké téh di séséréd kaditu-kadieu.

Kanjeng Nabi Dawud as. dipaparin paréntah ku Alloh swt. Supaya teu midamel kalakuan saperti nu digambarkeun dina hadits Qudsy éta, nyaéta lir ibarat anjing nu ngariung bangké bari nyényéréd éta bangké kaditu-kadieu. Nya bangké téh gambaran dunya nu serba nipu. Dunya nu samodél kitu nu salilana ngaganggu, ngagoda, bari ngadorong pikeun kumawasa bari dina pamustunganana teu ngahasilkeun buah sareng hasil nu nyugemakéun. Sabab salalawasna ngadorong pikeun ngalakukeun kama’shiyatan, sareng kaleuleuwihi dina ngumpulkeunana. Ngeunaan dunya samodél kitu digambarkeun dina Al-Qur’an Surat Yunus ayat 24:

إِنَّمَا مَثَلُ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا كَمَاءٍ أَنْزَلْنَاهُ مِنَ السَّمَاءِ فَاخْتَلَطَ بِهِ نَبَاتُ الْأَرْضِ مِمَّا يَأْكُلُ النَّاسُ  
وَالْأَنْعَامُ حَتَّى إِذَا أَخَذَتِ الْأَرْضُ زُخْرُفَهَا وَازَّيَّنَتْ وَظَنَّ أَهْلُهَا أَنَّهُمْ قَادِرُونَ عَلَيْهَا أَتَاهَا  
أَمْرُنَا لَيْلًا أَوْ نَهَارًا فَجَعَلْنَاهَا حَصِيدًا كَأَن لَّمْ تَغْنَبِ بِالْأَمْسِ ۚ كَذَلِكَ نُفَصِّلُ الْآيَاتِ لِقَوْمٍ  
يَتَفَكَّرُونَ

“...Saéstuna taya lian misil (perumpamaan/gambaran) kahirupan dunya téh lir ibarat cai (hujan) anu ku Kami diturunkeun ti langit, tuluy éta cai téh pacampur jeung tutuwuhan bumi ti antara barang anu sok didahar ku manusa jeung sasatoan, nepi ka upama bumi nembongkeun kaéndahan jeung sinangling ku papaésna, sarta disangka ku nu marelakna maranéhna rék mupu hasilna, ujug-ujug tumiba ka dinya hukuman Kami ti peuting atawa ti beurang, tuluy ku Kami (éta tutuwuhan) téh diludeskeun béak sapisan, nepi ka lir anu can kungsi aya tutuwuhan ti kamarina. Nya kitu Kami ngawincik ayat-ayat pikeun kaom anu malikir” (Q.S. Yunus [10]: 24).

Jadi jelas, ayat nu munggaran maparin gambaran yén dunya katut eusina ukur samentara, subur numatak uruy tapi nalika geus nepi kana bates waktu nu geus ditangtukeun ku Alloh swt. maka dunya ieu bakal sirna ilang, rusak ku sifatna anu fana (kakeunaan ku rusak) hamo langgeng abadi.

Kukituna dina Hadits Qudsy di luhur Alloh maparin pituduh sareng jalan kaluar pikeun salamet tina tipu-dayana dunya, ku cara ngahias diri ku akhlak nu pinuji. Anapon diantawis akhlak pinuji téh nyaéta:

*Nu kahiji*, Hadé dina nyarita, hartina dina nyarita kudu méré manfaat ka sasama, ogé ku caritaan éta téh bisa ngahudang rasa pikeun silih pikaasih, silih pikanyaah, silih tutupan kana kakurangan masing-masing, henteu kasar garihal, sombong, ujub, jeung riya. Salilana ngucapkeun kalimat nu hadé kaasup ngalobakeun ngucapkeun kalimat *toyiyibah* (tauhid/Laa Ilaaha Illalloh).

Kalimat tauhid téh lir ibarat hiji tangkal nu kacida suburna, akarna nanceb pageuh dina bumi sedengkeun dahanna ngajul nepi ka luhur langit, tur buahna subur satiap datangna usum (Q.S. Yunus [10]: 24-25). Salian ti éta kaasup kalimat *toyiyibah* téh nyaéta ngajak ka sasama pikeun ngalakukeun kahadéan, ngajak nyinglar laku lampah kamunkaran. Rosululloh saw. Ku anjeun ngadawuh ku dawuhanna:

إِنِّهُ التَّارَ وَلَوْ بِشِقِّ شَرَّةٍ فَمَنْ لَمْ يَحِدْ فَكَلِمَةٌ طَيِّبَةٌ (رواه أحمد)

*“..Jaga diri anjeun tina seuneu naraka, najan ku sakeureut korma. Lamun sakeureut korma éta teu boga, maka prak nyarita nu hadé (ku kalimat Toyibah).”* (H.R. Ahmad).

Ogé dina hiji mangsa Kanjeng Nabi saw. Ditaros ku salah saurang shahabat: “Carioskeun ka abdi ya Rosulullah hiji hal nu mastikeun abdi lebet kana sawarga !” Rosulullah s.a.w. ngawaler ku Dawuhanana: “Perkara nu mastikeun bakal ngasupkeun ka sawarga téh, nyaéta: (1) méré dahareun, (2) nyebarkeun salam jeung (3) nyarita nu hadé”. (Al-Hadits). Miturut riwayat nu lian: “(1) méré dahareun, (2) nyebarkeun salam, (3) nyarita nu hadé, jeung (4) ngalakonan sholat peuting nalika jalma-jalma keur talibra saré. Mun nu opat perkara ieu dilakukeun, tanwandé anjeun bakal asup ka sawarga kalayan salamet”.

*Nu kadua*, sederhana dina maké perhiasan/pakéan, teu perlu pakéan nu mahal hargana, sabab bakal nimbulkeun rasa riya, hayang ditingali éndah ku batur. Jeung sajaba éta, Dina hal ieu Ibnu Umar r.a. pernah ditanya ku hiji jalma: “Anggéan nu mana nu hadé sareng anggéan naon nu pantes dianggéna ?” Anjeunna ngawaler: “Nyaéta pakéan nu sakirana teu dihina ku jalma nu budi parangina goréng jeung teu dihina ku jalma nu budi parangina hadé”. Tuluy jalma éta nanya deui: “Janten nu kumaha atuh?” Anjeunna ngawaler deui: “nu sedeng baé, mahal teuing henteu murah teuing ogé henteu”.

Kaunggel dina riwayat sanés kantos Rosululloh saw. Di taros ku shahabat Tsauban r.a.: “Ya Rosululloh naon nu disebut cekap dina kahirupan di dunya ieu pikeun jisim abdi ?” Rosulullah saw. Ngawaler: “Nyaéta Hiji perkara nu bisa matak waregna beuteung anjeun, nu bisa nutupan aurat, mibanda imah tempat geusan ngiuhan tina usum panas

jeung tiris, ogé mibanda tutumpakan éta kaasup hadé/cukup dina kahirupan dunya”.

*Nu katilu*, henteu nyalahgunakeun kahirupan dunya, sahingga teu nyimpang tina garis nu geus ditetepkeun ku Alloh swt. Préstasi, kamasyhuran nu geus dipibanda hamo sarua reujeung pahala nu bakal katarima di akhérat jaga, bisa baé di dunya masyhur, punjul dina préstasi, tapi di akhérat hinana luar biasa. Lain pahala nu aya tapi bahla nu tumiba, Na’udzu billahimin dzalik. Lamun éta kamasyhuran, préstasi, reujeung kaunggulan dina kahirupan téh disalahgunakeun teu luyu reujeung nu maparin éta sakabéh nyatana Alloh swt.

Ku kituna kacida bagjana jalma-jalma nu mibanda kasuksésan, kamasyhuran, ogé pinujul dina préstasi boh di dunya ogé di akhérat. Ku jalan ngalaksankeun tilu anjuran paréntah nu ngalangkungan wahyu nu didugikeun ka Kanjeng Nabi Dawud as di luhur. Mugia urang sadayana kalebet kana golongan jalma-jalma nu suksés di dunya ogé suksés di akhérat. *Amiin ya Alloh ya Robbal’AlAmiin.*

Wallohu A’lam bish-Showaab. ®

### ***3. Rohmat Alloh swt Langkung Jembar Batan Bendu-Na***

“...Diriwayatkeun ti Anas Ngadawuh: Alloh panjeunna nyarios: “Kami ngadéngé Rosululloh Ngadawuh: “Yeuh anak adam satemenna salila maranéh ménta ka Kami jeung miharep ka Kami, maka Kami pasti maparin hampura ka maranéh kana sagala dosa nu geus dilakukeun ku maranéh jeung kami teu paduli (kana dosa naon nu geus dilakukeun). Héh anak adam! sakirana dosa-dosa anjeun nembus ka méga, ngajul langit, tuluy maranéh ménta hampura ka Kami, maka Kami bakal maparin hampura ka maranéh. Héh anak adam ! sakirana maranéh datang ka Kami kalayan mawa dosa sapinuhna jagad, tuluy maranéh datang ka

*Kami bari dina kaayaan teu musyrik (midua) ka Kami, maka Kami bakal datang ka maranéh kalayan mawa hampura Kami sapinuhna jagad.”* (H.R. At-Tirmidzi, anjeunna nyarios hadits ieu téh hasan bari shohéh).

Miturut Imam Ibnu Ad-Daqiq Al'id ra., yén Hadits di luhur téh minangka hiji kabar gumbira nu kacida dina jagungna. Sabab ieu Hadits eusina minangka ka Maha Jembar-an Alloh raraga maparin hampura ka manusa tina sagala lampah-lampah dosa. Ogé , ka Maha Heman Manten-Na sarta mangrupikeun ka Maha Murah-an Alloh . Tur bisa disebut minangka hiji anugerah anu kacida agungna ti Alloh nu kacida minangka kanikmatan tina mangpirang-pirang kanikmatan Alloh seueurna nu hamo bisa diitung ku manusa nu narimana.

Geus jadi guratan nu Maha Kawasa yén hirup di dunya téh sarwa papasangan, aya hadé aya goréng, pon kitu kénéh dina ngisi kahirupan sapopoé ogé, urang moal leupas tina pagawéan nu hadé jeung pagawéan nu goréng. Tinggal urang salaku lalakon dina kahirupan urang sorangan ayeuna, rék mana nu dipilih, naha lampah hadé atawa lampah goréng ?. Mun seug urang milih kana lampah nu hadé, maka geura prak pigawé sagala bentuk pagawéan boh lahir pon kitu kénéh bathin ,I, kayaning taat kana sagala paréntah Alloh Inu dipikaridho ku Alloh ogé ngajauhan sagala nu dilarang ku Manten-Na nu hasilna bakal mawa ka urang kana jalan kasalamétan reujeung kabagjaan boh ayeuna di dunya ogé jaga di akhérat. Kitu kénéh sabalikna, mun seug urang milih lampah nu goréng maka geura prak pigawé sagala bentuk pagawéan nu matak nimbulkeun bendu tur ngakibatkeun dosa, kayaning ma'siyat, teu taat kana Alloh, jeung ngalakukeun sagala perkara nu dilarang ku paréntah Alloh Manten-Na, nu pamustunganana urang bakal nandangan lara balangsak, ogé kacilakaan boh di dunya ogé jaga di akhérat.

Tah dimana urang tanpa sadar . maparin kabar gumbira kalatawa keur sadar migawé lampah dosa, Alloh ., yén Manten-Na hamopurang saréréa ngalangkungan Hadits Nabi Muhammad bendu ka hiji jalma dimana si éta jalma ménta dihampura saréngsena bendumah nyaéta ka jalma nu ngalakukeun dosa. Justru nu matak Alloh ngalakukeun dosa, tuluy tumuwuh perasaan yén manéhna geus ngalakukeun , nu tungtungna manéhna peunggas dosa gedé nu hamo dihampura ku Alloh teu menta hampura. Tah sikep samodél kitu harepan kana rohmat Alloh. Jadi, dimana jalma-jalma nultéh kacida dipikabenduna ku Alloh ngalakukeun

dosa, boh nu leutik atawa nu gedé éta kabéh bakal dihampura . Salian ti dosa Musyrik (midua Manten-Na), dimana si étaIku Alloh kalayan nyukupan kana saratna tobat kaljalma ménta hampura ka Alloh. Alloh

Hal ieu téh luyu reujeung dina Hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Imam Rofi'i nu Dawuhan Alloh sumberna ti Najih bin Muhammad bin Muntaji' r.a., nu hartosna kieu:

*"....Kami hamo murka ka hiji jalma saperti murkana kami ka hiji jalma nu geus ngalakukeun ma'shiyat nu dianggap ku manéhna kaasup dosa gedé tuluy manéhna peunggas harepan tina ampunan Kami, sakirana kami ngagancangkeun hukuman kana sagala dosa nu dipilampah (ku manusa) tinangtu nu paling awal nu dihukum ku Kami nyaéta jalma nu peunggas harepan tina rahmat Kami, jeung sakirana kami acan maparin rohmat ka hamba-hamba kami, kajaba ku sabab sieunna maranéhna nangtung dihareupeun Kami, maka kami ngucapkeun syukur kana hal éta, turta Kami bakal ngajadikeun pahala maranéhna téh hiji kaayaan aman dimana manéhna nyanghareupan rasa kasieun". (H.Q.R. Rofi'i ti Najih bin Muhammad bin muntaji').*

Dina Al-Qur'an kaunggel mangpirang-pirang paréntah pikeun ngagancangkeun kana tobat ulah ka di engké-engké. Sabab, urang teu apal kana pondok jeung panjangna umur urang, kumaha lamun seug urang téh. nunda-nunda kana tobat geletuk baé urang téh kapapag ajal bari urang keur lamokot ku dosa meureun kaasupna ogé su'ul khotimah (goréng panungtungan hirup). Na'udzu Billaahi Min Dzaalik.

Tah kukituna, mangga gunakeun kasempétan luang hirup urang ayeuna lobakeun istighfar lobakeun ibadah , geura kukumpul amal sholeh ti ayeuna kénéh. Khususna pikeunIka Alloh para pamuda nu mangrupakeun generasi nu bakal neruskeun tapak lacak para karuhun bangsa, prak gunakeun kangoraan téh pikeun sosen-sosen ibadah, sosen-sosen nyiar élmu pangaweruh keur ngandelan kaimanan, Heurinan haté ku kayakinan, pinuhan akal ku pangaweruh kaagamaan, malah mandar hirup teu méngpar tina tetekon agama reujeung darigama, ulah kabawa ku sakaba-kaba ulah niru-niru budaya nu teu aya di agama urang nu suci. Urang jaga kasucian agama Islam ku jalan urang laksanakeun ajaran-ajaran

agama urang kalayan luyu reujeung conto ogé katangtuan-katangtuan nu .edicandak ku Rosululloh.

Ogé pikeun nu geus tarunggang gunung, mangga gunakeun sésa-sésa kasempétan ieu pikeun ibadah ka Alloh , da hakékatnamah boh nu umurna ngora ogé nu geus kolot kabéh ogé keurI antré (nunggu) giliran panggilan Nu Maha Suci kana mangsa datangna ajal, kana wanci-wanci diri keuna ku pati, kana waktu-waktu mundutna Nu Rahayu. Nya maot téa ngaranna. Tah, dimana urang rumasa lamokot ku dosa, geura prak tobat, lobakeun maca Istighfar (ménta dihampura) ka Alloh sanduk-sanduk kana sagala laku ning lampah nirca nu geus dipilampah nu matak kaduhungna diri tur benduna Gusti Nu Maha Suci. Ulah peunggas parantos, sabab Alloh Iharepan kana rohmat sareng ampunan Alloh jangji dimana urang neneda ka Manten-Na kana Ampunan sareng Rohmat-Na, maka Manten-Na ngajangjian hamo ngorétkeun, Manten-Na hamo nunda-nunda kana maparin hampura. Manten-Na bakal langsung ngahampura kana sagala dosa nu ku urang dilakukeun, kajaba hiji dosa nu hamo dihampura ku Alloh yatana dosa muyirik (midua ka Manten-Na). Sakumaha Dawuhan Alloh I dina Al-Qur'an Surat Az-Zumar ayat 53:

قُلْ يَا عِبَادِيَ الَّذِينَ أَسْرَفُوا عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ لَا تَقْنَطُوا مِن رَّحْمَةِ اللَّهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ جَمِيعًا ۗ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

“...Pok ucapkeun (ku anjeun Muhammad): “Yeuh Hamba-hamba Kami nu geus kaleuleuwih tur ngarugikeun disi sorangan. Tong peunggas harepan tina rohmat Alloh. Saéstuna Alloh Maha Lautan Hampura kana sagala dosa, tur Manten-Na Maha Ngahampura tur Maha Héman” (Al-Qur'an Surat Az-Zumar [39]: 53).

Kaunggel oge dina Al-Qur'an Surat An-Nisa ayat 48: Sareng Dawuhan Alloh

إِنَّ اللَّهَ لَا يَغْفِرُ أَنْ يُشْرَكَ بِهِ وَيَغْفِرُ مَا دُونَ ذَلِكَ لِمَنْ يَشَاءُ ۚ وَمَنْ يُشْرِكْ بِاللَّهِ فَقَدِ افْتَرَىٰ إِثْمًا عَظِيمًا

(Hamo “Saéstuna Alloh). Sareng Manten-Na ngahampuraIngahampura kana dosa syirik (midua Alloh dosa salian ti dosa syirik pikeun sing saha baé jalmana nu dikersakeun ku Manten-Na. Jeung sing saha jalmana nu syirik (midua Manten-Na) maka bener-bener manéhna geus ngalakukeun dosa nu kacida gedéna”. (QS.An-Nisa [4] : 48).

Kacindekanana, yén *istighfar* téh "*Tholabul Maghfiroh*" (ménta/miluruh hampura) nu jadi paréntah Alloh pikeun jalma nu geus milampah dosa. Malah hiji katerangan nu diuningakeun ku Abu Ayyub nalika anjeunna badé pupus, anjeunna nyarios ka shohabat-shohabat nu sanés: "Sabenerna kami masih kénéh nyumputkeun ka maranéh kabéh (héh dulur-dulur kami) hiji perkara nu ngadawuh:ε, yén Rosululloh epernah kadéngé ku Kami ti Rosululloh bakal 'Lamun tah maranéh kabéh henteu migawé dosa, tinangtu Alloh nyiptakeun makhluk séjén nu bakal migawé lampah dosa, tuluy Alloh maparin ampunan ka maranéhna'". (Dicutat tina syarah Hadits Ar-Bai'n-Nawawiyah).

Dina masalah *istighfar*, para ulama ngabagi kana tilu tingkatan. Tingkatan kahiji, nyaéta *istighfar-na swt*. Ipara Nabi sareng Rosul ku bentuk rasa syukur aranjeunna Ka Alloh Malihan dina kateranganmah teu pegat-pegat salamiina Kanjeng Nabi. Dina sadinten-sawengi ngaos *istighfar* saratus kali. Kungsi Muhammad: "Ya Rosululloh naha kunaoneSiti 'Aisyah ra. Tumaros ka Rosululloh salira téh nyuhunkeun dihapunten tina sadaya dosa, kapan saliramah bakal dihapunten tina sadaya ning dosa" parantos aya jamiinan ti Alloh Ngadawuh: "Naha teu pantes kami syukur kana ieu kabéhεMaka Rosululloh? (Maksudna, sagala anugerah sareng kanikmatan nu tos dipaparin ku ka anjeunna). "Alloh Tingkatan kadua, nyaéta *istighfar-na para* sareng para "*Salafush-Sholihin*" 'Auliya'a-Alloh" (para kakasih Alloh, dina nalika ngarasa kurang sampurnana syukur atawa ibadah ka Alloh Saterusna *istighfar* tingkatan katilu, nyaéta *istighfar-na jalma-jalma* nu geus milampah dosa kaasup urang sadayana.

Rosululloh kantos maparin paréntah ka Abu Bakar

...*Pok Ucapkeun: "Ya Alloh! saéstua jisim abdi parantos dzolim ka diri pribadi, kalayan dzalim nu kacida seueurna (dina riwayat sanés: dzalim nu kacida ageungna), sedengkeun teu aya deui nu bakal ngahapunten tina samudayaning dosa-dosa jisim abdi anging Anjeun Gusti, ku kituna hapunten dosa-dosa jisim abdi kalayan anugerah ampunan disagédéngéun Anjeun Gusti, sareng mugia Anjeun Gusti mikawelas ogé mikahéman jisim abdi, saéstuna anjeun Gusti Maha Jembar Hampura sareng Maha Mikahéman* (H.R. Mutafaqun Alaih).

Kanjeng Nabi ngadawuh, yén rajana *Istighfar* téh nyaéta:



“...Ya Allah! anjeun téh Pangéran abdi, teu aya deui nu wajib disembah anging Anjeun Gusti, Anjeun nu parantos nyiptakeun abdi, sedengkeun abdi téh hamba Anjeun Gusti, abdi netepan kana ikrar jisim abdi ka Anjeun Gusti sareng yakin kana jangji-jangji Anjeun Gusti (dina poé kiamat) samampu jisim abdi, abdi nyalindung ka Anjeun Gusti tina sagala kaawonan nu ku jisim abdi dipidamel, abdi rumaos tur nampi kana sagala kanikmatan nu parantos dipaparinkeun ku Anjeun Gusti sareng abdi rumaos kana sadaya dosa-dosa jisim abdi, saéstuna teu aya deui nu bakal ngahapunten kana dosa-dosa jisim abdi anging Anjeun Gusti” (H.R. Imam Bukhari nu sumberna ieu). Hadits ieu téh sumpingna ti Syadad bin ‘Aus.

Salian ti éta dina masalah urang , sakurang-kurangna kudu aya tilu hal nu kudu jadi tobat ka Allah ogé bakal mere isyarat jeung katangtuan éta tobat téh ditampi ku Allah ngahasilkeun hiji perobahan kana diri jalma nu tobatna, diantaranya nyaéta: *Nu Kahiji*, ayana niat nu bijil tina ati nu suci, beresih, pinuh ku kaikhlasan, reujeung tumuwuhna rasa karumasaan, rasa kasadaran pikeun tobat ka Allah swt;

*Nu Kadua*, ayana rasa kaduhung, nu ku rasa kaduhung éta téh sahingga bijilna ikrar: "ngagurat jagat, neukteuk leukeur, meulah jantung" moal migawé-migawé deui lampah dosa;

*Nu katilu* Ngajauhkeun diri tina sagala lampah ma'shiyat reujeung sabab-musabab lampah nu ngakibatkeun dosa, jeung

*Nu Kaopat*, nyaéta ngabéréskeun sagala haqul adami, hartina ngabéréskeun sagala dosa ka sasama, hartina urang kudu ménta hampura ka sasama nu kungsi ku urang dinyényeri, boh lahirna kitu kénéh bathinna. Mudah-mudahan urang kagolong kana golongan jalma-jalma nu teu peunggas harepan kana rohmat sareng ampunan Allah. *Amiin Ya Allah Ya Robbal 'Alamiin*.

Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

#### 4. *Ujian Allah swt*

أَحْسِبَ النَّاسُ أَنْ يُتْرَكُوا أَنْ يَقُولُوا ءَامَنَّا وَهُمْ لَا يُفْتَنُونَ وَلَقَدْ فَتَنَّا الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۗ فَلَيَعْلَمَنَّ اللَّهُ الَّذِينَ صَدَقُوا وَلَيَعْلَمَنَّ الْكٰذِبِينَ

"...Naha manusa nyangka, yén maranéhna diarantep lamun geus nyarita: "Kami téh geus iman", sedengkeun maranéhna henteu diuji deui? Jeung satemennna Kami geus mnguji ka jalma-jalma nu samemeh maranéhna, maka saéstuna Allah

apal ka saha jalma nu bener, jeung saha jalma-jalma nu barohong. (QS. Al-Ankabut[29]: 2-3).

Ayat ieu ngajelaskeun ka urang sadayana, yén salah sahiji konsekuensi pernyataan iman urang sadayana, nyaéta urang kudu siap mayunan ujian nu dipaparin ku Alloh Subhannahu wa Ta'ala, ha lieu téh pikeu ngabuktikeun sa jauh mana kaimanan urang sanggeus urang ngaku yén diri urang téh iman ka Alloh swt. Naha iman urang téh bener-bener number kana kayakinan haté, atawa ukur aku-akuan wungkul sahingga teu apal arah jeung tujuan, atawa iman urang téh ukur kajurung ku kapentingan, haying meunang kaunggulan tapi wegah ngarandapan ujian sakumaha nu digambarkeun ku Alloh Subhannahu wa Ta'ala dina Al-Qur'an surat Al-Ankabut ayat 10:

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَقُولُ آمَنَّا بِاللَّهِ فَإِذَا أُوذِيَ فِي اللَّهِ جَعَلَ فِتْنَةَ النَّاسِ كَعَذَابِ اللَّهِ وَلَئِنْ جَاءَ نَصْرٌ مِنْ رَبِّكَ لَيَقُولُنَّ إِنَّا كُنَّا مَعَكُمْ أَوْ لَيْسَ اللَّهُ بِأَعْلَمَ بِمَا فِي صُدُورِ الْعَالَمِينَ

“...Jeung diantara manusa aya nu nyarita: “Kami ariman ka Alloh”, maka nalika manéhna ditadasa (sabab manéhna ariman) ka Alloh, manéhna nganggap fitnah manusa éta minangka azab Alloh. Jeung nalika datang pitulung ti pangéran anjeun, pasti maranéhna bakal nyarita: “Satemenna kami bareng jeung Anjeun. Naha manéh teu apal yén satemenna Alloh leuwih apal kana naon-naon nu aya dina dada-dada manusa”? (QS. Al-Ankabut[29]: 10).

Lamun urang geus ngaku iman jeung miharep ngalap amisna buah kaimanan nu ku urang dipibanda, yakni Sawarga sakumaha nu dijanjikeun ku Alloh Subhannahu wa Ta'ala. Lamun urang geus ngaku iman jeung miharep ngalap amisna buah kaimanan nu ku urang dipibanda, yakni Sawarga sakumaha nu dijanjikeun ku Alloh Subhannahu wa Ta'ala:

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ كَانَتْ لَهُمْ جَنَّاتُ الْفِرْدَوْسِ نُزُلًا

“...Saéstuna jalma-jalma nu airman bari ngalakukeun amal sholeh, maka pikeun maranéhna Sawarga Firdaus jadi padumukana” (QS. Al-Kahfi [18]: 107).

Ku hal éta Maka hayu urang siap-siap pikeun mayunan ujian beurat nu bakal akan di paparin ku Alloh ka urang sadayana, jeung sing sabar dimana ujian datang. Alloh mapain sindiran ka urang sdayana nu haying asup Sawarga tanpa ngaliwatan ujian nu beurat.

أَمْ حَسِبْتُمْ أَنْ تُدْخَلُوا الْجَنَّةَ وَلَمَّا يَأْتِكُمْ مَثَلُ الَّذِينَ خَلَوْا مِنْ قَبْلِكُمْ مَسْتَهْمِرِينَ وَالضَّالِّينَ الَّذِينَ هُمْ يُرْسِلُونَ وَالَّذِينَ آمَنُوا مَعَهُ مَتَى نَصُرَ اللَّهُ أَلَا إِنَّ نَصْرَ اللَّهِ قَرِيبٌ

“...Naha maranéh nyangka bakal asup sawarga, sedengkeun tacan datang ka maranéh (cobaan) sakumaha halna jalma-jalma samemeh maranéh? Maranéhna ditibanan kasusah jeung kasangsaraan, sarta digunjang-genjongkeun (ku mangpirang-pirang cobaan) sahingga Rasul jeung jalma-jalma nu airman nyarita: “iraha atuh dongkapna pitulung Alloh?” maka dijawab ku Alloh: “Sing inget! saenyana pitulung Alloh téh deukeut”.. (QS. Al-Baqarah [2]: 214).

Rosululloh Shallallaahu alaihi wa salam maparin gambaran yén kacida beuratna perjuangan jalma-jalma baheula dina perjuangan maranéhna mempertahankankeun kaimanan,

Mudah-mudahan urang kalebet golongan anu lulus tina ujian Alloh swt. Tur urang bisa salamet tina ujian nu geus ditetepkeun ku Alloh ka urang. *Amin*.

Wallohu A'lam bish-Showaab. ©

## 5. Nudipilih Alloh swt. Jadi Ahli Sawarga

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ إِنَّ زَلْزَلَةَ السَّاعَةِ شَيْءٌ عَظِيمٌ. يَوْمَ تُرْوَنَهَا نَذَلَ كُلَّ مَرْضِعٍ مَمَّا أَرْضَعَتْ وَتَضَعُ كُلُّ ذَاتٍ حَمْلٍ حَمْلَهَا وَتَرَى النَّاسَ سُكَارَىٰ وَمَا هُمْ بِسُكَارَىٰ وَلَٰكِنَّ عَذَابَ اللَّهِ شَدِيدٌ (الحج: 1-2)

“...Yeuh Manusa! Geura tarakwa maranéh ka pangéran maranéh, karana saéstuna lini kiamat téh kajadian anu kacida rongkahna. Dina poéan maranéh ningali éta kajadian téh, atwéwé nu keur nyusuan lat poho ka budakna nu keur disusuan, jeung atwéwé nu keur kakandung jadi galugur kandunganana, jeung maranéh bakal ningali jalma-jalma marabok padahal maranéhna henteu mabok, lantaran siksaaan Alloh téh kacida bangetna.” (Q.S.Al-Hajj [22]1-2).

Jaga dina poé kiamat, Alloh swt. nyauran Nabi Adam as. Pikeun maparin informasi hiji perkara. Tuluy baé Kanjeng Nabi Adam as. Téh Gura-giru nohonan kana panyaur Alloh swt. sareng siap-siap pikeun ngalaksanakeun naon baé paréntah nu badé didugikeun ku Alloh ka anjeunna. Saparantos kanjeng Nabi Adam as. Aya dipayuneun Alloh swt. Tuluy Alloh Ngadawuh: “Héh Adam ! Kumpulkeun kabéh anak turunan anjeun, tuluy pilihan ku anjeun maranéhna tina jumlah nu 1000 urang pilih

ku manéh 999 urang pikeun jadi ahli naraka jeung sésakeun hiji pikeun jadi ahli sawarga” . saparantos nampi paréntah Alloh swt. Tuluy Kanjeng Nabi adam as. téh ngalaksanakeun bari imeut pinuh ku kata’atan.

Pedaran carita di luhur téh kacutat dina matan (eusi) hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Imam Ath-Thobrony, nu lengkepna Hadtis téh nyaéta:

*“...Alloh swt. Ngadawuh dina poé kiamat: “Héh Adam! kumpulkeun jeung siapkeun ti anak turunan anjeun 999 urang (pikeun ditempatkeun) dina naraka, jeung pilih saurang (ti antara maranéhna) pikeun ditempatkeun dina sawarga” (Nalika Rosulullaoh saw. Nampi ieu wahyu (hadits Qudsy) tuluy diidugikeun ka para shohabat, anjeunna nyegruk nangis, kitu ogé para shohabat sami pada narangis, teu lami anjeunna Ngadawuh: ‘Angkat sirah anjeun wahai para shohabat kami ! demi Alloh nu jiwa kami aya dina kakawasaan Manten-Na, (dibandingkeun) jeung ummat-umat Nabi nu lian, ummat kami éstu lir ibarat salambar bulu bodas (nu aya) dina kulit sapi jalu nu buluna hideung”*. (Hadits Qudsy Riwayat Imam Ath-Thobrony dina kitab Al-Kabir nu nyumber datangna ieu Hadits téh ti Abud-Darda r.a).

Kacindekanana tina eusining Hadits Qudsy di luhur, yén nu bakal jadi ahli sawarga téh geuningan kacida saeutikna. Mun di proséntase-keun-mah meureun 99 % bakal jadi ahli naraka 1 % deui sésana bakal jadi ahli sawarga (mudah-mudahan urang kalebet kanu 1 %. Amiin).

Mémang mun seug urang pirajeuneun niténan kaayaan zaman kiwari, éstu matak pikahariwangeun, sabab ampir deukeut kana kaayaan, yén umat islam (kaasup urang) ayeuna geus kaeunteupan rasa wegah, rasa horéam malah leuwih parahnamah ninggalkeun léngkah kaislaman. Tegesna, ampir saparona umat islam téh geus teu sieun deui ku aranna ancaman-ancaman ti Alloh nu ngalangkungan bahasa agama nu kacutat dina Al-Qur’an dimana maranéhna ngarempak larangan Alloh jeung ninggalkeun paréntah Manten-Na. Nu parahna deui ayeuna geus nerekab

ajaran-ajaran nu jiga Islam padahal lain, hartina syahadatnamah sami sapertos urang tapi dina tata cara laku ibadahna geus méngpar tina katangtuan-katangtuan agama islam nu dicandak ku Rosululloh Muhammad saw. Nu antukna jalma kafir mungkin pagiling gisik, nu kufur mungkin mahabu, nu doraka mungkin pabalatak, nu ma'shiyat mungkin kuat, nu ngalakukeun dosa asa kumawasa. Daék teu daék kitu kaayaan zaman kiwari. Urang salaku umat islam kudu boga rasa kahariwang, kudu aya rasa kawatir jeung karingrang.

Coba mun seug urang nyoréang kana mangsa katukang dina salami 23 taun Kanjeng Nabi Muhammad saw. toh pati jiwa raga, dugi ka mandi késang geutih, ngorbankeun harta, daya jeung upaya pikeun nyumiratkeun cahaya kaimanan jeung kaislaman. Sahingga, cahaya islam sumirat ka saban nagri nu aya di sakuliah dunya, ti mimiti tempat bijilna panon poé, dugi ka tempat surupna panon poé, tug dugi ka wanci kiwari. Hal ieu nuduhkeun bukti kana kasuksésan Kanjeng Nabi Muhammad saw. Dina dakwahna.

Tapi ayeuna urang kantun raosna, apalna urang ka Islam téh teu kedah mayunan gurilapna seukeutna pedang, nyekelna urang kana iman katauhidan téh teu kedah mayunan seukeutna congo mata tombak jeung panah. Kantun kaikhlasan, karélaan reujeung kasadaran urang dina ngagemna. Tapi najan bari kitu, loba diantarana baraya urang, ogé teu nutup kamungkinan kaasup urang, terkadang tanpa sadar sangeunahna ngarusak, sangeunahna ngarurujad tatanan-tatanan kahirupan nu tos diwangun ku Kanjeng Nabi Muhammad saw., laku lampah jahiliyah nu baheula ku Kanjeng Nabi saw. di rubah nepi ka musnah, ayeuna malah dipilampah, pangaruh kahirupan bébas nu matéarilistis nu sagala ngandelkeun kana matéri, lahir ginding tapi bathin busitin, kosong molongpong taya pisan rasa kaisin ka Nu Maha Suci, prinsip hirup hédonisme geus nerekab, asal ngeunah diri pribadi teu paduli ka sasama, maké pakéan nu témbong aorat malah aya diantarana nu ngahaja muka-muka aorat diantara kaum rumaja Islam putri nu geus kapangaruhan

budaya-budaya barat nu matak pikawatireun geus jadi gaya kahirupan sapopoé ti mimiti urang kota nepi ka urang lembur geus ngabudaya,

Pangaruh alkohol nu saur kanjeng Nabi-mah "Ummul Khoba'its" bibitna rurujit, bapana kagoréngan, indungna kakufuran, diantarana obat-obat nu dilarang ku agama jeung darigama nu matak mawa mafsadat, kayaning narkotika jeung obat-obat adiktif liana geus jadi trend dikalangan kaum rumaja islam, malah aya diantarana kolot nu geus bau taneuh ogé milu ngokojoan dina ngonsumsina. Hal ieu téh nuduhkeun bukti, yén umat islam ayeuna geus jauh kana kaislamana, ngaku Islam, ngaku iman, tapi kaislamana reujeung kaimanan teu napak dina kahirupan, malah jauh tina kaimanan reujeung kaislamana.

Dumasar kana hal éta pisan, urang kudu kacida iatna kudu ati-ati, sabab hal ieu téh ku musuh-musuh islam-mah dianggap hiji kaunggulan, ku jalan maranéhna ngawowoy umat Islam khususna nu aya di Indonesia umumna nu aya di sakuliah dunya, supaya poho kana purwadaksi, jadi ilang jati diri kaislamannana, jeung hiji nu jadi tujuan utamana maranéhna (para musuh islam) nyatana "Ancurna Islam" ku jalan nginjeum leungeun umat Islam sorangan. Cindekna palebah dieu urang kudu introspeksi diri, muhasabah diri, béh mana urang ngaku islam, béh mana ngaku umatna kanjeng Nabi Muhammad saw. ari laku lampah patoja'iyah tegesna méngpar tina laku lampah nu geus dicontokeun ku Kanjeng Nabi Muhammad saw., tur masih kénéh lalawora kana paréntah sareng ajaran nu dicandak ku Manten-Na.

Urang kudu sadar yén musuh-musuh islam tanpa di sadari ku urang geus nanceubkeun siasatna, supaya umat islam téh ngéwa kana ajaran agamana sorangan nyatana Islam.

Kukituna, mangga dina danget ayeuna pisan hayu urang bebenah, hayu urang oméan diri urang ku jalan urang ngabéberés ibadah urang, urang sampurnakeun kaimanan urang, urang tingkatkeun katakwaan

urang, urang jaga, urang riksa agama urang nyatana islam supaya islam tetep linuhung tur agung, sok sanaos islamnamah ti kawit disébarkeun ku Kanjeng Nabi saw. Tug dugi ka kiwari tetep agung tur linuhung, ngan kantun urangna salaku umatna nu boga tugas pikeun mempertahankankeun kalinuhungan tur kaagungan éta. Dimana urang tos ngalakukeun hal-hal anu méngpar dina katangtuan, geuwat urang sadar, langsung tobat, "ngagurat jagat, neukteuk leukeur, meulah jantung" moal migawé-migawé deui hal samodél kitu. Atuh dimana urang rék ngalakukeun dosa, geuwat inget kana prinsip ulah ningali leutik jeung gedéna dosa, tapi tingali ka saha urang ngalakukeun dosa. Sabab, bebendon Alloh nyumput dina dosa nu dilakukeun ku urang sadayana.

Kukituna, urang kedah ati-ati dina raraga urang sadayana ngisi kahirupan di alam dunya ieu. Tur urang kudu inget kana dawuhan Rosululloh saw nu kaunggel dina Hadits Qudsy di luhur, yén geuningan nu bakal jadi ahli sawarga téh ukur saeutik. Sahingga kanjeng Nabi saw. Nalika ngadugikeun ieu Hadits ka para shohabatna anjeunna nyegruk nangis pinuh ku rasa kahariwang, anjeunna sieun umatna kalebet ka golongan nu 99 % jadi ahli naraka. Tapi didieu Rosululloh sw. Maparin iber nu matak bagja, yén umatna bakal loba nu meunang taufik sareng hidayah Alloh swt. Mémang mun ditingali tina jumlah, saeutik umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh, dibanding sareng umatna Nabi-nabi baheula, sahingga Kanjeng Nabi saw. Ngagambarkeun yén umatna téh lir ibarat salambar bulu bodas (nu aya) dina kulit sapi jalu nu buluna hideung. Tapi najan bari kitu, urang kedah ngaraos reugreug, sabab dina Al-Qur'an parantos dijelaskeun, yén umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh kaasup kana golongan sahadé-hadéna Umat, nu mibanda tugas pikeun maréntahkeun kahadéan jeung nyegah kamunkaran. Kukituna, sawadina urang kudu bisa ngajaga sakuat tanaga kana kadudukan nu istimewa ieu. Tur ngajaga kahormatan agama urang nyatana agama Islam.

Hadits Qudsy di luhur salian di riwayatkeun ku Imam Ath-Thobrony diriwayatkeun ogé ku Imam Bukhori dina Kitab "Shohih-na" nu

leuwih panjang lebar nu nyumber ti Shohabat Abu Sa'id Al-Khudry r.a. nu hartosna éta Hadits téh nyaéta:

"Rosululloh saw. Ngadawuh: Alloh swt. Ngadawuh dina poé kiayamat: "Héh Adam!". Kanjeng Nabi Adam as. ngawaler: "Abdi sadaya unjukan kana pidawuh gusti, duh pangéran abdi-abdi sadaya sareng demi kabagjaan nu parantos dipaparinkeun ku anjeun Gusti, ka abdi-abdi sadaya". Tuluy Kanjeng Nabi Adam as. di sauran deui ku hiji sora: "Saéstuna Alloh maréntahkeun ka Anjeun héh Adam ! pikeun misahkeun sarombongan anak incu turunan anjeun pikeun dikirim kana naraka". Kanjeng Nabi Adam as. Naros: "Naon nu dimaksud sarombongan pikeun dikirim kana naraka téh ?". Alloh ngajelaskeun ku dawuhanana: "Pilih ku anjeun tina tiap-tiap 1000 urang, 999 urang'. Tah dina nalika dilaksanakeun paréntah éta, lumangsung mangpirang-pirang kajadian diantarana kajadian awéwé nu keur kakandung jadi galugur kandunganana, barudak leutik ngadadak huisan (rubah jadi kolot) katingali jalma-jalma marabok padahal maranéhna henteu mabok, ieu téh gambaran siksaan Alloh nu kacida bangetna. Jalma-jalma (para shohabat) nu harita nguping kana ieu kabar kabéh ogé ngarasa sieun, tur parias beungeutna pinuh ku rasa kasieun nu kacida.

Tuluy Kanjeng Nabi saw. Neraskeun deui dawuhanana: "Dibawa tina *Ya'juj* jeung *Ma'juj* 999, jeung tina golongan anjeun saurang. Lamun aranjeun dibandingkeun jeung jalma-jalma nu loba éta (umat-umat nabi baheula), ibarat salembur bulu hiedung (nu aya) dina kulit sapi jalu nu buluna bodas. Saéstuna kami (K.N.Muhammad saw.) miharep supaya aranjeun nempatan  $\frac{1}{4}$  jadi ahli sawarga". Tuluy kami (para shohabat) ngagungkeun Alloh (maca takbir). Teras Kanjeng Nabi saw. Nyambungkeun deui dawuhannana: "Kula miharep Sapertiluna jadi ahli syurga". Tuluy kami (para shohabat) ngagungkeun Alloh (maca takbir).Teras Kanjeng Nabi saw. Nyambungkeun deui dawuhannana:



“Kula miharep Satengahna jadi ahli sawarga”. Tuluy kami (para shohabat) ngagungkeun Alloh (maca takbir) deui. (Hadits Qudsy Riwayat Al-Bukhari).

Mudah-mudahan urang sadayana kaasup kana golongan saparo tina dawuhan Kanjeng Nabi Muhammad saw. Nu bakal jadi ahli sawarga. *Amiin ya Alloh ya Robbal ‘Alamiin.*

*Wallohu A’lam bish-Showaab.* ®

## *6. Syahadat Muhammad Rosululloh saw. Makna jeung Konsekuensina*

Satiap Muslim pasti mere kasaksian, ngaku yén satemenna Kanjeng Nabi Muhammad SAW. téh hamba jeung utusan Alloh SWT., tapi teu sakabéh umat nu ngaku Islam jeung nu ngaku iman paham tur ngarti kana hakékat nu bener tur ngeuna kana makna syahadat Muhammad Rosululloh, jeung ogé teu sakabéh umat isalm paham kana tuntutan jeung konsekuensi atanapi resiko jeung tanggungjawab nu kudu dilaksanakeun sanggeus ngikrarkeun syahadat éta. Dumasar kana hal éta pisan maka dina leresana ieu mangga urang guar deui makna nu bener tina syahadat Muhammad Rosululloh saw. jeung konsekuensina atanapi resiko jeung tanggungjawab nu kudu dilaksanakeun sanggeus ngikrarkeun syahadat éta.

Makna tina syahadat Muhammad Rosululloh saw., teu aya sanés minangka pangakuan lahir batin ti saurang jalma nu ngaku Islam jeung nu ngaku iman, tegesna nu Muslim jeung Mu’min. Yén satemenna Kanjeng Nabi Muhammad SAW. éta téh hamba jeung utusan Alloh, Abdullah wa Rasuluhu nu diutus pikeun sakabéh manusa di ieu alam dunya. Nu anjeunna téh minangka panutup para rasul-rasul samemehna.

Didieu urang bisa nyokot kacindekkan yén nu kacida penting tina syahadat Muhammad Rosululloh saw. aya dua hal, nu kahiji yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. Téh abdullah (hamba Alloh) jeung nu kadua yén Mantenna téh Rosululloh tegesna utusan Alloh swt nu nyandak risalah nu kudu disebarkeun ka manusa nu aya di ieu alam dunya. Dua hal ieu mangrupikeun rukun syahadat Muhammad Rosululloh saw.

Allah SWT, negeslken dina Al-Qur’an

قُلْ إِنَّمَا أَنَا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰ إِلَيَّ

“...Pok ucapkeun (ku anjeun Muhammad): “Saéstuna Kami téh saukur manusa biasa saperti maranéh, (ukur nu jadi beda anantara maranéh jeung kami téh) kami dibere wahyu .....” (Al-Kahfi [18]: 110).

Syaikh Muhammad bin Shalih Al-Utsaimin ngajelaskeun: yén dina ayat nu munggaran, Alloh maréntahkeun ka Kanjeng Nabi Muhammad

saw. pikeun ngabéwarakeun ka manusa kalebet urang sadayana yén mantena nyalira téh saurang hamba sami reujeung urang sadayana, sanés *Rabb* atanapi Pangéran.

أَنَا إِتْمَا عَبْدٌ فَفُولُوا عَبْدُ اللَّهِ وَرَسُولُهُ

“...Kami téh ngan saukur hamba sarua reujeung maranéh sakabéh, maka pok ucapkeun ku maranéh sakabéh yén kami téh hamba Alloh jeung Rasul-Na”. (HR. Al-Bukhari dan Muslim).

Makna ‘Abdulloh’ didieu yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. Teu boga hak dina urusan rububiyah (Kapangéranan) jeung dina hal-hal nu jadi kaistiméwaan Alloh . Kayakinan yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. hamba Alloh nuntut ka urang sadayana pikeun nempatkeun Mantenna dina tempat nu samistina, teu ngaleuwihkeun-leuwihkeun Mantena ku darajat nu teu sakuduna, sabab mantenna ngan saukur hamba Alloh nu teu mungkin naek darajatna jadi *Rabb* atanapi Pangéran. Kalebet ajaran nu kacida sasarna lamun aya kayakinan yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. bisa ngadatangkeun manfaat tur nolak mudharat sabab hal étamah hak mutlak Alloh salaku *Rabb*.

قُلْ إِنِّي لَا أَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَلَا رَشَدًا

“...Pok Ucapkeun ku Anjeun Muhammad: “satemenna Kami teu kuasa ngadatangkeun kamudharatan ka arajeun sakabéh ogé teu bisa mere kemanfaatan” (Al-Jin [72]: 21).

Tapi didieu aya sapaalih ulama nu nyarios kalayan boga pamadeggan yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. minangka wasilah atanapi cukang dina nalika urang ngajengkeun do’a ka Alloh swt. Tuluy Kecap “Muhammadur-Rosululloh” nuntut ka urangs sadayanakita pikeun percaya sagemblengna kana risalah nu di dugikeun ku mantenna, ngalaksanakeun ibadah kalayan syare’at nu dicandak ku mantenna, teu ngabohongkeun, teu nolak kana naon-naon nu ku mantenna dicarioskeun ogé nu dilakukan.

Saurang Muslim nu iman atanapi percaya yén Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh hamba sareng utusan Alloh , dituntut pikeun ngawujudkeun sababaraha hal minangka bukti tina kaimanannana. Anapon Hal-hal nu wajib diwujudkeun nu minangka konsekuensi

syahadat Muhammad Rosululloh dinatarana baé: *Nu kahiji*, Ngabenerkeun tur narima kana sagala cariosan khabar nu sumpingna ti Rosululloh saw.

Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh Rosululloh utusan Alloh nu diistiméwakeun ti manusa séjénna kalayan wahyu, maka nalika Mantenna masihan béja nu katukang ogé nu bakal datang, maka béja éta téh sumberna tina wahyu Alloh swt nu kabenerannana teu meunang diragukeun deui. Ari béja-béja nu sumpingna ti Rosululloh saw. Nu wajib ku urang ditarima terima téh diantarana baé: béja ngeunaan tanda-tanda datangna poé kiamat, saperti bijilna dajjal, turunna Nabi Isa, sumiratna panon poé ti beulah kulon, béja ngeunaan patarosan di alam kubur; Adzab jeung nikmat kubur, pon kitu kénéh béja ngeunaan datangna malaikat maut dina bentuk manusa ka Nabi Musa as. pikeun nyabut nyawana tuluy ku Kanjeng Nabi Musa ditampiling sahingga rusak salah sahiji matana.

Sadayana béja nu munggaran téh ogé béja-béja nu séjén nu nyoko ngamuara tina hadits-hadits shahih, urang sadayana wajib percaya. Ulah sakali-kali urang sadayana ngabohongkeun ku alesan yén béja éta téh teu asup kana akal séhat atanapi teu luyu reujeung kaayaan zaman ayeuna.

*Nu kadua*, nurut tumut ka Rosululloh saw. Saurang muslim wajib taat ka Rosululloh saw. minangka perwujudan sikap tina pangakuan kana karasulan mantenna.

مَنْ يُطِيعِ الرَّسُولَ فَقَدْ أَطَاعَ اللَّهَ وَمَنْ تَوَلَّىٰ فَمَا أَرْسَلْنَاكَ عَلَيْهِمْ حَفِيظًا

“...Sing saha jalmana nu taat, turut tumut ka Rasul, satemenna manéhna geus taat ka Alloh” (Al-Nisaa’[4]: 80)

Syaikh Abdur Rahman Nasir As Sa'ady cumarios: setiap jalma nu taat ka Rosululloh Shallallaahu alaihi wasallam dina paréntah-paréntahna jeung nebihan sagala nu dilarang ku Mantenna. Maka manéhna geus kaasup taat ka Alloh swt, sabab Rosululloh saw teu maréntahkeun jeung ngalarang kacuali kalayan paréntah, syare’at jeung wahyu ti Alloh swt.

Syaikh As-Sa'dy cumarios: “Alloh sumpah kalayan ku dirina nyalira nu mulia, yén teu asup iman sahingga maranéhna ngajadikeun Rasul-Na salaku hakim dina masalah-masalah nu dipersulayakan diantara maranéhna”. Salajengna Syaikh As-Sa'dy cumarios deui: “Jeung maké hukum (ngajadikeun hakim diri Rosululloh saw) ieu teu acan cukup, sahingga maranéhna narima hukumna kalayan pinuh ku kataatan jeung kaikhlasan”.

Kedah janten émutan yén sikep panolakan kana hukum Rosululloh saw. dina masalah-masalah *ikhtilaf* persulayan éta kaasup sifat kaum munafikin; sakumaha ditegeukeun ku Allah SWT, dina Qur'an Surat An Nisaa'; 61:

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا إِلَىٰ مَا أَنزَلَ اللَّهُ وَإِلَى الرَّسُولِ رَأَيْتَ الْمُنَافِقِينَ يَصُدُّونَ عَنْكَ صُدُودًا

"....Dimana dicaritakeun ka maranéhna: "hayu maranéh nurut kana hukum nu Allah geus nurunkeun ogé kana hukum- hukum nu geus ditetepkeun ku Rasul-Na", maka maranéh bakal ningali jalma-jalma munafik nu ngahalangan, nu ngantégan ka maranéh kalayan sakuat-kuatna" (An Nisaa'; [4]61).

Ibnu Abbas netekakeun: "Hampir baé Allah ngahujanan maranéh kabéh ku batu-batu ti langit; Rosululloh saw. parantos ngadawuh kieu., sedengkeun aranjeun nyarita Tapi Abu Bakar jeung Umar cumarios kieu". As-Syaikh Al-Utsaimin nyarios: "Lamun salah saurang ngagunakeun ucapan sayyidina Abu Bakar ra. sareng sayyidina Umar ra. pikeun nolak atawa nangtang kana dawuhan Rosululloh saw bisa nyababkeun turunna siksa; hujan batu, maka kumaha kaayaanna lamun urang nu nangtang jeung nolak kana dawuhan Rosululloh saw. Nu darajatna sahandapeun marantenna" *Amiin*.

Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

## 7. *Ma'rifatulloh (Mikawanoh Allah swt.)*

وَقِي أَنْفُسِكُمْ أَفَلَا تُبْمَنُونَ (الذاريات: 21)

"Pon kitu deui dina diri maranéh, nya naha maranéh teu niténan?" (QS. Adz-Dzariyat [51]: 21).

Mikawanoh diri pribadi éta mangrupikeun konci mikawanoh Allah, sakumaha anu diunggel dina hadits Rasulullah *مَنْ عَرَفَ نَفْسَهُ فَقَدْ عَرَفَ رَبَّهُ*

"Sing saha nu apal kana dirina, maka bakal apal ka saha nu jadi Pangéran-na". Sanaos ieu hadits masih jadi khilafiyyah atanapi persulayaan, sabab miturut sapaalih ulama yén redaksi katerangan ieu, lain Hadits. Tapi dina kitab "Kasyful Khaafa wa Muzilul Ilbas" nu di karang ku Syekh Mahyudin Ibnu 'Araby dijelaskeun: Lamun Hadits: *مَنْ عَرَفَ نَفْسَهُ فَقَدْ عَرَفَ رَبَّهُ*

teu ditarima, sacara kaélmuan para ahli hadits miturut hukum riwayat sareng diroyat, tapi bisa ditarima dina segi "kasyaf"-mah atanapi dina

“segi kaélmuan nu bisa muka hijab atawa hahalang mata bathin pikeun ngadeukeutkeun diri ka Allah”. Hal ieu saluyu reujeung hadits Nabi saw. nu diriwayatkeun ku Imam Bukhari sareng Imam Muslim:

عَرَفَ النَّاسَ مَنْ عَرَفَ لِنَفْسِهِ

*"..Nu apal kana kamanusaan nyaéta jalma nu apal kana dirina".*

Didieu Syekh Mahyudin Ibnu ‘Araby ngajelaskeun, yén manusa téh (tegesna diri urang) pinuh ku ‘katergantungan’ (hartosna yén diri urang téh masih ngabutuhkeun bantuan nu lian). Salian ti éta ogé, urang téh pinuh ku kakurangan, nyatana geuningan diri urang téh nyatana geuningan diri urang téh lemah, diri urang téh kakeunaan ku sifat ‘Fana’ (hartina keuna ku rusak). Komo lamun dibandingkeun sareng Allah swt nu Nyiptekeun urang sadayana, Nu Maha Kawasa, Maha Agung, Maha langgeng, sarta nu mibanda sakabéh sifat-sifat kasampurnaan. Da diri urangmah:

لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ

*"...Teu aya daya sareng teu aya kakuatang anging kalayan idzin Allah nu Maha Luhung tur Agung".*

Jadi, teu aya nu leuwih deukeut ka diri urang kajaba diri urang sorangan. Lamun urang teu apal ka diri sorangan, rek kumaha urang bisa apal sagala perkara nu aya di luar diri urang. Lamun urang nyarita: "kuring apal ka diri sorangan", nu ngandung harti apal didieu, apal kana bentuk lahiriah diri sorangan wungkul. Tegesna apal téh, wungkul kana kaayan bentuk awak, bentuk wajah, jeung anggota-anggota badan nu séjénna. Pangawéruh samodél kitu hamo bisa ngajadikeun konci pangawéruh pikeun apal ngeunaan Pangéran (tegesna Allah). Pon kitu kénéh, lamun pangawéruhna ngeunaan diri pribadi téh, wungkul yén lamun diri lapar kudu dahar, lamun hanaang kudu nginum, lamun tunduh kudu sare, sarta lamun mikahayang hiji perkara kudu usaha sakuat tanaga sangkan kahayang kahontal tinekanan, bari jeung naon baé cara dilakukeun, teu malire kana haq jeung batalna. Tah, naha hal sarupa kitu téh bakal bisa numuwuhkeun kana ningkatkeun karohanian dina raraga babakti diri ka Allah swt. atawa henteu ?.

Sabab, kalakuan sarupa kitu téh sato ogé bisa. Tur bisa jadi, lamun salawasna pangawéruh urang mung ukur nepi ka lebah dinya, atuh meureun urang téh bisa disebut baturna sato. Sabab, Pagawéan satomah ngan ukur ngeusian isi beuteung, sare, jeung di adu parebut hiji perkara nu dipikahayangna. Tah didieu, nu kudu dipiluruh nepi ka wawuh, ngeunaan élmu pangawéruh supaya urang apal kana saha diri urang téh nu sabenerna. kuituna dumasar kana hal ieu pisan, aya sababaraha pertanyaan nu bisa jadi patokan pikeun mikawanoh diri sorangan, diantarana nyaéta:

Nu kahiji, saha diri urang téh? Jawabana, diri urang téh makhluk nu diciptakeun ku Alloh swt. Kalayan

dibentuk ku bentuk anu pang hadé-hadéna (لَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ فِي أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ).

“...Saéstuna Kami (Alloh) ngajadikeun manusa téh dina rupa jeung wujud anu sahadé-hadéna”. Maksudna, yén Nu Maha Agung Alloh s.w.t. Nu Maha Nyiptakeun, nu parantos nyiptakeun manusa ku wujud tangtungan nu hadé, sareng rupa nu sahadé-hadéna, langkung ti makhluk sanésna, diantarana: nangtungna ajeg, leumpangna nya kitu kénéh, ogé henteu kawas sasatoan. Jadi, kacida salahna lamun aya paham yén manusa téh asalna tina sato. Ngan mémang ari sifat kasatoannaamah sok pirajeuneun ngancik dina diri manusa, sabab terkadang manusa lampahna leuwih jahat tibatan sato. Tapi, ari asalnamah tetep lain tina sato. Salian ti éta diri urang téh kaasup kana makhluk-Na nu mulya, tur mulyana téh di mulyakeun ku manten-Na nyatana Alloh Ta’ala. Sakumaha dina dawuhana-Na dina ayat Al-Qur’an Surat Al-isra’ ayat 70:

وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى كَثِيرٍ مِّمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا

“...Jeung saenyana kami geus ngamulyakeun turunan Adam, sarta kami geus maparin tutumpakan di darat sarta di laut, pon kitu deui kami geus maparin rejeki ka maranéhna tina rupa-rupa kadaharan anu harade; Jeung kami geus munjulkeun maranéhna kalawan pohara punjulna batan makhluk-makhluk liana anu ku kami diyugakeun” (QS. Al-isra’ [17]: 70).

Ngeunaan ayat ieu, Imam Al-Ghozali dina kitabna: “al-Hikmatu fi Makhluqatillah Azza wa Jalla” ngajeulaskeun, yén sawaréh tina kamulyaan anu paling utama, nu dipaparinkeun ka manusa, nyaéta

diberena manusa akal, kalayan akal éta manusa mampuh nginget-ninget kahadéan, malahan kalayan akal éta manusa bisa di sajarkeun jeung para malaikat, sahingga manusa bisa apal ka nu nyiptakeunnana nyatana Alloh Ta'ala, ku cara nafakuran sakabéh makhluk-makhluk nu diciptakeun ku Alloh s.w.t. tur ngagunakeun mangpirang-pirang dalil-dalil (katerangan-katerangan) nu bisa nganyahoikeun kana Sifat Alloh Ta'ala. Sarta kalayan cara nafakuran ngeunaan kaayaan dirina sorangan. manusa sorangan. Hal ieu téh saluyu reujeung dawuhan Alloh dina Al-Qur'an surat Adz-Dzariyat, ayat 21:

وَفِي أَنفُسِكُمْ أَفَلَا تُبْصِرُونَ

“....Pon kitu deui dina diri maranéh, nya naha maranéh teu niténan ?”(QS. Adz-Dzariyat,[51]: 21).

Dumasar kana ieu ayat, Imam Al-Ghazali nganjurkeun, prak titénan ngeunaan manusa (kalebet diri urang) jeung dirina, ogé prak tafakuran ngeunaan akal nu mangrupakeun amanat/titipan ti Alloh s.w.t. ka diri manusa. Dimana akal éta téh mangrupakeun bukti jeung tanda-tanda kaagungan nu nuduhkeun bukti ayana Dzat Nu Maha Nyiptakeun, nu Maha ngatur, ogé nu Maha Ngabentuk/Nyiptakeun. Salian ti éta akal nu aya dina diri manusa téh mangrupakeun alat pikeun migawé hiji perkara, pikeun nyaluyuan katangtuan sarta ngatur kana keretegna haté. Ku sabab hal ieu pisan, manusa téh dijadikeun salaku makhluk nu mulia. Sabab, dina diri manusa sorangan tos diciptakeun sagala perkara nu ngandung faedah. Nu kudu jadi bahan tafakur, dina raraga urang tadzakkur reujeung tasyakur ka Alloh salaku kholiq nu tos nyiptakeun urang sadayana. Nu kadua, pertanyaan nu bisa jadi patokan pikeun mikawanoh diri sorangan, nyaéta ti mana urang asal jeung kamana urang balik ?

Jawabanana, Asal urang ti Alloh, bakal balik ka Alloh tur balikna urang ka Alloh éta di balikkeun ku Alloh da urang téh milik Alloh “لِلَّهِ إِنَّا”. Apan tadi téa, urang téh Makhluk (nu diciptakeun), nyatana diciptakeun ku Alloh Ta'ala, mémang ari syaré'atnamah urang téh sadayana kaluar tina gua garba ibu urang, terus lamun dicukcruk kana galur nepi kaluhur, yén asalna urang sadayana téh asalna ti bapa Adam sareng babu Hawa'. Ari anu nyiptakeun aranjeuna taya lian Alloh swt. jadi didieu jelas, yén asal urang téh ti Alloh.

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ

"...Yeuh manusa! maranéh kudu taraqwa ka Alloh, anu geus nyiptakeun aranjeun kabéh tina jiwa sahiji (nyatana Nabi Adam a.s.) jeung ti manéhna Alloh nyiptakeun bojona (nyatana Siti Hawa') jeung Alloh ngarundaykeun ti maranéhna duaan, pirang-pirang lalaki jeung pirang-pirang awewe.....".

(QS. An-Nisa,[4]: 1).

Jadi, jelas yén asal manusa téh asalna ti Alloh, anu diawalan ku manusa nu awal diciptakeun nyatana Adam a.s. jeung manusa nu kadua nyatana babu Hawa' sedengkeun urang ayeuna kaasup golongan manusa nu katilu, ku sabab urang teu langsung diciptakeun ku Alloh tapi ngalangkungan ibu jeung rama urang. Atuh disebut weh yén diri urang téh makhluk anu kakeunaan sabab jeung akibat sarta proses. Sababna urang hirup gumelar ka alam dunya, akibat ayana proses hubungan ibu sareng rama urang, anu mangrupikeun syaré'at gubragna urang ka alam dunya, hakékatnamah Alloh nu nyiptakeun, Alloh nu ngayugakeun. Salajengna urang balik kamana ? balik urang ka Alloh swt., katempat asal urang, da mimitina ti Alloh "رَاجِعُونَ إِلَيْهِ وَإِنَّا" jeung ka Alloh bakalna urang balik". Sabab, Alloh swt parantos nyadiaan tempat nu teuaya tungtungna, nya akhérat téa ngaranna. Jeung dina ngambah ka alam akhérat téh, kudu ngambah hiji jalan nu jalan éta pasti bakal disorang ku makhluk nu hirup kumelendang di alam dunya, nya nu disebut maot téa.

Maot téh jalan, sing saha baé jalmana kumaha baé bentukna, pasti bakal ngaliwatan jalan éta, tur éta jalan téh mangrupikeun jalan pikeun tepung ka tempat, nu éta tempat téh bakal jadi tempat panganjrekkan urang nu salalawasna, abadi langgeng teu aya tungtungna. Tah dina raraga urang tatan-tatan nunggu giliran maot, kanjeng Nabi saw. parantos ngawanti-wanti ka urang sadayana ku dawuhan-nana "Aksiruu min dzikri Haazimil-Ladzaat". Lobakeun ku aranjeun sakabéh, nginget-ninget kana hal nu bakal ngahancurkeun kana kangeuhan-kangeunahan hirup, (nya maot téa ngaranna)". Maksudna urang téh kudu inget yén kangeunah jeung kabétah éta bakal dipegatkeun ku maot, lamun urang salawasna nginget-ninget kana maot. Maka urang bakal malengoskeun diri, henteu kokomoan teuing kana haliyah duniawi, nu ngan saukur kasenangan anu



semu, nipu tur palsu. Tur lamun urang geus kitu, tanwandé urang bakal ngancokeun diri, museurkeun sagala daya, jeung upaya pikeun ngahontal tujuan hirup pikeun ngudag-ngudag karidhoan Alloh swt. Ogé bakal tumuwuh rasa kasadaran yén dirina téh bakal balik ka Alloh swt. bari geus nyiapkeun bekel sapuratina, dina mayunan Mahkamah nu Maha Agung nalika masrahkeun laporan pertanggung-jawaban ngeunaan hal-ihwal tingkah jeung paripolah nu geus dilakukeun di alam dunya. *Amin*.  
Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

## 8. *Sholat Mi'roj-na Jalma nu Iman*

يَأْتِي عَلَى النَّاسِ زَمَنٌ يُصَلُّونَ وَلَا يُصَلُّونَ (زُورَةُ أُحْمَدُ)

“...Bakal datang hiji mangsa ka manusa, dimana maranéhna ngalaksanakeun sholat, tapi hakékatna maranéhna henteu sholat” (H.R. Ahmad)

Hadits di luhur, ngaisyaratkeun ka urang sadayana, yén bakal datang hiji mangsa ka manusa, loba nu sholat tapi sholatna teu ngabuahkeun hasil. Hartina, sholatnamah dilaksanakeun, ngan saba'da sholat teu aya pangaruh dina kahirupanana. Kabuktian, mun seug urang pirajeuneun niténan, boh niténan diri pribadi khususna, umumna ka nu lian, geuningan sering aya jalma (kaasup urang), sholatna rajin tapi akhlak ka sasama teu hadé. Sholatnamah dilaksanakeun, tapi ngabohong, nipu, nganiaya, silih fitnah, teu akur jeung dulur, ogé teu hadé jeung tatangga jadi pakasaban. Sholatnamah dilaksanakeun, tapi dina kahirupanana jauh tina tetekon kahirupan nu. Tegesna, pangaruh sholatna geus dicontokeun ku Rosululloh Muhammad teu napak kana kahirupan. Malah nu leuwih parahmah, aya sawatara jalma nu ngaku islam, nu ngaku iman, kana Sholat téh nganggap bangbaluh lain pangabutuh, sholat dianggap pangbeubeurat, lain kawajiban nu tumuwuh tina kasadaran nu kuat, pikeun tumuwuhna rasa ta'at. Ku hal sakitu, loba diantara dulur urang malah teu nutup kamungkinan kaasup urang, kana sholat téh haroréam, ngalalaworakeun, malah wani ninggalkeun.

Padahal, mun seug urang neuleuman kana makna hakékat sholat, maka urang béh dieuna bakal kabita edia ngasaan amisna sholat, atuh béh dituna urang bakal embung leupas tina kanikmatan amisna sholat. Ngan terkadang urangmah jiga budak leutik, nu teu resep kana nginum obat, karék daék nginum obatna téh nalika dipaksa baé. Padahal, lamun budak

apal yén obat téh bakal nyageurkeun panyakit tur loba manfaatna. Maka, pasti budak bakal resep kana éta obat. Tah, diaku jeung teu diaku, rumasa jeung teu rumasa, umumna anggapan jalma (kaasup urang), kitu kana sholat téh, da teu apal téa kana nikmatna jeung amisna sholat. Maka, kana sholat téh resep teu resep, mun dina ngalaksanakeunana ogé mung ukur bébas kana kawajiban wungkul, ulah henteu teuing. Nu antukna, sholat téh teu aya buahna, teu karasa amisna. Nganggap sholat ukur kawajiban, lain pangabutuh dina raraga ngajadikeun sholat téh hiji jalan/ edia Muwajahah (patepung)-na Ihiji hamba jeung Allah

Ari makna sholat miturut bahasa, mibanda harti ngad'oa. Sedengkeun Miturut istilah *syar'i*-mah, nyaéta salah sahiji tingkah ibadah nu dimimitian ku Takbir dipungkas ku Salam', kitu miturut para Ulama Fiqih. Sedengkeun ari makna hakékat Sholat, nyaéta hiji tingkah ibadah jasmani (jasad) sareng ruhani (jiwa) hiji makhluk (hamba) nu mangrupikeun hiji média atawa jalan pikeun patepung , nu langsung tanpal(Muwajahah) ogé Munajat ka Kholik-na nyaéta Allah , dina dawuhana-Na: "Sholateh cukang lantaran. Malihan saur Kanjeng Nabi téh mangrupikeun mi'roj-na jalma nu iman (الصَّلَاةُ مَعْرَجُ الْمُؤْمِنِينَ).

Ari mi'raj téh, urang tos pada uninga, nyaéta hiji kajadian nu ahéng nu mangrupikeun lalampahan Kanjeng ti wengi, ti langit dunya nepi ka Sidrotul Muntaha. Nu hal ieuteh pengalaman spiritual Rasulullah nuluhung ajénna. Sabab, teu sadaya para Nabi sareng para Rosul kénging anugerah samodél kieu ti Allah,

Nyaéta, patepung (Muwajahah)-na sareng Allah Rosululloh nu akhirna nampi hiji paréntah kawajiban, nyaéta sholat lima waktu dina sapoé sapeuting. Tah dina kajadian ieu Rosululloh, kacida caketna sareng Allah malihan sapaalih katerangan nyebutkeun, yén Rosululloh téh papayun-payun ngobrol sareng Allah nu disimbolkeun ku 'sidrotul muntaha', nyaéta hiji tatangkalan nu dilimpudan ku cahaya nu kacida caangna, sahingga teu sambarang jalma bisa ningal anging kalayan izin Allah. Dumasar kana hal éta, maka sholat téh bisa disebut jalan atawa média mi'roj (naék)-na hiji ruhani (jiwa) hamba pikeun patepung sareng Allah.

Dina hal ieu pisan, sapaalih Ulama ngajelaskeun, mun sholat urang hayang jadi Mi'roj. Maka, saba'dana urang nyampurnakeun susuci (wudhu), kalayan diniatan seja nyucikeun lahiriyah tina sagala kokotor, najis jeung sajabana nu némpél dina anggota badan urang kalayan sampurna, tur nyumponan syarat sareng rukunna kalayan Lillaahi Ta'ala. Nu satuluyna urang ngamimitian nyucikeun bathiniyah ku niat nu murni ikhlash karena Alloh, kalayan ngahadirkeun haté urang, seja sholat, seja patepung (muwajahah) sareng Alloh. Sabab, ku ngahadirkeun haté nu ikhlash karena Alloh, bakal jadi konci ka bukana panto hijab (hahalang) antara hiji hamba jeung Alloh.

Numutkeun sapaalih katerangan disebutkeun, yén dina diri manusa téh aya hiji tempat nu mangrupikeun konci léngkahna manusa, nya haté (qolbu) téa. Haté téh bisa diisian ku dua rupa sifat, nyaéta sifat lahut (rasa ka-ilahi-an) jeung sifat nasut (rasa ka-manusa-an). Ari sifat 'Lahut' asal tina kecap 'Ilah' hartina 'Pangéran', maka arti 'Lahut,' nyaéta 'ka-pangéran-an/ka-ilahi-an'. Nu mawa ka manusa pikeun ngalakukeun hal-hal kahadéan, ngajak sadar jeung numuwuhkeun rasa karumasaan diri..

Sedengkeun sifat 'Nasut' asal tina kecap 'Nas' hartina 'manusa'. Naon sabab manusa disebut 'nas', sabab manusa mibanda sifat 'nisyan' (poho). Tah terkadang Sifat Nasut ieu, nu sering mawa manusa pikeun ngagugu kana hawa nafsu, milampah hal-hal nu gaflah jeung salah, mawa kana watek ma'siyat. Nu tungtungna mawa rugi ka diri, cilaka kana jiwa raga, patepung jeung bebendon Alloh.

Tah, mun manusa bisa ngéléhkeun sifat nasut (rasa ka-manusa-an) ku sifat lahut (rasa ka-ilahi-an), maka bakal bétah cicing dina haté manusa. Maksud bétah cicing didieu, Alloh lain hartina Alloh butuh tempat, mustahil Alloh butuh tempat. Tapi, nu dimaksud bétah cicing didieu téh, nyaéta mun seug manusa geus bisa ngaleungitkeun rasa angkuhna salaku manusa, rasa umaku mibanda sagala nu aya di diri manéhna, jeung rasa-rasa kamanusaan séjénna, maka bakal ngawujud hiji tanggungan manusa nu salilana ngajadikeun anggota badanna pikeun ngalaksanakeun kata'atan ka Alloh. Tegesna, sifat Ka-ilahian-an sumurup miraga sukma, ngahiji dina jiwa katut ragana. Lamun nyarita, tara nyarita nu carékeun Alloh, lamun ngaléngkah, léngkah nu , mun, i'tikadna nu dipikaridho Alloh I dipikaridho ku Alloh ngagunakeun paningal geus pasti ningali sagala nu dipikaridho ku Alloh . Tegesna, taya hiji anggauta badan ogé nu

tinggaleun, anging pikeun ngalaksanakeun perkara nu di pikaridho ku Allah.

Pon kitu deui, nalika urang sholat, salian ti nyumponan syarat sareng rukunna téh, urang diperedih, pikeun ngeusian haté urang ku sifat 'lahut' (rasa kailahian), sifat nu salilana pasrah sadrah bari sumerah, mulangkeun jiwa sareng raga kanu hakna nyatana Allah **إِنَّا إِلَيْهِ وَإِنَّا لِرَاجِعُونَ** (saéstuna abdi sadaya milik Allah, tur saéstuna ka manten-Na abdi sadaya mulang). **لِحَوْلٍ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ**

Tuluy tancebkeun rasa 'Ihsan'. . Di hareupeunI Hartina, nancebkeun rasa yén urang téh ningali Allah urang, urang téh keur ngadeuheus ka payuneun manten-Na, ngauningakeun kalemahan urang, kahinaan urang, ka teueucreugan urang, kalalaworaan urang kana sagala paréntah-Na, kamantangulan urang ka Manten-Na, ka teuwalakayaan urang, kafaqiran urang, jeung kamiskinan urang. Mun teu bisa kitu, tancebkeun dina rasa, yén urang téh keur ditalingakeun ku Allah , yén salalawasna urang hamo bisa leupas tina kakawasaan Allah . Jiwa, raga, ucapan, patékadan jeung lampah, kabéh ogé aya dina. Ti mimiti kerenteging manah nepikeun ka praknaIpanalingaan Allah marengan uninga. Tur salalawasna dua malaikat Allah milampah Allah urang, nyatet, ngadokuméntasikeun sagala nu ku urang dipilampah boh nu hadé kitu kénéh nu goréng.

Sangeus kitu, sifat 'nasut' (rasa kamanusaan) urang, urang écagkeun heula tumuwuhkeun rasa karumasaan diri, yén diri téh lemah, taya tangan pangawasa, taya daya sareng upaya, kabéh nu dipibanda taya hak pikeun miboga sadayana milik teu pantes. Rasa angkuh, takabur éta sadayana hak milik AllahIAllah dipibanda ku urang salaku makhluk (nu diciptakeun). Urang kudu bisa ngaleupaskeun sagala rereged kadunyaan nu matak mawa cilaka diri, nu matak lali kana temah wadi ogé kana purwadaksi. Urang écagkeun heula samentara urang keur sholatmah, supaya sholat urang kaasup sholat nu manjing kana hakékat tur urang bisa Mi'roj pikeun Munajat bari Muwajahah (patepung) sareng Allah , kalayan jiwa sareng raga nu suci beresihI tina sagala rereged kamanusaan urang.

Ngan nu jadi pasualan, henteu bisa kitu baé urang ngalaksanakeun sakumaha nu diuningakeun di luhur, tapi insyaalloh saupAmiina ku sering ngayakeun Riyadhoh (latihan)-mah kalayan tuluy-tuluy, maka naon

nu diuningakeun di luhur bisa dilaksanakeun. Mangga urang sami-sami latihan, bari ngado'a ka Alloh mugia dipaparin rasa istiqomah dina ngalaksanakeunana.

Kajaba ti éta, sholat ogé jadi ciri nu mandiri nu ngajadikeun bédana antara jalma Iman jeung jalma kafir. Sholat ogé minangka tihangna agama, tur amal nu paling awal Iditanyakeun ku Alloh ka manusa jaga di yaumil jaza', sakumaha Dawuhan dina Hadits-na nu diriwayatkeun ku Imam Ahmad. Kanjeng Nabi Muhammad Abi Daud, jeung Ibn Majah nu sumberna ieu Hadits téh ti Tamim Ad-Dary:

“Amal nu mimiti ditanya ku Alloh ka hiji hamba dina poé kiamat jaga, nyaéta amalan sholat. Mun seug sholatna si éta hamba ditarima, maka bakal ditarima sakabéh amalna, jeung (sabalikna) mun seug sholatna si éta hamba ditolak, maka bakal di tolak sakabéh amalna” .

Palebah dieu jelas, yén sholat téh minangka ukuran tina sakabéh amaliyahna manusa nu ngaku iman jeung nu ngaku Islam. Tegesna, mun sholatna geus hadé tur sampurna, manjing ,lkana ditarimana ku Alloh maka bakal ngawujud hiji pribadi nu unggul, hiji insan nu sampurna (insanul-kamil), mibanda akhlak nu mulia, tur dina kahirupanana pinuh ku katingtriman batin, henteu guligah, henteu sarakah, pinuh ku rasa amanah jeung mahabbah jauh tina ma'shiyat, anggang tina laku lampah gaflah jeung salah, ogé salalawasna kata'atan natrat, ngagurat, dina ucapan, i'tikad, lampah jeung paripolah.

Sabalikna, mun sholatna teu hadé, maka sholatna teu aya pangaruh kana kahirupanana. Laku lampah maksiyat tetep dipilampah, lalawora kana amanah, ka batur nyacampah, ka dulur teu akur, ka tatangga jeung sasama nganiaya, ngabohong, nipu, dinaljeung sajabana. Mun geus kitu, maka manjing kana Dawuhan Alloh surat Al-Ma'un ayat 4-6, nu lebah dieu pisan, urang kudu boga rasa kahariwang, rasa watir, rasa kasieun, boa-boa urang téh kaasup kana ukuran jalma nu sholat tapi cilaka, Na'udzu Billahi Min Dzalik:

فَوَيْلٌ لِلْمُصَلِّينَ <sup>4</sup> الَّذِينَ هُمْ عَنْ صَلَاتِهِمْ سَاهُونَ <sup>5</sup> الَّذِينَ هُمْ يُرَآؤُونَ <sup>6</sup>

“...Maka cilaka pikeun jalma nu sok Sholat, nyaéta jalma-jalma nu mopohokeun tur ngalalaworakeun sholatna, nya jalma-jalma nu riya (hayang kapuji)”(QS, Al-Ma'un [107]: 4-6).

Ayat di luhur, ngajelaskeun cilaka jalma nu sholat. Lain jalma nu teu sholat, tapi didieu jelas, yén jalma nu sholat bakal cilaka (komo nu teu sholat).

Nu kumaha jalma nu sholat, tapi cilaka téh ?. Nyaéta jalma nu mopohoikeun tur ngalalaworakeun sholatna, yakni jalma nu sholatna teu didadasaran niat, niat sholatna tos ngagiclek, ngagésér tina karana AllohIkarana Alloh, kana hayang dipuji atawa pupujieun ku nu lian, nya sifat riya' téal ngaranna. Salian éta, nya kaasup ogé jalma nu sholat lalawora téh, nyaéta jalma nu sholatna teu sadar, yén dirina téh keur ngadeuheus ka, sahingga pikiranana jeung haténa kumalayang liar, disibukkeun ku haliyah dunya nu ditinggalkeun saméméh sholat, teu aya saeutik ogé. Tah, nu kieu nuperasaan yén dirina téh keur ngadeuheus ka Alloh disebut jasmanina sholat, tapi jiwa jeung bathinna teu sholat. Tegesna, jalma nu sholat tapi hakékatna manéhna teu sholat, nya katelah سَاهُونَ [saahuun]. Tegesna, jalma nu mopohoikeun tur ngalalaworakeun sholatna.

Mudah-mudahan urang sadayana kalebet jalmi nu sholat tapi teu cilaka, sholat nu bisa mi'roj, sholat, ogé sholat nu mawa parobahan ka diri pribadi dinaInu ditampi ku Alloh. *Amiin*

Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

## 9. Makna Tahmidulloh

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Teu aya deui kalimat nu saé diucapkeunana, malihan tiasa disebat dzikir, turta kénging pahala ti Alloh swt. nalika urang ngucapkeunana. Iwal ti kalimat الْحَمْدُ لِلَّهِ. (Sadaya puji éta kagungan Alloh swt). أَل (Alif Lam) nu aya dina kalimat الْحَمْدُ لِلَّهِ miturut ahli bahasa atanapi ulama nahwu éta kalebet أَلِفٌ لِلْجِنْسِ لَامٌ (Alif Lam Lil Jinsi) hartosna, nuduhkeun kana “jinis”. Maksudna, yén tiap pujian sacara rinci éta téh hak Alloh swt. Bisa ogé éta أَل (Alif Lam) téh kaasup kana أَلِفٌ لِاسْتِغْرَاقٍ لَامٌ (Alif Lam Istighrok) hartosna, “Nu ngumpulkeun tur nu nyéépkeun sagala bentuk pujian”. Maksudna, yén sagala puji sacara global atanapi nu sagemblengna, éta sadayana hak Alloh swt. nu hamo bisa dipibanda ku hiji hamba. Ogé أَل (Alif Lam) dina

kalimat الْحَمْدُ bisa disebut أَحَدِيَّةٌ لَامٌ أَلْفٌ (Alif Lam Ahdiyyah) anu nuduhkeun kana ayana “keterbatasan pujian”.

Allah swt. tos uninga kana kalemahan hamba-hambana dina raraga muji syukur tur nyampurnakeun Tahmid atanapi pujian ka Manten-Na. Kusabab kitu, Allah swt. ku Anjeun muji kana Dzat-Na, saméméh sakur makhluk muji ka Anjeunna. Tegesna kalimat الْحَمْدُ téh minangka mujina Allah swt. ku Anjeun kana ka-agung-an Dzat-Na nyalira. Anapon kalimat الْحَمْدُ nu diucapkeun ku makhluk utamiina manusa, éta ngandung arti, hiji ucapan nu mangrupikeun pujian ka Dzat nu dipuji nyatana Allah swt. kalayan Sifat-Na Nu Tetep tur Nu Maha Sampurna. Tur éta téh minangka keterbatasan pujian makhluk utamana manusa, dina raraga muji ka Allah swt. bari ngayakinkeun yén ngucapkeun الْحَمْدُ téh ngarupakeun salah sahiji bentuk atanapi bagian integral tina syukur kana sakabéh nikmat anu nyumber tur ngamuara ti Manten-Na. Allah ‘swt.. وَمَا . اللَّهُ فَمِنْ تَعْمَةٍ مِنْكُمْ وَإِنْ . Jadi, syukur téh dilakukeun ku lisan, haté jeung perbuatan. Ngucapkeun kalimat الْحَمْدُ salah sahiji bentuk syukuran ngaliwatan lisan.

Mun seug pirajeuneun urang ngétang-ngétang kana ni’mat ti Allah swt., pasti moal kaétang. Sabab, nikmat Allah swt. kacida seueurna. Tur ieu téh ngarupakeun tanda kakawasaan Manten-Na, تُخْصِئُهَا لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ نِعْمَةً تَعُدُّوْا وَإِنْ . Tapi, sanés hartosna urang ulah ngétang-ngétang kana nikmat pamaparin ti Allah swt. Wajib diétang. Naon sabab?, sabab, lamun seueur ngétang-ngétang kana nikmat nu tos dipaparinkeun ku Allah swt. béh dieuna bakal tumuwuh rasa rumasa, béh dituna bakal boga rasa tumarima, lamun geus tumuwuh rasa tumarima, maka bakal timbul kasadaran. Sadar, kana naon-naon anu dipimilik jeung naon nu dipibanda éta téh sadayana kagungan Allah swt. Kadituna, geus pasti bakal ati-ati dina ngagunakeun jeung ngamanfaatkeun turta dina ngagunakeunana éta kanikmatan téh bakal saluyu reujeung nu maparin éta kanikmatan nyatana Allah swt., Tah nu kitu, nu di sebut syukur.

Miturut Miftahudin Al-Mohammadi ibnul-Qushtoniyyah, dina kitabna “Risalatul-Fatihah” ngauningakeun, yén Kalimat حَمْدٌ dina kalmat الْحَمْدُ mibanda tilu harti. Nu kahiji, nyaéta: “Ats-Tsana’at Ma’at-Ta’dziim” hartosna “Pujian dibarengan ku ayana pang-agungan atanapi panghurmatan”. Tegesna, “Muji Allah swt. bari ngagungkeun Manten-Na” muji kana sagala nikmat nu tos dipaparinkeun ka sakumna makhluk-Na, terutama manusa. Ngagungkeun didieu, bisa dilaksanakeun ku cara urang

ngagunakeun éta kanikmatan téh pikeun sarana alat dina raraga urang melak tangkal kaimanan supaya jadi buah kata'atan. Tegesna, ngalaksanakeun sagala kawajiban nu tos di-fardhu-keun ku Alloh swt. ditambah ngalaksanakeun sunah Rasul-Na Rosululloh Muhammad saw. tur ninggalkeun sagala hal nu dilarang ku Manten-Na. Tujuanna, supaya nikmat nu tos dipaparin téh jadi tambah saluyu reujeung jangji Alloh swt. "Mun seug maranéh kabéh syukur kana sagala nikmat ti Kami (saur Alloh) maka Kami bakal nambahan éta nikmat, tapi sabalikna mun seug Maranéh kabéh teu syukur tegesna kufur kana sagala nikmat ti Kami, Tanwandé Kami bakal nibanan siksa anu kacida peurihna.

لئن شكرتم لأزيدنكم ولئن كفرتم إن عذابي لشديد

Malihan dina Hadits Qudsy-mah alloh mertélakeun "Sing saha jalma anu teu shabar kana balai nu datang ti Kami, tur teu syukur kana nikmat-nikmat Kami, maka geura prak téangan pangéran salian ti Kami".

*Nu kadua*, Kalimat **حَمْدُ** dina kalimat **الْحَمْدُ لِلَّهِ** téh mibanda harti, **الْكَامِلُ الثَّنَاءُ** (Ats-Tsana'ul-Kaamil) hartosna "Pujian Nu sampurna". Maksudna, puji nu sampurna anging hak Alloh swt.. ku sabab tadi téa, **أَل** (Alif Lam) dina kalimat **الْحَمْدُ لِلَّهِ** téh bisa disebut **أَلِف لَامِ اسْتِغْرَاقٍ** (Alif Lam Istighro k) hartosna, nu nyéépkeun sagala bentuk pujian. Tegena, yén sagala pujian sacara global atanapi nu sagemblengna éta sadayana hak Alloh swt. Nu matak Rosul Akhiruz-Zaman dinamian ku nami Muhammad saw sabab, Muhammad téh, "Jalma Kacida Pinuji" pinuji dina naon? "Pinuji dina sagala tingkah sareng paripolah".. hal ieu, ngandung maksud, yén Alloh swt. seja mintonkeun kasampurnaana Dzat-Na dina bentuk Sifat sareng 'Af'al-Na ngalangkungan diri Rosululloh Muhammad saw. Sakumaha Dawuhana-Na dina Al-Qur'an surat Al-Qolam ayat 4: **عَظِيمٌ خَلَقَ لَعَلَىٰ وَآلِكَ** ("Saéstuna di diri anjeun téh Muhammad kacangking Akhlak anu agung").

*Nu katilu*, Kalimat **حَمْدُ** dina kalimat **الْحَمْدُ لِلَّهِ** téh, mibanda arti: **بِالْجَمِيلِ الثَّنَاءُ** (Ats-Tsana'a bil Jamil) hartosna "Muji kana kahadéan". Muji, sami sareng henteu nyawad, henteu ngagogoréng, henteu inkar kana nikmat nu tos di paparinkeun ku Alloh swt.. sahingga henteu digunakeun éta kanikmatan téh kana ma'shiyat sareng kamunkaran. Kusabab sakitu, nyawad, atanapi



ngagoréng éta bakal ngarusak kana pujian, sedengkeun inkar atanapi kufur bakal ngarusak kana syukur.

Salajengna ل (Lam) dina kalimat لله nuduhkeun kana makna milik atapi للملك لام (Lam Li-Milki). Ku kituna, pujian nu ditimbulkeun ku rasa syukur kana saniskara nikmat nu tos dipaparinkeun ku Alloh swt. nu dikedalkeun ngaliwatan lisan manusa ku kalimat مَدَّه wungkul ditujukeun ka Alloh swt. Sabab miturut para Mufassir, yén kalimat الحمد لله éta ka asup “Jumlah Khobariyah” atanapi “Kalimat Béja” nu ngandung makna الحمد لله “Amar” atanapi “Paréntah” pikeun muji ka Alloh swt.

Sakumaha sasauranna Imam Ibn Abbas تَلُّ كَلِمَةَ الْحَمْدِ (“Yén kalimat Al-Hamdulillah téh kalimat anu nuduhkeun kana Syukur”). Jadi, Tahmid atanapi ngalisankeun kalimat الحمد لله kalebet kana Dzikir personal individual atanapi dzikir pribadi nu hukumna wajib diucapkeun ku satiap jalma nu ariman.

Anapon ngucapkeun kalimat Tahmid nyatana الحمد لله. téh, nyaéta sagala perbuatan atanapi tingkah sareng paripolah nu nuduhkeun kana pangagungan ka Alloh swt., Kalayan dibuktikeun ku kayakinan haté, yén kasampurnaan sareng sagala nu aya nu dipibanda hasil tina usaha di alam dunya, éta hakékatnamah milik Alloh swt., dituluykeun ku ngalisankeun Dzikir ku kalimat الحمد لله, kadituna, tuluy ngagunakeun sareng ngamanfaatkeun éta kanikmatan téh kalayan dibuktikeun ku aktifitas, atanapi amaliyah-amaliyah anggota badan anu saluyu tur dipikaridho ku Manten-Na. Nyatana ngumpulkeun amal sholéh, ngalaksanakeun kata’atan ninggalkeun kama’shiyatan, nancebkeun tangkal syukur nuar tangkal kufur, ngalobakeun ibadah ninggalkeun kalakuan nu salah. Mun urang geus kagok migawé ma’shiyat gancang geura ganjel ku tobat. Nu kitu syukur mungguh syaré’at.

Mugia urang kalebet jalmi-jalmi nu salAmiina tiasa syukur kana sagala nikmat ti Alloh swt..Amiin Ya Alloh Ya Robbal ‘AlAmiin.

Wallohu A’lam bish-Showaab. ®

## *10. Makna Taqwa jeung Tawakkal ka Alloh swt*

أَوْحَى اللَّهُ إِلَى نَارُودَ : وَحَرَّتْنِي مَاءُونَ عَنِّي يَتَّخِمُونَ بِي نُونِ خَلْقِي أَغْرَفَ ذَلِكَ مِنْ نَبِيِّهِ فَكَرِهْتُ الشَّمَاوَاتِ  
 وَالْأَرْضَ بَعْدَ ذَلِكَ إِذْ خَلَقْتُ لَهُ مِنْ بَيْنِ ذَلِكَ مَخْرَجًا، وَمَا مِنْ عَنِّي يَتَّخِمُونَ بِمَخْلُوقِي نُونِي أَغْرَفَ ذَلِكَ  
 مِنْ نَبِيِّهِ إِذْ فَكَّرْتُ أَشْيَابَ السَّمَاءِ بَيْنَ بَنَدُو وَأَرْضِخْتُ الْهَوَيْ نَحْتُ تَقَمِّيُو، وَمَا مِنْ عَنِّي يَطْلُبُنِي إِلَّا وَأَنَا  
 مُعْطِيهِ قَبْلَ أَنْ يَشْكُنِي وَمُسْتَجِيبٌ لَهُ قَبْلَ أَنْ يَدْعُونِي وَعَاقِرٌ لَهُ قَبْلَ أَنْ يَسْتَعْفِرَنِي . ( رواه ابن حنبل  
 والديلمي )

"...Allah geus ngawahyukeun ka Kanjeng Nabi Dawud as.: "Demi Kaagungan Kami (saur Allah) yén satiap hamba nu ngagantungkeun diri sapinuhna ka Kami, tanpa ngagantungkeun dirina ka Makhluk Kami (nu ku kami nyaho tina niat si éta hamba) jeung lamun ditipu ku sing saha baé makhluk nu aya di langit jeung dibumi, maka pasti Kami bakal méré jalan kaluar pikeun manéhna tina tipu muslihat éta. Jeung sing saha jalmana diantara hamba-hamba kami nu ngagantungkeun diri ka Makhluk Kami henteu ngagantungkeun diri ka Kami (nu ku kami nyaho tina niat si éta hamba), maka tanwandé Kami (saur Allah) bakal megatkeun (tegesna nutup) lawang-lawang sumber rizkina ti langit, jeung Kami bakal netepkeun kabinasaan pikeun manéhna. Jeung kudu nyaho anjeun ! yén satiap hamba nu ta'at ka Kami, pasti ku Kami bakal dipaparin kanugrahaan saméméh maranéhna ménta ka Kami, jeung bakal diijabah sakabéh do'ana saméméh manéhna ngadu'a ka Kami, ogé bakal dihampura dosana saméméh maranéhna ménta hampura ka Kami" (H.R. Ibnu 'Asaakir & Ad-Daélamy).

Di luhur, Allah ngadawuh dina Hadits Qudsy, nu diriwayatkeun ku Ibn 'Asakir sareng Imam Ad-Daélamy ti Abdur-Rahman bin Ka'ab bin Malik nu nyumber tur ngamuara ieu Hadits sumpingna téh ti ramana. Dina ieu Hadits Qudsy, sanajan ditujukeun ka ka Kanjeng Nabi Dawud as. Tapi tujuan umumnamah keuna ka urang sadayana. Didieu, sakurang-kurangna aya tilu hal poko nu bisa dijadikeun hikmah tina eusina, anu salajengna éta tilu hal téh bisa dijadikeun cekelan pikeun hirup urang sadayana dina raraga urang bakti diri ka Nu Maha Suci Allah Robbul 'Izzaty. Anapon nu tilu hal téh, nyaéta:

*Nu Kahiji*, Yén satiap hamba Allah nu salAmiina nyalindung, ngagantungkeun diri, masrahkeun diri jeung sieun ku Allah wungkul, dina satiap tingkah ti mimiti ucap, manah, lampah, léngkah sareng paripolah disanggakeun ka Allah swt. bari ngaleungitkeun sifat syirik (tegesna midua Allah). maka Allah bakal maparin pitulung sarta nguatkeun kaimanan dina haténa si éta hamba, tur hal ieu kabéh téh dinilai

ku Alloh dina niat jeung tujuan si éta hamba nu nyangkaruk dina haténa. Salajengna Alloh swt. ngajangjian yén saupamana baé sakabéh makhluk nu aya dilangit jeung dibumi ngahiji pikeun nipu, nganiaya komo bari ngabinasa ka si éta hamba (nyatana jalma nu salAmiina nyalindung, ngagantungkeun diri, masrahkeun diri jeung sieun ku Alloh wungkul), maka hamo bisa mampuh ngalaksanakeun kana niat jahatna tadi. Sabab, ku Alloh geus diraksa, diriksa jeung dijaga sapuratina, tur nalika tepung jeung karerepet, kasumpek, karupek, kasusah jeung kasulitan ogé, langsung ku Alloh swt. dipaparin jalan kaluar, tur disalametkeun tina tipu muslihat ti jalma jeung makhluk nu boga niat jahat. Hal ieu téh luyu reujeung Dawuhan Alloh dina Al-Qur'an Surat Ath-Thalaaq ayat 2-3:

وَمَنْ يَتَّقِ اللَّهَ يَجْعَلْ لَهُ مَخْرَجًا (٣) وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ

"...Jeung sing saha jalmana nu taqwa ka Alloh, pasti bakal dipaparin ka manéhna jalan ka luar, tur Alloh bakal maparin ka manéhna rizki tina arah nu teu disangka-sangka, jeung sing saha jalmana nu tawakal (pasrah, sadrah bari sumerah) ka Alloh wungkul. maka Alloh bakal maparin Kacukupan (tina mangpirang-pirang pangabutuhna). Satemenna Alloh ngalaksanakeun urusan (nu dikersakeun) ku Manten-na. Tur Alloh parantos ngayakeun katangtuan pikeun tiap-tiap perkara"(QS. Ath-Thalaaq [65]:2-3).

Salajengna *Nu Kadua*, hikmah tina eusining hadits Qudsy nu munggaran téh, nyaéta satiap jalma nu maléngos, nu ngabalieurkeun diri (tegesna siga teu butuh, jeung salawasna nukang nonggong) ka Alloh, tuluy maranéhna nyalindung ka makhluk Alloh nu dianggap ku maranéhna bakal maparin manfa'at atanapi madhorot, maka Alloh swt. bakal ngala'nat tur bakal dijauhkeun tina Rohmat manten-na. Na'udzu billahimin Dzalik.

Sing émut ! yén Alloh swt. Maha Uninga kana niat hamba-hamba-Na, tur Alloh Maha Uninga kana saban-saban perkara nu lumangsung di ieu alam dunya. ku sabab kitu, Alloh netepkeun lamun aya jalma nu maléngos nu ngabalieurkeun diri (tegesna teu butuh, jeung salawasna nukang nonggong) ka Mantenna, tuluy maranéhna nyalindung ka makhluk Alloh nu dianggap ku maranéhna bakal méré manfa'at jeung

madhorot. Maka didieu Alloh swt nandeskeun kalayan katangtuana-Na, yén jalma nu saperti kitu bakal dipegatkeun (tegesna ditutup) lawang-lawang rizkina ti langit, jeung pikeun maranéhna diharamkeun kana sagala macem bentuk jalan kasalamétan. Alloh Maha Sugih jeung teu merlukeun bantuan ti makhluk-Na. Kukituna, pikeun jalma nu siga kitu, Maka ku Alloh sagala urusanana bakal dipasrahkeun ka si éta hamba, tegesna Alloh moal maliré. Malihan Alloh bakal maparin ka manéhna hukuman, kalayan ngancikkeun dina diri maranéhna rasa hariwang, leungitna rasa katingtriman, ilangna rasa tenang, timbulna rasa kateugenah. Sahingga, bakal tumuwuh rasa kurang percaya kana diri pribadina, nga-anggangkeun rasa tumaninah tur nu akhirna bakal disanghareupkeun kana kagagalan jeung kakuciwaan, datangna rasa guligah pinuh ku kahariwang, nu paling parahmah bakal jauh tina ka-Istiqomah-an, jauh tina taufik sareng hidayah Alloh swt. Na'udzu Billahi Min Dzalik

Salajengna Hikmah tina eusining Hadits Qudsy téh *Nu Katilu*, nyaéta pikeun jalma nu salawasna ta'at, tawakal (pasrah, sadrah bari sumerah) ka Alloh wungkul bari Taqwa Ka Manten-Na, maka Alloh bakal maparin Kanugrahaan kalayan kanikmatan nu tambah-tambah, tur Alloh bakal ngajibah sagala do'a-do'ana, bari nedunan sagala pangabutuhna, ogé hasil tinekanaan sagala pamaksudan jeung cita-cita nu dipiharepna. sanaos lisan teukedal pikeun munajat nyuhunkeun ka Alloh swt. Manten-Na parantos Uninga, sabab saméméh si jalma nu salawasna ta'at, tawakal bari Taqwa Ka Manten-Na seja munajat nyuhunkeun pitulung ka Alloh, Alloh parantos maparin pitulung. Ogé saméméh si éta jalma nyuhunkeun panghampura tina sagala dosana, Alloh parantos ngahampura tina sagala dosa sareng perdosaan-nana.

Cidekna, setiap hamba Alloh nu salAmiina kedah nyalindung, ngagantungkeun diri, masrahkeun diri jeung sieun ku Alloh wungkul,

Mudah-mudahan urang sadayana kalebet jalmi nu salawasna nyalindung, ngagantungkeun diri, masrahkeun diri jeung sieun ku Alloh wungkul, ogé dina setiap tingkah jeung paripolah di sanggakeun wungkul

ka Allah swt. bari ngaleungitkeun sifat syirik ka Allah. Tur mudah-mudahan urang sadayana salawasna tawakal bari Taqwa Ka Manten-Na. *Amiin Ya Allah Ya Robball 'Alamiin.*

Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

## 11. Makna Dzikirulloh Ta'ala

الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ

“Nyaéta jalma-jalma anu ariman jeung anu haténa ngarasa tengtrem lantaran éling ka Allah. Sing inget! ngan ku jalan éling ka Allah haté (manusa) jadi tengtrem” (Q.S. Ar-Ro’du [13]: 28).

Kecap *ذَكَرَ* (Dzkrun) asalna tina kecap *يَذْكُرُ* (Yadzokuru) *ذِكْرًا* (Dzikron) وَتَذَكَّرًا (Wa Tidzkaron) nu mibanda arti “éling/inget”. Sedengkeun nu dimaksud dzikir didieu, nyaéta ucapan-ucapan nu ngandung tujuan pikeun ngagungkeun, nyucikeun sareng muji Allah swt. kalayan ku mangpirang-pirang bentuk jeung cara nu tujuanna pikeun taqorrub (ngadeukeutkeun diri ka Allah).

Dzikir téh mangrupikeun hiji pagawean nu kacutat dina Al-Qur’an Dawuhan Allah swt. kalayan kaunggel dina mangpirang-pirang ayat-Na. Dzikir téh mangrupikeun hiji jalan jeung konci hakékat pikeun jalma-jalma nu seja miluruh jalan karidhoan Allah swt. tur dzikir téh bisa jadi wasilah/marga lantaran ningkatna darajat kawalian. Hal ieu téh luyu sareng Dawuhan Rosululloh saw.:

عَدُوَّكُمْ تَلْفُوا أَنْ مِنْ وَخَيْرِ لَكُمْ وَالْوَرَقَ الدَّهَبِ إِفْئَاقٍ مِنْ وَخَيْرِ لَكُمْ دَرَجَاتِكُمْ فِي وَأَرْفَعَهَا أَعْمَالِكُمْ بِخَيْرٍ أَنْبَأَكُمْ أَلَا (الْحَدِيثُ) .تَعَالَى اللهُ ذِكْرُ: قَالَ: بَلَى: قَالُوا؟ أَعْنَاكُمْ وَيَضْرِبُونَ قَتَضْرِبُوا أَعْنَاكُمْ

“....Naha aranjeun hayang (héh para sahababat kami) diélingan ku Kami ngeunaan hiji amalan nu kacida hadéna, leuwih hadé tur suci dipayuneun Allah, kacida luhur darajatna, tur leuwih hadé batan nga-infak-keun emas jeung pérak, ogé leuwih luhur tur mulya batan maténi tur dipaténi (syahid) ku musuh (di médan perang)? . Maka para Shohabat ngawaler: ‘ Sumuhun, kantenan baé hoyong pisan’. Tuluy Rosululloh saw. Ngadawuh deui : ‘Amal éta téh nyaéta Dzikirulloh ta’ala (éling ka Allah ta’ala) “ (Al-Hadits).

Salian ti éta dzikir téh mangrupikeun paréntah Allah swt . sakumaha kaunggel dina dawuhanana Qur’an Surat Al-Ahzab ayat 41:

41:الأحزاب) كثيراً ذكراً لله انكروا أمثوا الذين أيها يا

“...Yeuh jalma-jalma anu ariman ! masing inget ka Alloh kalawan sing loba ingetna” (Q.S. Al-Ahzab [33]: 41).

Ditingali tina bentuk jeung cara dzikir téh aya dua bagéan, nyaéta Dzikir ku haté jeung dzikir ku lisan. Tina dua bentuk jeung cara éta duanana ogé bisa dibagi dua deui, nyaéta nu kahiji dzikir dina harti inget/éling nalika geus kaeunteupan panyakit poho, jeung nu kadua, nyaéta dzikir da'im, hartina éling nu langgeng atawa kuat dina élingna/ingetna, tegesna salalawasna éling salirih dumadi sarengkak saporipolah ka Alloh swt.

Anapon Dzikir nu dilaksanakeun ku haté, nyaéta ku cara ngahadirkeun kana jiwa katut raga sahingga (mun bisa) nepi ka ngadarah daging salawasna kana sifat Rohman, sareng Rohim-Na Alloh swt. ogé kana ka-Maha Kawasa-an sareng ka-Maha Agung-an Manten-Na nu teu bisa leupas kabeungkeut dina rasa sareng perasaan, nu akhirna bakal numuwuhkeun rasa karumasaan diri dipayuneun Gusti Nu Maha Suci Alloh Robbul 'Izzaty, yén diri téh lemah, hina, taya kakuatan, taya daya reujeung upaya anging sadayana kersaning Manten-Na.

Sedengkeun dzikir nu dilakukeun ku lisan, nyaéta dzikir ku bentuk ngalobakeun ucapan-ucapan nu kedal tina lisan ku ucapan kalimat thoyyibah, kayaning ngalobakeun nyebut Asma'ul Husna (Nami-nami Alloh), Tasbih (nyucikeun Alloh), Tahmid (Muji Alloh), Takbir (ngagungkeun Alloh), Tahlil (nunggalkeun Manten-Na) sareng sajabu ti éta. Tah dina hal dzikir lisanmah minangka hiji latihan diri pikeun ngabiasakeun lisan ngucapkeun kalimah-kalimah nu hadé bari miharep Rodho Alloh swt. Tur hal ieu hamo bisa dilakukeun lamun teu ngabiasakeun diri ngalakukeunana.

Dua dzikir nu munggaran diuningakeun, nyaéta dizikir haté jeung dzikir lisan kudu bisa saimbang. Hartina, antara lisan reujeung haté téh kudu aya kasapukan ulah pakia-pakia, sabab lamun geus bisa nyapukkeun atawa nyaimbangkeun antara dzikir haté jeung dzikir lisan, bakal ka asup kana 'dzikrul a'dlo'a (الأعضاء ذكراً) dzikir anggauta badan. Tegesna, mun urang geus nyaimbangkeun antara dzikir haté jeung lisan, maka bakal ngawujud hiji tangtungan manusa nu salawasna miara, ngajaga, ngariksa

awak sakujur tina ngalakukeun ma'shiyat ka Alloh swt., teu aya nu dipikaélingna kajaba éling ka Alloh, teu aya nafas nu kaluar-asup kajaba dibarengan ku kedalna lisan ucapan lafadz-lafadz Alloh, salawasna éling kana ka-Maha kawasaan sareng ka-Maha Agungan Alloh swt. tug dugi kaluarna nyawa tina raga.

Dzikir bakal ngabuahkeun hasil pikeun sing saha baé ogé nu salawasna nurut kana katangtuan-katangtuan dimana dzikir éta dilakukeun jeung nu utamanamh ngahadirkeun haté dimana lisan ngalaksanakeun dzikir, nu tujuanana sangkan karasa nikmatna dzikir. Sabab hamo bisa manggihan kanikmatan dzikir, mun haté teu hadir, hartina haté téh jadi poko utama dimana lisan ngalakukeun dzikir, mun haté masih disibukkeun ku haliyah dunya jeung kanikmatanana, maka dzikir nu dilakukeun hamo bisa karasa nikmatna. Jadi, ngahadirkeun haté dina dzikir téh minangka alat pikeun ngahontal kanikmatan dzikir, tegesna dimana dilaksanakeun dzikir ku lisan téh urang kudu ngaleburkeun diri teu aya deui nu nyantel na haté, nu nyangkaruk dina kolbu, nu nyampay dina manah, nu sumarambah kana bayah téh ukur Alloh Pangéran nu ngawasaan diri urang, pangéran nu ngusik sareng malikkeun urang, nu maparin rizki ka urang, nu ngalungsurkeun mangpirag-pirang kanikmatana nu kacida seueurna ka urang sadayana, tur jauhkeun perasaan-perasaan ngeunaan kadunyaan nu salawasna ngabalukarkeun urang lali kana temah wadi poho ka Alloh swt.

Anapon paedah atawa guna jeung manfaat dimana dzikir geus jadi pagawean biwir, dzikir jadi kabiasaan lisan téh nyaéta: *Nu Kahiji*, dimana urang éling ka Alloh dina kaayaan kumaha baé, maka Alloh bakal émut ka urang. Hal ieu téh luyu sareng nu kaunggel dina hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Imam Bazaar nu nyumber ieu Hadits téh sumpingna ti Ibnu Abbas ra.:

*"...Alloh swt. Ngadawuh: "Yeuh Anak Adam ! dimana maranéh inget ka Kami dina tempat jeung kaayaan sepi, maka Kami bakal inget ka maranéh dina kaayaan samodél kitu (dina mangsa jeung kaayaan sepi). Jeung dimana maranéh inget ka Kami dina tempat jeung kaayaan rame, maka Kami ogé bakal inget ka maranéh dina kaayaan samodél kitu (dina tempat jeung kaayaan rame), malah leuwih hadé tina tempat dimana maranéh inget ka Kami". (H.Q.R. Bazaar ti Ibnu Abbas ra.).*

*Nu kadua*, dimana urang ngabiasakeun dzikir ka Alloh swt. Maka urang bakal dipaparin katingtriman bathin. Sakumaha nu kaunggel dina Dawuhan Alloh swt. Qur'an Surat Ar-Ro'du ayat 28:

الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ

“...Nyaéta jalma-jalma anu ariman jeung anu haténa ngarasa tengtrem lantaran éling ka Alloh. Sing inget! ngan ku jalan éling ka Alloh haté (manusa) jadi tengtrem” (Q.S. Ar-Ro'du [13]: 28).

*Nu katilu*, dimana urang salawasna dzikir Ka Alloh, maka urang bakal tamabah deukeut ka Alloh, pon kitu kénéh Alloh bakal nyakétan ka urang luyu reujeung usaha urang dina nyakétan ka Alloh. Tegesna dimana urang ngusahakeun taqorrub ilalloh (ngadeukeutkeun diri ka Alloh) sajeungkal, maka Alloh bakal nyakétan urang sahasta, mun seug urang ngusahakeun taqorrub ilalloh (ngadeukeutkeun diri ka Alloh) sahasta, maka Alloh bakal nyakétan ka urang kalayan sadeupa, mun seug urang ngusahakeun taqorrub ilalloh (ngadeukeutkeun diri ka Alloh) sadeupa, maka Alloh nyakeutan urang bari leumpang, mun seug urang ngusahakeun taqorrub ilalloh (ngadeukeutkeun diri ka Alloh) bari leumpang, maka Alloh nyakétan urang bari lumpat. Kitu saterusna. Sakedik nu disanggakeun seueur nu dipaparinkeun,. Hal ieu luyu reujeung Dawuhan Rosululloh dina Hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Asy-Syaikhoni, Imam Turmudzi nu nyumber ieu Hadits téh dumpingna ti Abi Hurairah ra. Nu hartosna éta hadits téh Nyaéta: “Panyangka/Dugaan Kami sarua reujeung panyangka/dugaan hamba-hamba Kami, jeung Kami bakal babarengan jeung manéhna dimana maranéhna inget ka Kami, maka lamun manéhna inget ka Kami dina dirina (haténa), maka Kami bakal inget dina diri (haté) Kami, dimana manéhna inget ka Kami dina mangsa jeung kaayaan rame, maka Kami bakal inget ka manéhna dina lingkungan rame deui nu leuwih hadé batan éta. Jeung dimana manéhna ngadeukeutan ka Kami sajeungkal, maka kami bakal ngadeukeutan ka manéhna sahasta, kitu deui mun manéhna ngadeukeutan ka kami sahasta, maka kami bakal ngadeukeutan ka manéhna sadeupa, ogé mun manéhna ngadeukeutan ka Kami sadeupa, maka kami bakal ngadeukeutan ka manéhna bari



leumpang, mun seug manéhna ngadeukeutan ka Kami bari leumpang, maka kami ngadeukeutan ka Manéhna bari lumpat”.

Mangga cobian!, nalika urang aya dina kaayaan suci lahir, suci bathin di tempat nu suci bari sepi (saenamah dina wanci peuting) teu aya deu jalmi iwal ti urang sorangan, tuluy calik bari mayun ka kiblat, tuluy meureumkeun panon, tungkulkeun sirah minangka salah sahiji bentuk katawadhuan (ngaréndahkeun diri depe-depe handap asor) dipayuneun Alloh, tuluy urang ngawitan ngalafadzkeun ku lisan ucapan kalimat-kalimat toyyibah kalayan liri-rintih bari ngahadirkeun haté, inget-inget kasalahan urang, kadorakaan urang, kamantangulan urang ka Alloh, kalemahan urang, kafaqiran urang, kamiskinan urang, ka teuwalakayaan urang, tuluy bathin urang ngajerit ka Alloh mugia Manten-Na maparin pangahampura, maparin pitulung sareng pituduh ogé pangraksa sareng pangriksa ka urang salAmiina tur utamakéun urang neneda ka Manten-Na mugia ngalungsurkeun rohmat sareng Ridho-Na. Insyaalloh mun ieu hal dicobian dilaksanakeun kalayan kontinu komo bari dijadwalkeunmah minangka kagiatan rutinitas ruhaniyah urang sadidinten, maka bakal kabuka cahaya-cahaya nu nyaangan haté tur ngabuka panto-panto hijab (hahalang) rusiah-rusiah kagaiban, ogé ngabuka hahalang jauhna urang Ka Alloh swt.

Mudah-mudahan urang sadayana kalebet kana golongan jalma-jalma nu salawasna dzikir ka Alloh swt dina kaayaan ku maha baé jeung dimana baé ayana, *Amiin Ya Alloh Ya Robbal 'AlAmiin*.

*Wallohu A'lam Bish-Showaab.*

## ***12. Makna 'Abdiyyah jeung Isti'anah***

وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ

Dawuhan Alloh swt. dina Al-Qur'an Surat Adz-Dzariyat ayat 56, Manten-Na ngauningakeun ngeunaan tujuan manusa jeung jin diciptakeun. Yén diciptakeunna manusa jeung jin téh, taya kajaba wungkul keur ibadah. Cindekna, Lamun manusa tugasna wungkul pikeun ibadah, maka manusa disebut *'abid* nu hartosna bujang, ari bujang tugasna pikeun ngalaksanakeun naon nu diparéntah, ogé ninggalkeun sagala hal nu dilarang ku dunungan. Tah didieu, nu jadi dunungan manusa jeung jin

téh, taya lian nyaéta sang Kholik, tegesna nu nyiptakeun. Saha? Alloh Robbul AlAmin.

Jadi, manusa téh abid, manusa téh bujang, tugas bujang nurut ka dunungan, saha nu jadi dunungan manusa? Alloh swt. disebut wéh manusa téh mibanda sifat 'Abdiyyah, hartosna boga sifat penghambaan. Sumujud, pasrah sumembah ti mimiti ucap, manah, lampah, léngkah sareng paripolah di sanggakeun ka nu jadi dunungan, nyatana Alloh swt. Tah éta posisi atanapi kadudukan sareng tugas hirup manusa di alam dunya téh, dina raraga ngeusian hirup sareng kahirupanana, supaya di isian tur di pinuhan waktu-waktuna ku jalan ibadah ka Alloh Robbul 'AlAmin.

Salajengna dina raraga nohonan tugas sareng kawajiban salaku abid. Alloh swt. ngagaduhan tujuan-tujuan nu tos diguratkeun, luyu jeung kafitrahan manusa. Ari fitrah manusa téh pan suci tur mulya, mulyana dimulyakeun ku Alloh *... أَدَمَ بَنِي كَرَمًا وَلَقَدْ* (Bener-bener kami geus ngamulyakeun turunan anak adam ...). Timbul pertarosan.

Naon anu jadi ciri nu mandiri yén manusa téh mulya ?

Nu jadi sabab manusa téh mulya tur dimulyakeun ku Alloh swt. taya lian yén manusa téh di paparin 'akal pikiran nu makhluk séjénmah teu bogaeun. Ku sabab kitu, Alloh maparin tugas ka manusa pikeun mulasara, miara ngamumulé, ngajaga, ngariksa ngadama-dama, béh dieuna, tur ngamanfaatkeun bari syukur béh dituna.

Naon nu kudu di pulasara, dipiara, dijaga diraksa, bari dimanfaatkan téh?. jawabanana: 'Alam Dunya katut eusina'. Dumasar kana éta hal, maka Alloh swt. maparin gelar jeung tugas pikeun manusa. *خَلِيفَةُ فِي الْأَرْضِ* (PAmiingpin di ieu alam dunya) Sakumaha dawuhan Alloh swt dina Al-Qur'an Surat Al-Baqarah Ayat 30:

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَائِكَةِ إِنِّي جَاعِلٌ فِي الْأَرْضِ

"..Jeung nalika Pangéran anjeun (Muhammad) ngadawuh ka para Malaikat: 'Saéstuna kami arék ngajadikeun (ngangkat) khalifah (pAmiingpin) di bumi' ..."  
(QS, Al-Baqarah [2]: 30).

Langkung atra pertélamah ngeunaan tugas manusa dijadikeun khalifah di alam dunya. Mangga titénan dina Qur'an Surat Yunus ayat 14

sareng Qur'an Surat Shaad ayat 26. Jadi, salian manusa diwajibkeun pikeun ibadah téh manusa ogé ngabogaan tugas nu séjén nyaéta jadi *فِي خَلِيفَةٍ* tegesna, jadi 'pAmiingpin di alam dunya'.

Malihan ku Kanjeng Nabi Muhammad saw. Ditegeskeun:

مَسْئُولٌ لَكُمْ رَاعٍ، وَكُلُّكُمْ رَاعٍ عَنِ رَاعِيهِ..... الْحَدِيثُ.

*"...Satiap anjeun téh pAmiingpin, jeung bakal ditanya, bakal dipénta pertanggungjawaban ngeunaan naon nu dipimpinna..."* (Al-Hadits).

Dina raraga nohonan tugas salaku khalifah, Alloh swt teu ngantep kitu baé, ngarah dina ngalaksanakeun tugasna teu sagawayah, teu sambarangan, maka didieu Alloh swt. maparin élmuna, maparin patokan-patokan, maparin aturan, nyatana Agama. Agama didieu, tangtuna baé agama Islam, Agama nu dipikaridho ku Alloh swt. ngalangkungan risalah nu diamanatkeun ka Rosululloh Muhammad saw. (إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ).

Ari tujuan agama dilungsurkeun, taya kajaba supaya manusa dina ngalaksanakeun tugas sareng kawajiban téh teu sagawayah. Sabab wungkul ku agama nu bisa nyalsékeun sagala masalah nu lumangsung di alam dunya. Disebut wéh, yén agama téh mangrupikeun pituduh, kalayan di beungkeut tur di cutat sagalana dina eusining kitab-kitab Alloh diantawisna Al-Qur'an. Tah dina kitab suci Al-Qur'an ngandung mangpirang-pirang patokan kahirupan, turta upamana baé, mun Al-Qur'an nu ngandung mangpirang-pirang patokan kahirupan téh dilaksanakeun atawa diamalkeun sakumaha mistina, maka tanwandé bakal ngawujud dina diri abid téh, hiji wujud tangtungan anu sampurna, nya nu disebut Insan Kamil téa.

Kukituna didieu Jelas, yén manusa hirup kudu jadi 'Abid' tur gaduh kalungguhan salaku kholifah di ieu alam dunya. Ku sabab éta manusa boga sifat 'Abdiyyah, bujang, nu tugasna kudu tumut turut ka sang dunungan nyatana Alloh swt. sareng ngamumulé, ngaraksa ngariksa tur ngamanfa'atkeun naon-naon nu aya di ieu alam dunya.

Salajengna dina ngalaksanakeun kafitrahan salaku 'abid ogé salaku kholifah. Urang dituntut ku Alloh Robbul 'Alamiin. Supaya ngabuktikeun bakti diri, séba raga téh kudu sabener-benerna,. Ngeunaan ha lieu pisan urang sadayana diajarkeun ku Al-Qur'an Dawuhan Alloh swt. dina surat Al-Fatihah anu sering ku urang di baca, khususna dina sholat, aya kalimat ayat nu unggelna kieu: *أَبَاكَ نَعْبُدُ وَآبَاكَ نَسْتَعِينُ* (Wungkul ka anjeun jisim abdi

ibadah sumembah, sareng wungkul ka anjeun gusti jisim abdi nyuhunkeun pitulung).

Kecap **إِيَّاكَ** dina ieu ayat, sapalih ahli tafsir ngajelaskeun:

التَّفَاتِيحَةُ، سِرُّ الْقُرْآنِ وَسِرُّهَا هَذِهِ الْكَلِمَةُ

*"...Yén Al-Fatihah téh minangka rusiahna Al-Qur'an, tur rusiahna aya dina kalimat ieu, (nyatana kecap 'Iyyaka).*

Dina ayat ieu, kecap **إِيَّاكَ** dibulak-balik dua kali, hal ieu nandakeun yén aya dua rusiah, mun dibuka maknana maka kacida jembar hartina. Tegesna, yén dina dua kecap ieu aya dua kecap nu nuturkeunana, nyaéta nu ka hiji **بُنْتُهُ إِيَّاكَ** (wungkul ka anjeun gusti jisim abdi ibadah sumembah), nu ngandung harti, yén urang téh nauhidkeun ka Alloh swt. umaku bari ngaberesihkeun bathiniyah sareng lahiriyah khususna patékadan urang tina hal-hal kamusyrikan. Tur kalimat ieu téh mangrupikeun réalisasi atanapi bukti pernyataan, tina pangakuan urang kana kalimat tauhid ( **لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ** )Taya deui Pangéran nu wajib di ibadah anging Alloh)

Ari harti kecap **نَعْبُدُ** , nyaéta "Kami atanapi abdi-abdi sadaya sumembah ibadah", aya ogé nu ngahartoskeun "Kata'atan abdi-abdi sadaya". Sabab, harti ibadah miturut bahasa, nyaéta kata'atan jeung ngaréndahkeun diri (depe-depe handap asor atanapi tawadhu'). Sedengkeun Mungguh syara,' yén ibadah téh satiap ucapan, patékadan reujeung tingkah paripolah nu dilakukan kalayan ngudag kasampurnaan rasa mahabbah atanapi rasa cinta, tawadhu (depe-depe handap asor), rasa sieun, nu ditungtungan pikeun miharep ridho Alloh swt. Kecap **نَعْبُدُ** ogé tiasa disebut kecap nu mangrupikeun netepkeunnana hiji hamba kana sifat Rububiyah atanapi rasa pangakuan dina mangeran-an Alloh swt.

Pangna jadi sabab kecap **نَعْبُدُ** ditiheulakeun, ieu nuduhkeun kana harti jeung maksud, yén ayana sifat 'Abdiyyah atanapi penghambaan nu ngawéngku kana sifat hamba nu sumembah, hamo lanca-linci, luncat mulang udar tina tali gadang, seja sumembah wungkul ka Alloh swt. salian éta, kecap **نَعْبُدُ** ngandung makna, yén ibadah téh mangrupikeun tujuan, nu jadi wasilah atanapi marga lantaran turunna pitulung Alloh swt. Ku sabab kitu, maka ibadah kagolong hal anu utama tur nu kudu diutamakéun. Tegesna, upamana hiji hamba nu ngakhususkeun, atanapi

nu ngautamakéun kana ibadah, maka tanwandé Alloh bakal maparin pitulung, pangraksa jeung pangriksa ka si éta hamba.

Salajengna nu kadua, nyaéta kalimat: **نَسْتَعِينُ أَيُّكَ** (Wungkul ka anjeun gusti, jisim abdi nyuhunkeun pitulung). kalimat ieu ngarupakeun pangakuan, rasa karumasaan, yén taya daya sareng upaya ogé kakuatan, anging kalayan pitulung Alloh swt. Sarta kapasrahan total ka Alloh swt. kalayan nyuhunkeun pitulungna. Tur kalimat ieu téh mangrupikeun réalisasi atanapi bukti pernyataan kana pangakuan urang kana kalimat:

**لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ**

(Taya daya, upaya reujeung kakuatan anging kalayan izin Alloh Dzat Nu Maha Luhur tur Nu Maha Agung).

Tegesna, dina palebah dieu pisan si hamba munajat, yén wungkul ka Alloh nyuhunkeun pitulung pikeun ta'at, tur nyuhunkeun dipaparin pitulung pikeun nyalsékeun ogé nhabebenah sagala pasualan-pasualan nu aya patula-patalina reujeung duniawiyah pikeun ngahontal mardhotillah. Tegesna, dina ucapan ieu bakal ngalahirkeun sikep nu jauh tina ujub, riya jeung takabur dina ngajalankeun ibadah ka Alloh swt. sabab, sagala nu di lakukeun ku hiji hamba nu tujuanna pikeun ibadah ka Alloh swt. ieu kabéh téh anging kalayan ridho sareng inayah ilahiyyah tegesna pitulung ti Alloh swt. Dumasar kana katerangan ieu, maka ngandung harti, yén dina katerangan ieu kudu ayana sifat 'Isti'anah atanapi kapasrahan total ka Alloh dina raraga nyuhunkeun pitulung, pangraksa, pangriksa reujeung panyalindungan ka Mantenna.

Jadi luyu rejeung katerangan nu munggaran diuningakeun, nuduhkeun, yén nalika hiji hamba maca dawuhan Alloh swt. Surat Al-fatihah palebah ayat nu ka-5 nyaeta abdi: **أَيُّكَ نَعْبُدُ وَ أَيُّكَ نَسْتَعِينُ**. saolah-olah hiji hamba munajat ka Alloh swt ku caritaan: "Duh Gusti nu Maha Suci, Dzat nu mibanda sifat-sifat kaagungan ogé kasampurnaan, nu mibanda pujian ogé nu hak dipuji, nu mibanda sifat Rohman sareng Rohim, tur pangawasa nu ngarajaan dina dintenan wawales ditibankeun ka abdi-abdi sadaya. Duh gusti pangéran Abdi nu sahiji, jisim abdi hamo badé sumembah kanu lian, anging wungkul ka anjeun gusti, jisim abdi hamo neneda pitulung ka nu lian, anging wungkul ka anjeun gusti, jisim abdi nyanggakeun sadaya-daya kata'atan, kakhusu'an, nu ditujukeun wungkul ka anjeun Gusti, sabab, hamo aya nu bisa lumpat tina maksiyat sareng fitnah, iwah ti

pangraksa anjeun gusti, tur hamo aya kakuatan pikeun ngalakukeun kata'atan sareng kakhushu'an, anging kalayan taufik pitulung anjeun gusti, duh gusti tapi ieu ibadah jisim abdi, bukakeun pangraksa, bukakeun lawang pitulung anjeun gusti...".

Mudah-mudahan urang sadaya kalebet golongan hamba-hamba Allah swt. nu salAmiina ngutamakéun ibadah. Nyatana 'abid nu ngaéstokeun sifat 'abdiyyah-na pikeun ningkatkeun 'ubuddiyyah ka Allah swt. tegesna para ahli ibadah. turta jadi jalma anu ngalaksanakeun ka-khalifahan-nana, luyu reujeung kahoyong nu maparin éta kalungguhan, nyatana Allah swt.. *Amiin ya Allah ya Robbal 'Alamiin.*

*Wallohu A'lam bish-Showaab. ®*

### **13. Makna Jeung Kadudukan Amanah**

إِنَّا عَرَضْنَا الْأَمَانَةَ عَلَى السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَالْجِبَالِ فَأَبَيْنَ أَنْ يَحْمِلَهَا  
وَأَشْفَقْنَ مِنْهَا وَحَمَلَهَا الْإِنْسَانُ إِنَّهُ كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا

"Saéstuna Kami geus nawarkeun éta amanah ka langit jeung ka bumi katut ka gunung-gunung, tapi maranéhna embungeun/nolak naggungna jeung aringgiseun dina narimana, tapi éta amanah téh ditanggung ku manusa; saéstuna manusa téh kaayaanana darolim jeung bodo kacida"(QS. Al-Ahzab [33]:72).

Imam Ibnu Katsir ngajelaskeun dina nafsirkeun ieu ayat, yén miturut 'Aun bin Ma'mar Hasan Bashri, saréngsena 'Aun maca ieu ayat, anjeunna nyarita: "Allah swt. geus nawarkeun amanah ka tujuh lapis langit nu ditaretés ku hiasan bentang-bentang jeung planet-planet, ogé nawarkeun ka Malaikat nu manggul 'Arsy Allah: "Naha maranéh kabéh daék manggul ieu amanah kalayan narima sagala resiko jeung akibatna?". Kabéh diantara malaikat nu manggul 'Arasy jeung langit ngajawab: "Nun Gusti ! naon nu bakal katarima tina resiko sareng akibat, saupAmiina abdi nampi kana ieu amanah?". tuluy Allah ngadawuh:

"Lamun manéh ngajaga kalayan hadé kana ieu amanah, maka kami bakal méré ganjaran nu hadé, tapi sabalikna lamun maranéh ngalaworakeun kana ieu amanah, maka kami bakal méré siksa jeung hukuman". Sanggeus dijelaskeun kitu antara langit jeung malaikat nolak taya nu sanggup narima éta amanah.

Tuluy Alloh swt. nawarkeun éta amanah téh ka tujuh lapis bumi anu tohaga nu di paseuk ku gunung-gunung sarta dilengkepan ku sagara jeung walungan nu aya dijerona. Alloh ngadawuh: “Naha manéh daék, hai bumi”?.

Bumi ngajawab: “Nun Gusti ! naon nu bakal katarima tina resiko sareng akibat, saupamiina abdi nampi kana ieu amanah ?”. tuluy Alloh Ngadawuh: “Lamun manéh ngajaga kalayan hadé kana ieu amanah, maka kami bakal méré ganjaran nu hadé, tapi sabalikna lamun maranéh ngalalaworakeun kana ieu amanah, maka kami bakal méré siksa jeung hukuman”. sarua bumi ogé teu sanggupeun tegesna nolak pikeun manggul ieu amanah.

Tuluy ku Alloh ditawarkeun ieu amanah téh ka gunung-gunung, sami bari Ngadawuh: “Naha manéh daék, hai gunung manggul ieu amanah kalayan narima sagala resiko jeung akibatna?”. Tuluy gunung-gunung ngajawab: “Nun Gusti ! naon nu bakal katarima tina resiko sareng akibat, saupamiina abdi nampi kana ieu amanah ?”. tuluy Alloh Ngadawuh: “Lamun manéh ngajaga kalayan hadé kana ieu amanah, maka kami bakal méré ganjaran nu hadé, tapi sabalikna lamun maranéh ngalalaworakeun kana ieu amanah, maka kami bakal méré siksa jeung hukuman”. Sarua gunung-gunung ogé teu sanggupeun tegesna nolak pikeun manggul ieu amanah. Nu akhirna Alloh swt nawarkeun ieu amanah téh ka Kanjeung Nabi Adam as. Sakumaha nu kaunggel dina hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Abusy-Syaikh nu sumberna ti Ibnu ‘Abbas ra.:

“Wahai Adam ! saéstuna Kaula (Saur Alloh) geus nawarkeun ‘amanat’ ka langit jeung bumi, ngan maranéhna nolak henteu sanggupeun narimana. Naha anjeun sanggup nanggung ieu amanah kalayan narima sagala resiko akibatna” Nabi Adam ngawaler: “Nun Gusti ! naon nu bakal katarima tina resiko akibat saupamiina abdi nampi kana ieu amanah?” Alloh ngajealskeun: “Lamun anjeun adam sanggup narimana ieu amanah, maka anjeun bakal dibere ku kaula upah ganjaran nu hadé, tapi sabalikna lamun anjeun adam ngalalaworakeun ieu amanah sanggeus manéh sanggup narimana maka anjeun adam ku kaula bakal dibere siksaan tur kaasup hukumna dosa”. Nabi Adam as. Ngawaler: “Sae gusti saupami kitumah, abdi nampi tur sanggém nanggung ieu amanah kalayan nampi sadaya resiko akibatna” Teu lila ti harita Nabi Adam as. Nalika masih aya

disyurga antara waktu shubuh nepi ka ashar, lumangsung kajadian ngagodana Syétan ka Nabi Adam as. Jeung Siti Hawa' sahingga duanana dikaluarkeun tina syurga".

Dina leresan ieu ogé Imam Al-Hafidz Ibn Al-Jauzy, ngajelaskeun: "Satemenna Alloh swt. nalika réngsé nyiptakeun Adam tuluy niupkeun ka manéhna ruh, maka didatangkeun ka Adam 'Amanah' kalayan bentukna hiji batu anu kacida badagna. Tuluy Alloh nawarkeun éta amanah anu bentukna batu badag téa ka langit, bari méré paréntah: "Panggul ku anjeun !" tapi langit nolak bari nyarita: "Duh Gusti pangéran Abdi ! abdi teu kiat, teu sanggém manggulna". Tuluy datang Adam as. Bari ngeundeuk-ngeundeuk tur ngagerak-gerakkeun éta batu, bari nyarita: "Mun seug Alloh ngersakeun, kami sanggup manggul ieu batu". Tuluy ku adam as. Dicoba diangkat nepi ka lebah cangkeng tuluy di panggul dina tak-takna, barang geus ngarasa sanggup ngangkat éta batu tuluy adam seja ngecagkeun deui éta batu kana tempat asalna, teu jadi sabab Alloh ngadawuh: "Wahai Adam ! antepkeun éta batu téh tetep dina taktak anjeun, teng diecagkeun deui, antepkeun amanah ieu téh tetep aya dina taktak anjeun jeung anak incu turunan anjeun nepi ka poé kiamah, jeung kami (saur Alloh) bakal méré ganjaran nu hadé kanu netepkeun ieu amanah jeung kami bakal méré siksaan ka nu ngalaworakeunana".

Ngeunaan amanah nu di tawarkeun ku Alloh ka Kanjeng Nabi Adam as. Ayana ikhtilaf diantara para ulama, tegesna timbul beda pamadegan dina nafsirkeunana, aya nu nyebutkeun yén amanah nu ditawarkeun ku Alloh téh bentukna hakiki. Sabab, hal éta téh teu mustahil dilakukeun ku Alloh swt. pikeun némbongkeun perkara nu ma'nawi atanapi nu teu kaasup akal, jadi bisa kahontal ku 'akal kalayan kawasa Alloh swt., "Innalloha 'Ala Kulli Syai'in Qodiiir (Saéstuna Alloh Maha Kawasa kana sagala perkara). Aya ogé nu nyebutkeun yén tawaran Alloh swt ngeunaan amanah téh sifatna majazy hartosna kiasan wungkul, tapi najan bari majazy ogé hal ieu téh bisa direalisasikeun jeung mampuh kahontal ku akal. Kitu ceuk sapaalih para ulama ngeunaan nafsirkeun amanah nu ku Alloh swt

Pon kitu kénéh, ngeunaan maksud jeung tujuan kecap 'Al-Amanah' ditawarkeunh nu munggaran, aya ikhtilaf/perbedaan diantara para Ulama.



Aya nu nyebutkeun yén amanah téh 'Syahadat-Tauhid' nyatana 'Laa Ilaaha Illalloh'. Aya ogé nu nyebutkeun yén amanah téh nyaéta 'Huruf Hijaiyyah', jeung aya ogé nu nyebutkeun amanah téh nyaéta 'akal' pikiran manusa nu ngabedakeun antara manusa jeung makhluk séjénna. Aya ogé nu nyebutkeun yén amanah téh, nyaéta agama, hal-hal nu difardhukeun, batesan-batesan nu tos jadi katangtuan Alloh swt, ta'at ka Alloh, shalat, puasa, kulawarga, jeung mandi janabat. Jeung rea-rea deui.

Imam Al-Asfihany leuwih nyaluyuan kana pamadegan, yén amanah téh 'akal pikiran'. Sabab, kalayan akal éta, manusa bisa tur mampuh neuleuman bari ngarti kana harti eusining kalimat 'Syahadat Tauhid', lumakuna ka'adilan, tur bisa ngarti bari paham sarta ngajaga bari ngulik diajar kana eusining 'Huruf Hijaiyyah'. Salian ti éta ku akal pikiran pisan, manusa bisa ngagali potensi dirina dina raraga ngotektak kana élmu-élmu Alloh tur nganyahoikeun bari ngulik pangarti ngeunaan naon baé nu sanggup dilakukeun ku manusa sorangan. Jeung ku akal pisan manusa jadi unggul ngaleuwihan makhluk-makhluk Alloh séjénna.

Didieu Imam Ibnu Katsir ngauningakeun ngeunaan amanah, nyaéta sakabéh pamadegan nu diuningakeun ku para ulama téh, teu aya nu pagedrug antara pamadegan hiji jeung pamadegan nu séjénna, kabéh ogé museur tur ngamuara kana hiji titik. Nyatana Ta'lif hartina tanggungan atanapi beban hukum, undang-undang jeung aturan sarta ngeunaan prak-prakna ngalaksanakeun éta kabéh. Tegesna, narima éta tanggungan atanapi beban hukum, undang-undang jeung aturan téh ku jalan ngalaksanakeun sagala paréntah Alloh jeung ninggalkeun sagala nu dilarang ku Alloh swt. kalayan narima sagala resikona. Lamun dilaksanakeun éta paréntah luyu jeung katangtuan nu geus diguratkeun ku Alloh, maka bakal dipaparin ganjaran. Sabalikna, lamun ninggalkeun éta paréntah kalah ka ngalaksanakeun nu dilarang ku Alloh swt. maka bakal dipaparin hukuman tur ka asup kana lampah dosa. Dumasar kana hal éta, kacindekkan maksud jeung tujuan amanah téh, nyaéta tanggungan atawa beban hukum Alloh nu dipaparinkeun ka manusa pikeun dilaksanakeun tur di larapkeun dina ngisi kahirupannana di ieu alam dunya.

Dina Al-Qur'an kacutat aya sababaraha ayat nu eusina Alloh nyebutkeun masalah amanah, ogé dina sababaraha Hadits dawuhan Kanjeng Nabi Muhammad saw. Tina ayat-ayat sareng Hadits Rosululloh

saw. jelas pisan, yén amanat téh kacida beuratna dina naggungna. Sabab tisoledat weh saeutik tina maksud jeung tujuan éta amanah, maka bisa kaasup tigebrus kana khianat. Dina kahirupan sapopoé urang sadayana bisa ningali bari niténan, dumasar kana penjelasan-penejelasan nu munggaran ngeunaan amanah pikeun urang sadaya salaku manusa nau tos kagok borontok nyebat sanggup bari narima sagala resiko jeung akibatna. Sok padahal dina akhir ayat disebatkeun yén manusa téh kagolong nu kaayaanana darolim jeung bodo kacida, hartosna yén di sisi lain urang téh ngarasa bungah sabab diparcaya ku Alloh dina naggung ieu amanah, tapi di sisi lain urang kudu hariwang inggis ku bisi rempan ku kaayaan urang sadaya teu bisa ngalaksanakeun éta manah, anu resikon jeung akibatna lain pahala nu dipibanda tapi kalah ka siksa nu ditampa, Na'udzubillaahi min dzaalik. Kukituna Alloh swt ngawanti-wanti dina Dawuhanan dina surat Al-Anfal ayat 27:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَخُونُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ وَتَخُونُوا أَمَانَاتِكُمْ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ

“...Hai jalma-jalma nu airman ! poma anjeun ulah ngalakukeun persulayaan (Khianat) ka Alloh jeung Rosul-Na jeung poma ulah ngakhianat kana amanat-amanat diantara maranéh, sok padahal maranéh geus nyaraho”. (QS. Al-Anfal [8]: 27).

Mun diringkes ngeunaan amanah, nu ditibankeun pikeun urang sadaya dina ngisi kahirupan di ieu alam dunya téh, diantarana baé nyaéta:1) Agama, tangtuna baé agama didieu agama Islam; 2) Élmu Pangawéruh, anu kaitanana sareng akal pikiran; 3) umur urang sadayana; 4) Rizki, anu kaitananana sareng kanikmatan-kanikmatan nu dipaparin ku Alloh swt., sareng 5) kulawarga.

Mudah-mudahan urang sadayana kalebet kana golongan jalma-jalma nu salAmiina bisa ngajaga, ngariksa, ogé ngamanfaatkeun amanah Alloh swt. dina raraga urang ngahontal Mardhotillah (karidhoan Alloh swt). *Amiin Ya Alloh Ya Robbal 'Alamiin.*

## 14. Kautamaan Do'a

Dina Al-Qur'an aya 203 ayat nu ngabéjakeun kecap du'a, nu hartina beda-beda, diluyukeun reujeung redaksi tujuan ayat nalika di wahyukeun ka Kanjeng Nabi Muhammad saw., aya nu artina ibadah, ngagero, menta, muji jeung sajabana. Sedengkeun du'a nu dimaksud didieu, nyaéta du'a nu mibanda harti, ngagero dina raraga menta hiji perkara nu kaitanana jeung perkara nu diarep-arep ti Alloh Nu Maha Agung tur Kawasa.

Dina kahirupan, manusa merlukeun hiji tincakan nu bisa mere rasa tingtrimna bathin. Atawa merlukeun hiji tali nu bakal jadi pupuntangan hirup. Nya tincakan jeung tali éta téh nyaéta do'a. Ngado'a ngarupakeun kabutuhan ruhaniyah nu kacida diperelukeun ku manusa dina sajeroning ngeusian kahirupan jeung nyanghareupan pasu'alan-pasu'alan kahirupan nu geus jeung nu keur disanghareupan, komo deui dimana ayana kasusah jeung musibah. Kukituna, sabagian ulama nyebutkeun, yén do'a téh mangrupikeun obat pikeun panyakit ruhaniah, misalna, panyakit kasieun, guligah rasa, rasa cangcaya, rasa watir, jeung sajabana ti éta.

Kaumuman manusa, ngado'a ka Alloh téh dilakukeun nalika nyanghareupan kasusah jeung kasulitan atawa nalika katibanan musibah wungkul. Tapi nalika kaayaan geus tenang, katingtriman bathin geus ngancink kacangking, tegesna di ijabah ku Alloh. Ulah-ulah kana ngado'a malah nu leuwih parahmah terkadang mopohokeun ka Alloh nu ngaijabah éta do'a. panyana manéhnamah yén sagala ni'mat, kahontal hiji harepan, jeung katedunanana hiji kahayang téh meunang usaha maranéhna sorangan, tanpa ayana campur leungeun Alloh swt. sok padahal, tanpa ayana inayah (pitulung) Alloh swt. tanwande maranéhna téh moal bakal bisa ngahontal naon-naon nu jadi harepan hirupna. Sikep samodél kitu téh kacida gorengpatutna. Sabab, manéhna ngagunakeun do'a téh minangka tempat panglumpatan pikeun neangan jalan kaluar wungkul tina salah sahiji kasusah nu keur karandapan, bari jeung kitu manéhna téh kaasup jalma nu nempatkeun do'a lain dina tempatna nu ngabogaan fungsi minangka salah sahiji bentuk ibadah nu kudu dipigawe kalayan tartib jeung istiqomah teu kaukur ku waktu jeung ku kaayaan.

Gambaran sikep jeung tabe'at manusa nu samodél kitu téh ku Alloh swt. dijalentrekeun ku Dawuhanana nu kaunggel din Al-Qur'anul Karim surat Fushilat ayat 51:

وَإِذَا أَنْعَمْنَا عَلَى الْإِنْسَانِ أَعْرَضَ وَنَأَى بِجَانِبِهِ وَإِذَا مَسَّهُ الشَّرُّ فَذُو دُعَاءٍ عَرِيضٍ

"...Nalika Kami maparin kanikmatan ka Manusa, maka maranéhna ngabalieur sarta ngajauhkeun diri (tina iman), tapi saupamana kasusah tumiba ka maranéhna, maka manéhna menta (tegesna ngado'a) ka Kami taya kendatna".

Sikep jalma Mu'min, dina masalah ngado'a sakuduna dilakukeun nalika keur susah atawa keur bungah, Tegesna salalawasna ngajadikeun do'a téh minangka ibadah jeung senjata dina ngeusian kahirupan. Sakumaha dawuhan Rosululloh saw. Nudiriwayatkeun ku Imam Bukhary:

"Do'a téh minangka sungsumna ibadah". (رواه البخاري) *أَلَدُعَاءُ مَخِّ الْعِبَادَةِ*

Didieu tos jelas, yén do'a téh mangrupikeun inti poko-na ibadah ka Alloh swt. ku hal sakitu, maka ngado'a téh kudu diwungkulkeun atawa diarahkeun tujuannana pikeun menta ka Alloh swt. ulah ka salian Alloh swt. sakumaha ikrar urang nalika urang ngaos surat Al-Fatihah dina nalika urang sholat, boh di luar sholat ku kalimat ayat : .....

(...Wungkul ka anjeun gusti, jisim abdi nyuhunkeun pitulung). kalimat ieu ngarupakeun pangakuan, rasa karumasaan, yén taya daya sareng upaya ogé kakuatan anging kalayan pitulung Alloh swt. sarta kapasrahan total ka Alloh swt. kalayan nyuhunkeun pitulung sareng kamuarahan Manten-Na. Tur kalimat ieu téh mangrupikeun réalisasi atanapi pernyataan tina

pangakuan *لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا بِاللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ* (Taya daya, upaya reujeung kakuatan anging kalayan izin Alloh Dzat Nu Maha Luhur tur Nu Maha Agung). Tegesna, dina palebah dieu pisan si hamba munajat, yén wungkul ka Alloh nyuhunkeun pitulung pikeun ta'at, tur nyuhunkeun dipaparin pitulung pikeun nyalsékeun ogé ngahabebeulah sagala pasualan-pasualan nu aya patula-patalina reujeung duniawiyah pikeun ngahontal mardhotillah. Tegesna, dina ucapan ieu bakal ngalahirkeun sikep nu jauh tina ujub riya jeung takabur dina ngajalankeun ibadah ka Alloh swt. sabab, sagala nu dilakukeun ku hiji hamba nu tujuanna pikeun ibadah ka Alloh swt. ieu kabéh téh anging kalayan ridho sareng inayah ilahiyyah tegesna pitulung ti Alloh swt. Dumasar kana katerangan ieu, maka ngandung harti yén dina katerangan ieu kudu ayana sifat 'Isti'anah atanapi kapasrahan total ka Alloh dina raraga nyuhunkeun pitulung, pangraksa, pangriksa reujeung panyalindungan ka Mantenna.

Jadi, Sakumaha gagahna jeung kuatna hiji jalma, lubak-libuk loba harta bandana, sagala salieuk beh, diuwuh ku pangkat jeung kalungguhan. Tapi pasti aya kalana meunang pasu'alan kahirupan nu teu bisa diungkulan ku dirina. Hal ieu nuduhkeun hiji bukti yén hakékat manusa téh kacida lemahna. Kabéh ogé aya watesanana. Sagala nu aya nu dipibanda kabéh ogé sifatna sementara, taya nu langgeng. Sabab, hakékat sagala nu aya ogé nu dipibanda ku manusa éta mangrupikeun milik Alloh swt. Dipaparin ka manusa minangka bentuk amanat nu bakal dipenta pertanggung awabanana ogé minangka kawelas-asihan mantenna. Memang, Alloh swt. nyiptakeun ieu alam dunya katut eusina keur kapentingan manusa Tapi sok sanajan kitu, manusa dituntut ikhtiyar atanapi usaha keur nyumponan kabutuhan jeung kapentingan hirup jeung kahirupanana. Ngan hasil jeung henteuna sagala ikhtiyar nu dilakukeun, éta kabéh di luar kakawasaan manusa. Manusamah ukur darma ikhtiyar, nu jadi katangtuan nu pasti aya dina kakawasaan Alloh swt. Kukituna dina raraga ieu pisan, manusa diperedih dina ngalakukeun ikhtiyar téh ulah kandat-kandat ngadu'a ka Alloh swt. Sangkan sagala ikhtiyarna tinekanan luyu jeung nu diharepkeun. Ulah sampe boga rasa pedah sagala aya, sagala mampu, sagala boga, ngarasa luhur kuta gede dunya, terus boga rasa adigung adiguna, tur boga rasa optimis atawa kapastian sagala bakal tinekanan, sahingga teu diimbangan ku ngadu'a ka Alloh. Tah pangrasa samodél kitu téh geus deukeut kana sifat kasombongan. Sedengkeun ka sombongan éta téh mangrupikeun sifat anu dibenduan Alloh swt. Sabab Alloh ngadawuh dina Hadits Qudsy nu diriwayatkeun ku Imam Muslim jeung Imam Thobrony nu sumberna ti Sayyidina 'Ali Karomallohu wajhah: *"...Kakuatan jeung kamulyaan éta baju kami, kaagungan jeng kakawasaan éta salendang kami. Maka sing sah jalmana nu bogha rasa nyaruaan kami (tegesna, boga rasa sombong) maka kami bakal nibankeun siksa ka manéhna"*

Jalma-jalma anu ngarasa dirina dho'if atawa lemah pinuh ku rasa tawadhu' depe-depe handap asor boh dipayuneun Alloh swt ogé dipayuneun manusa. Éta dianggap jalma anu pinunjul. Sabab manéhna terus-terusan ngadeukeutkeun dirina ka Alloh swt. Ku ngajalankeun ibadah, boh anu wajib pon kitu kénéh anu sunah. Salah sahiji bentuk ibadah do'a anu utama nyaéta nalika urang ngalaksanakeun sholat. Sabab aya katerangan nu nyebutkeun sholat téh hartina do'a dumasar kana Dawuhan Alloh dina Al-Qur'anul karim surat At-Taubah ayat 103:

خُذْ مِنْ أَمْوَالِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ وَتُزَكِّيهِمْ بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ إِنَّ صَلَاتَكَ سَكَنٌ لَهُمْ وَاللَّهُ

"..... jeung prak geura do'akeun (Muhammad) maranéhna, sabab saéstuna doa anjeun (Muhammad) téh bakal jadi katingtriman pikeun maranéhna. Jeung saéstuna Allah maha ngadangu tur maha uninga" (QS. At-Taubah [9]: 103).

Ku sabab kitu pisan, jalma nu tara ngado'a ka Allah swt. Ku Kanjeng Nabi saw. Dijelaskeun, manéhna téh kagolong jalma anu apes, jalma anu lemah, jauh tina kapunjulan dina kahirupan, najan di dun yana manéhna aya dina kaunggulan dina sagala widang kahirupan, tapi hakékatnamah dipayuneun Allah manéhna kacida hinana. Sakumaha Dawuhan Rosululloh saw. Nalika para shahabat naros ka anjeunna:

"Wahai Nabiyallah! kinten-kinten saha jalmana diantara manusa nu pangapes-apesna? Kanjeng Nabi ngawaler: jalma nu pangapes-apesnana (tegesna nu panglemah-lemahna) téh nyaéta jalma anu panglemahna ngadu'a (tegesna tara ngado'a)".

Alloh moal ngaraos bendu upamana baé sakabéh hamba-hambana ngado'a. Malah Allah bakal leuwih mikaasih ka sing saha baé jalmana nu ngalobakeun do'a. Malah ngado'a téh mangrupikeun paréntah ti mantenna. Sakumaha dawuhan Allah swt dina Al-Qur'anul Karim "Jeung lamun hamba-hamba kami nanyakeun (ka Anjeun Muhammad) ngeunaan Kami, (maka pok caritekeun satemenna kami téh deukeut, pikeun ngajibah kana sagala pamenta hamba kami nu ngado'a nalika manéhna ngado'a ka Kami. Maka geura prak menta ka Kami sarta kudu iman ka Kami, supaya maranéh kabéh meunang pituduh".

Mudah-mudahan urang sadayana teu kalebet golongan jalma-jalma nu paeh haténa tina sapuluh perkara nu jadi sabab kahalangna do'a nu disuhunkeun ku urang sadayana ka Allah swt. Sakumaha nu kaunggel dina kitab 'Durrotun-Nasihin' nu nyutat hija bahasanana tina kitab 'Hayatul Qulub' karya Asyafiq Al-Balaky nu nyaritakeun: yén aya salah sahiji ulama tasawuf nu masyhur di nagri Bashrah nu namina Ibrahim bin Adham nu katelahna Aba Ishaq, anjeunna nuju lunta ngaliwatan pasar Bashrah, tuluy jalma-jalma di éta pasar ngariung nyakétan anjeunna, bari satuluyna jalma-jalma nu ngariung téh menta penjelasan ngeunaan naon sababna, pangna Allah swt tacan ngajibah baé do'a-do'a maranéhna.

Maka Ibrahim bin Adham ngawaler: *"Naon sabab Alloh teu ngaijabah baé do'a maranéh kabéh, lain Alloh teu ngaijabah do'a maranéh, tapi aya hahalang dina diri maranéh kabéh sahingga do'a maranéh teu diijabah. Hahalang éta téh, nyaéta: (Paehna haté manéh dina sapuluh perkara), nu éta sapuluh perkara téh, diantarana baé:*

- 1) maranéh nyaho ka Alloh tur ngaku yén Alloh téh pangéran manéh nu sahiji. Tapi maranéh kabéh teu nyumponan hak-hak mantenna). Sabab Alloh swt ngadawuh dina Hadits Qudsy: *"Kami moal nyumponan haq hamba kami samemeh maranéhna nyumponan hak-hak Kami). Anapon hak Alloh nyaéta: sagala bentuk paréntah nu kudu dilaksanakeun jeung larangan nu kudu dijauhan kua anjeun kabéh"*
- 2) Anjeun téh sering maca Al-Qur'an, tapi eusina dibaékeun atawa dipopohokeun, tegesna teu jadi pangéling-ngéling.
- 3) Nu katilu anjeun akon-akon cinta ka Rosululloh saw., tapi sunah-sunahna ku anjeun ditinggalkeun).
- 4) Anjeun umaku ngamusuh ka syétan, tapi dina kanyataanamah malah anjeun nyaluyuan tur migawe pagawean maranéhna).
- 5) Nu Kalima anjeun hayang asup ka syurga, tapi jalan anu nuju ka syurga ku anjeun teu dipilampah).
- 6) Nu Kagenep anjeun ngewa tur embung jadi ahli naraka, tapi jalan pagawean pinarakaen malah dipilampah).
- 7) Anjeun sok teu sadar, arai kana kasalahan batur ditalungtik, saeutik baé batur salah anjeun ngucik-ngucik awas bari sidik, tapi kana dosa kasalahan sorangan anjeun teu diaku malah asana téh teu boga salah, salilana asa pangbenerna).
- 8) Nu Kadalapan anjeun sok pirajeuneun nitah bener ka batur, tapi dirina anjeun sorangan kalakuan téh teu eucreug).
- 9) Anjeun sok pirajeuneun ngajurung-ngajurung ka batur kudu ngaluarkeun zakat, kudu ngaluarkeun shodaqoh, tapi diri anjeun sorangan tara pernah zakat, tara pernah shodaqoh, meditna kabina-kabina), sareng .
- 10) Anjeun sering nganteur-nganteur mayit ka ka makam pakuburan, tapi teu ngancik saeutik-eutik acan rasa éling yén anjeun ge bakal saperti kitu).

Mudah-mudahan urang sadayana salamina dipaparin istioqomah dina ngadu'a supaya naon anu ku urang disuhunkeun nu atos sareng nu

nuju disuhunkeun sing enggal-enggal di ijabah ku Alloh swt. turta mugia urang sadayana sing kalebet golongan ahli ibadah. *Amin Ya Alloh Ya Robbal 'Alamiin. Walloohu A'lam.*

*Waalloohu A'lam Bish-Showab®*

## **15. Kautamaan Sholat Jum'at**

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا نُودِيَ لِلصَّلَاةِ مِنْ يَوْمِ الْجُمُعَةِ فَاسْعَوْا إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ وَذَرُوا الْبَيْعَ  
ذَلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ

"...Yeuh jalma-jalma anu ariman ! Upama dicelukkan atawa digeroan pikeun sholat dina poé juma'ah, prak maranéh geura paheula-heula kana éling ka Alloh swt, sarta maranéh kudu ninggalkeun dagangan (pagaweun); perkara kitu téh hadé pikeun maranéh upama maranéh nyaraho mah"(QS. Al-Jumu'ah [52: 9).

Asbabun Nuzul (sabab-sabab lungsurna ieu ayat) téh nalika aya diantarana para shahabat nu masih ngalakukeun perdagangan dina mangsa Rosululloh saw. Nuju khutbah dina sholat jum'at. Sakumaha dawuhanana dina Haditsna anu sumpingna ti Jabir Ra. Diriwayatkeun ku Imam Muslim: "..Saéstuna Nabi saw. Nuju khutbah bari ngadeg, nya datang kafilah (rombongan dagang) ti Syam sarta tuluy jalma-jalma nyalampeurkeun (kalebet sapaalih shohabat nu nuju ngalaksanakeun sholat jum'at) nepi ka sesana tinggal dua belas urang"

Tah dumasar kana ieu katerangan, maka ayat nu munggaran téh mangrupikeun ayat anu jadi dasar hukum wajibna ngalaksanakeun sholat jum'at anu dilaksanakeun sAmiinggu sakali dina dinten juma'ah. Sholat Juma'at téh hukumna Fardhu 'Ain (wajib 'ain) hartosna kawajiban nu ditetepkeun pikeun saban jalma anu ngaku dirina muslim sareng mu'min ti pihak lalaki wungkul anu tos dewasa atanapi 'Akil baligh, dina kaayaan merdeka (lain hamba sahaya) tur dina kaayaan séhat jeung muqimin (cicing ditempat padumukunna atawa lain dina perjalanan anu éta perjalanan téh ukuran jauhna sahingga kudu ngalakukeun shalat qashar jeung jama', tegesna miturut madzhab syafi'imah lalampahana téh jauhna kira-kira 80 km). Hal ieu téh dumasar kana hadits Rosululloh saw. Nu sumpingna ti Thoriq bin Syihab RA. Nu nguping ti Abu Musa Al-Asy'ari anu ditakhrij atanapi diriwayatkeun) ku Imam Abu Dawud jeung Imam



Hakim (anu ieu hadits téh kalebet hadits Mursal Shohaby anu sah lamun dipake hujjah atawa dalil:

*"...Rosululloh saw. Ngadawuh: Sholat Juma'ah téh mangrupikeun hak kawajiban nu kudu dilaksanakeun ku kaum muslimin lalaki, kajaba opat golongan, kahiji hamba sahaya (budak belian/anu ayeunamah tos teu aya) kadua kaum muslimin ti pihak awewe, barudak anu acan akil baligh, jeung jalma anu gering (parna teu walakaya)"*

Jadi, anu wajib ngalaksanakeun sholat jum'atmah wungkul pikeun lalaki, ari kaum istrimah teu diwajibkeun tapi wajib pikeun maranéhna ngalaksanakeun sholat dzuhur. Anapon pelaksanaan sholat jum'at téh dilaksanakeun dina poé juma'ah dina waktu dzuhur anu dimimitian ku dua khutbah kalayan dilaksanakeun berjama'ah anu miturut Madzhab Imam Syafi'imah jumlah jama'ahna kudu aya 40 urang tur muqim (tegesna jalma anu padumukanna matuh didinya), tapi aya nu nyebutkeun sapalihna ulama ngeunaan jumlah anggota jama'ah téh taya katangtuan dina masalah jumlah, hartosna bade duaan bade tiluan atanapi langkung sholat juma'ah tiasa dilaksanakeun.

Ngeunaan tempat ngalaksanakeun sholat jum'at, sakuduna diayakeun di sajeroning nagri, ditengah-tengah kota, lembur atawa kampung, nu rahayatna tos netep lain pendatang, sabab di zaman Rosululloh saw. Jeung para shahabat nu opat, sholat juma'at téh dilaksanakeun di tempat dimana rahayatna geus netep atanapi matuh. Kajaba éta, mun bisamah di hiji kampung, kota atawa desa téh cukup ku hiji Masjid anu tos ditangtukeun ku kesepakatan sarerea. Anging bisa ngadirikeun deui masjid lamun aya hal-hal anu matak mawa madhorot, saperti ku sabab teu muat jama'ahna loba teuing, atawa salembur tapi kahalangan ku walungan atawa jalan raya anu matak mawa madarat atanapi bahaya. Atawa ogé salembur atawa sa-kota anu memang masyarakatna hese di hijikeun (Idhtiroril Ijtima'iyah) beda paham atawa aya hal-hal anu matak ngarusak kana persatuan jeung kawenteuhan umat islam, tah miturut ulama kontemporer ayeuna bisa ngadirikeun deui masjid tibatan kajadian papasean antara umat islam. Kitu sapalih katangtuan miturut sapalih para ulama ahli fikih.

Salajengna ngeunaan rukun-rukun-na sholat jum'at, anu diantawisna nyaéta khutbah dua kali nu diselangan ku diuk diantara dua khutbah. Tah dina masalah ieu pisan, loba omeaneun nu kudu dibebenah, supaya sholat

jum'at nu dilaksanakeun ku urang téh teu nganggur, henteu percuma, luyu jeung elmuna, sahingga bisa kapetik hasil jeung ka ala pahalana dina raraga urang ngalaksanakeun kawajiban ibadah ka Alloh swt, masalah nu kudu diomean téh nyaéta, ngeunaan sok aya diantarana nalika lumangsungna khotib keur khutbah aya diantawisna para jama'ah sholat jum'ah sok ngobrol atanapi ngalakukeun hal-hal anu ngarusak kana konsentrasi ngaregepkeun khutbahna Khotib. Hal ieu téh miturut sapaalih ulama fikih haram dilakukeun, sabab lamun masih dilakukeun maka sholat jum'atna teuaya hasilna, tegesna sarua jeung teu ngalaksanakeun sholat jum'at, anu jadi dasar supaya ulah ngarobrol dina nalika khotib keur khutbah nyaéta Hadits Rosululloh saw. Anu sumpingna ti Abu Hurairoh ra. Anu diriwayatkeun ku Imam Bukhori sareng Imam Muslim:

*"...Lamun maranéh nyarita ka batur manéh "Anshit" (cicing manéh repeh tong gandeng!) dina poé juma'ah nalika imam keur khutbah, maka maranéh geus ngalakukeun hal nganggur tegesna sholat jum'atna teu aya gunana"*

Dipertegas deui ku hadits ti Ibnu 'Abbas ra. Nu ditakhrij ku Imam Ahmad nu mangrupikeun tafsir tina Hadits munggaran: "...Sing saha jalma nu ngomong dina poé jum'at bari imam keur khutbah, tah manéhna ibarat himar (kuda leutik nu hina) nu mamanggul kitab, kaasup jalma diantara maranéh nu ngomong ka batur "cicing manéh repeh" tah éta téh kagolong jalma nu ngalaksanakeun sholat jum'at tapi teu kaala hasil pahana, tegesna sarua jeung teu ngalaksanakeun sholat jum'ah".

Dina hadits ieu dijelaskeun kalimat "ansit' anu nuduhkeun kana panyarek hartosna "cicing manéh repeh!", jeung "Man Takallama" sing saha nu ngomong dina nalika khotib keur khutbah, ngandung harti nyarek batur supaya repeh nalika khotib keur khutbah geus kaasup nganggur atanapi percuma sholat jum'atna teu boga nilai, komo-komo ngobrol. Tah dumasar kana hal ieu pisan mangga dina raraga urang nohonan salah sahiji kawajiban ti Alloh swt swt ieu, hayu urang bebenah ku jalan urang sampurnakeun syarat jeung rukunna, Supaya naon nu dilakukeun ku urang sadaya téh bisa kapetik hasil kaala pahalana tur ibadah urang sadayana ditampi ku Alloh swt swt. sabab dawuhan Rosululloh saw: (Sing saha jalmana anu ngalakukeun hiji amalan sholeh kalayan tanpa maké elmu, maka éta amal téh di tolak tegesna teu ditarima).

Salajengna ngeunaan kasunahan-kasunahan sholat jum'at supaya urang meunang kautamaan téh, diantawisna baé, mandi adus samemeh urang angkat jum'atan, ngangge anggean nu hadé tur lamun bisa ngangge pakean warna bodas nu beresih tur suci tina najis, ngangge minyak wangi, motong kuku, jeung nyukur kumis, ngaos Qur'an atanapi dzikir atanapi nyeueurkeun ngaos sholat ka Kanjeng Nabi nalika ngisi waktu samemeh imam datang jeung prungna khutbah. Hal ieu téh dumasar kana Hadits Nabi Muhammad saw. nu diriwayatkeun Imam Ibnu Hibban jeung Imam Hakim nu hartosna: "...Sing saha jalmana nu mandi dina poé juma'ah pikeun nohonan kawajiban sholat jum'at, jeung maké pakean nu sahadé-hadéna, bari maké minyak wangi lamun aya, tuluy ngadatangan tempat sholat jum'at (masjid) bari di dinya manéhna teu ngalengkahan jalma nu geus dariuk nu datang tiheula, tuluy manéhna sholat sunah (tahiyatal masjid) sanggeus kitu manéhna cicing (teu ngobrol) nepi ka datangna imam tug nepi ka rengsena sholat jum'at, maka ha kitu téh bakal ngahapus dosana antara juma'ah harita jeung juma'ah nu geus katukang".

Ogé Hadits Rosululloh saw nu sumpingna ti Abi Hurairoh ra. Anu diriwayatkeun ku Imam Muslim nu hartosna:

*"...Ti Abu Hurairoh ra, Saur anjeunna Rosululloh saw Ngadawuh: sing saha jalmana anu mandi tuluy indit juma'ahan, tuluy sholat sababaraha roka'at samampuna (anu miturut para ulama-mah dainatrana sholat tahiyatal masjid nalika mimiti datang asup ka masjid dilangsungkeun ku sholat sunah Intidhor (ngadagoan imam datang). Tuluy manéhna cicing nepi ka imam anggeus khutbahna, dituluykeun sholat bareng jeung imam (sholat jum'at) maka kalakuan kitu téh bakal turunna panghampura tina dosa-dosa manéhna antara juma'ah harita jeung juma'ah juma'ah séjénna (juma'ah katukang) malah dibere fadhilah kautamaan tilu poé"*

Dua hadits nu munggaran ngauningakeun kaurang sadayana kana kasunahan jeung kautamaan poé jum'at pikeun umat kanjeng Nabi Muhammad saw. Anu mangrupikeun kifarlat atanapi panebus dosa ti juma'ah ka juma'ah deui. Malihan disebatkeun di hiji katerangan yén juma'ah téh "Hijjul fuqoroo'a Wa Hijjul Masaakiin" (hajina pikeun jalma-jalma fakir jeung miskin). Dina kitab Zubdatul Wa'idiin dicarioskeun yén dina hiji Mangsa Nabi Musa as. Indit ka Gunung Baitul Maqdis, anjeuna nyaksian sagolongan manusa ti kaumna anu keur ngalakonan ibadah nu lilana geus tujuh puluh tahun, taruangna tina bungbuahan, pupucukan

jeung beubeutian, ngaleueutna tina cai hujan, tegesna teu kacampuran hal-hal anu kotor, subhat komo bari haram, nalika Nabi Musa as. Nyaksian umatna gariat kana ibadah samodél kitu, maka anjeunna ngarasa puas jeung gumbira, barang keur kitu Alloh swt swt. maparin wahyu ka anjeunna: " Hei Musa pikeun umat Muhammad aya hiji poé anu mibanda ciri kaistiméwaan mandiri, lamun tah dilakukeun dina poé éta sholat dua roka'at maka nilai hargana bakal leuwih hadé tibatan ibadah modél kitu nu keur dilakukeun ku kaum anjeun",

Nabi Musa as. Naros ka Alloh swt swt: "*Dinten naon éta téh Gusti ?*" Alloh swt swt ngadawuh: "*Éta téh poé juma'ah*". Nguping khabar kitu maka Nabi Musa as. Boga harepan supaya poé éta téh dipaparinkeun ka anjeunna sareng umatna. Maka Alloh swt swt ngadawuh deui: "Pikeun anjeun mah Musa ku Kami di paparin poé sabtu, poé ahad pikeun Isya, poé senen pikeun Ibrohim, poé salasa pikeun Zakariya', poé Rebo pikeun Yahya, poé Kemis pikeun Adam sedengkeun poé juma'ahmah ditetepkeun ku Kami pikeun Muhammad jeung umatna". *Amin ya Alloh Ya Robbal Wallohu A'lam bish-Showaab.* ®

## ***16. Maulid Nabi Muhammad saw.***

هُوَ الَّذِي أَرْسَلَ رَسُولَهُ بِالْهُدَىٰ وَدِينِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهُ عَلَى الدِّينِ كُلِّهِ ۗ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا

".....Nya anjeunna (Alloh) nu ngutus Rasul-Na, kalawan mawa pituduh jeung agama nu haq (bener), pikeun Anjeunna (Alloh) ngunggulkeun éta agama batan sakabéh agama-agama, jeung cukup Alloh nu jadi saksina" (QS.Al-Fath [48]: 28).

Ayeuna urang nincak dina sasih anu ngandung sajarah, sabab dina sasih ieu pisan lahir hiji jalmi anu pinuji, nyatana Kanjeng Nabi Muhammad saw. anu nAmiina tos dikenal di alam malakut saméméh diciptakeunna Nabi Adam as. Kitu, saur sapaalih katerangan.

Nu akibat lahirna kanjeng Nabi téh ngahiliwirkeun angin katiginan pikeun migusti pangéran nu sahiji nyaéta Alloh Robbul Izzaty. Nu akibat babar anjeunna nyambuangekeun hawa kasadaran pikeun manusa sangkan sadar, pasrah, sadrah bari sumerah ka Alloh Jalla jalalah. Nya Anjeuna pisan nu nyébor sagara keusik kajahiliyyahan ku cai kaimanan sareng

katauhidan, sahingga manusa apal kana arti kamanusaan, tur apal ka saha nu kudu dijadikeun panangtayungan jeung tempat pananggéuhan, ogé ka saha nu kudu dijadikeun Pangéran. Kaping 12 énjing-énjing dina dinten senen sasih Robi'ul Awwal, awal taun Gajah nu ka masyhur, Atanapi kaping 20 sasih April taun 571 masehi.

Lamun ngaguar deui sajarah kahirupan kanjeng Nabi Muhammad saw. ti saprak anjeuna gubrag babar ka alam dunya, éstu pinuh ku kajadian nu kacida ahéngna anu minangka tanda kaistiméwaan-kaistiméwaan pikeun calon Nabi. tur minangka panyambutan kana babarna hiji manusa nu bakal jadi panutan. Hiji manusa nu bakal jadi pAmiingpin nu paling suksés diantara para pAmiingpin nu aya di sakuliah alam dunya. Diantarana baé, nalika anjeunna babar datang hiji pasukan anu dipingpin ku hiji Raja nyatana Raja Abrahah, nu diabadikeun dina ayat Al-Qur'an surat Al-Fiil. Didieu dua sato nu di abadikeun ku Alloh dina ayatna, nyatana Gajah jeung Manuk Aba-biil. Tur ku tradisi Arab ieu hal téh dipercaya minangka mu'jizat nu kahiji diantara mukjizat nabi nu sanésna. Kaahéngan nu sanésna dina mapag babarna Kanjeng Nabi Muhammad saw. nyaéta pareumna seuneu nu jadi sesembahan kaum Majusi di nagri Pérsia, ogé kaahéngan-kaahéngan sanésna, saperti sumujudna sakabéh makhluk nu aya di satungkebing langit satangkaraking jagat buana panca tengah nu minangka sujud kahormatan, dugi ka daun nu ragrag tina dahan tangkal cicing ngajeten teu jadi ragrag antara dahan ka taneuh. Hal ieu nandakeun yén babarna kanjeng Nabi Muhammad saw. disambut ku panghormatan nu kacida agungna.

Nu jadi pertanyaan pikeun urang sadayana ayeuna, naon nu kudu dicandak tur dijadikeun palajaran dina sajarah sasih Robi'ul Awal ieu, nu dilebetna aya sajarah agung, nyatana babarna panutan urang sadayana kanjeng Nabi Muhammad saw.?. Kukituna, didieu urang sadaya kedah émut tugas naon Kanjeng Nabi Muhammad saw. di utus ka alam dunya. Mangga urang titénan kana ucapan nu sok sering diucapkeun ku para khotib atanapi para muballigh dina bubuka cacarita atanapi muqodimah boh khuthbah atanapi ceramahna, anu kalimatna nyaéta:

رَسُولُهُ أَرْسَلَ الَّذِي أَحْمَدُهُ "sagala puji kagungan Alloh, nya Anjeuna Dzat nu parantos ngirim hiji Rosul atanapi utusan-Na-na". بِالْهَدَى "Kalayan nyandak Pituduh/hidayah". الْحَقَّ وَدَيْنِ "Jeung agama nu Haq".

كُلِّمَ بَيْنَ الدِّ عَلَى لِيُظْهِرَهُ (pikeun Anjeunna (Alloh) ngunggulkeun éta agama batan sakabéh agama-agama (nu haq mungguh Alloh) شَهِيدًا بِاللَّهِ وَكَفَى (Cukup Alloh nu jadi saksi) . Ieu téh mangrupikeun potongan ayat ka-28, dina surat Al-Fath anu lengkepna ayat nyaéta: “Nya anjeunna (Alloh) nu ngutus Rasul-Na, kalawan mawa pituduh jeung agama nu haq (bener), pikeun Anjeunna (Alloh) ngunggulkeun éta agama batan sakabéh agama-agama, jeung cukup Alloh nu jadi saksi” (QS.Al-Fath: [48]: 28).

Didieu aya dua bekel/amanat nu jadi alat para Rasul kalebet Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w dina ngajalankeun tugas karosulanana, jeung hiji tugas nu kudu dilaksanakeun. Naon Dua bekel téh?

Nu kahiji أَلْهَدَى hartina pituduh. Pituduh naon? Apanan tugas Nabi téh nuduhkeun ka manusa pikeun migusti pangéran nu sahiji ku kalimat (إِلَّا اللَّهُ لِلَّهِ) (Teu aya pangéran nu wajib disembah anging pangéran nu sahiji nyatana Alloh). Da hakékatna mah para Nabi jeung Rosul diutus téh, taya kajaba sami pikeun nuduhkeun kalimat Tauhid tadi. Hal ieu téh dina raraga ngélingan manusa supaya éling kana purwadaksi, nu baheula éta kalimat tauhid geus jadi Ikrar sakumaha dina asal kajadian, apanan urang téh geus ariman tur geus be’at langsung dipayuneun Alloh Ta’ala, yén urang téh moal rék midua anjeun-Na, urang tos ikrar dina mangsa aya dina alam rahim nalika Alloh naros بِرَبِّكُمْ أَلَسْتُمْ? urang saréréa ngajawab بلى شَهِدْنَا.

Malihan saur sapolih katerangan, yén jiwa manusa téh asalnamah mibanda “Lathifatur-Robbaaniyyah” (cahaya ka-Pangéranan), nu hartina kacida deukeut hubunganna jeung Alloh Ta’ala, salawasna teu weléh-weléh ngaagungkeun, tur nyucikeun Alloh, tur nu dipikanyaho ku roh jiwa manusa téh anging Alloh wungkul. Tapi, sanggeus roh jiwa manusa diasupkeun tur aya hubungan jeung jasad, didieu roh jiwa manusa téh nyaho yén aya nu séjén salian ti Alloh s.w.t. Tur didieu pisan titik awal tumuwuhna naon nu disebut “poho”. Poho kana asal kajadianana salaku jiwa nu mibanda (لطيفة الربانية) (cahaya ka-Pangéranan), maranéhna poho kana tugas nu kudu dilaksanakeun tina mangpirang-pirang paréntah Alloh atawa kabiasaan nu geus dilaksnakeun saméméh maranéhna diasupkeun kana jasad téa. Hal ieu téh disababkeun ku akibat sagala nu salian Alloh (kaa’inat,kaun/aghyar) téa nu anyar dipikanyaho ku

maranéhna nguasaan kana jiwana (nyatana urang sadayana) nu ceuk bahasa suluk téamah "مِرْعَتِهِ فِي مُنْطَارَعَةٍ" "Sagala nu anyar tadi nempel kuat dina mata haté".

Maka ku sabab éta pisan perlu ayana peringétan/pangéling-ngéling, nya Alloh ngirim/ngutus para rasul kalebet Rosululloh saw. sakumaha Dawuhan Alloh dina Al-Qur'an surat Adz-Dzariyat ayat 55:

وَذِكْرٌ فَإِنَّ الذِّكْرَى تَنْفَعُ الْمُؤْمِنِينَ

".....Bere pangéling-ngéling ku Anjeun (Muhammad) saéstuna pangéling-ngéling éta kacida aya manfa'atna pikeun jalma-jalma nu ariman" (QS. Adz-Dzariyat [51]: 55).

Jadi, Ngalaksanakeun sagala nu dipépélingkeun atanapi nu di tuduhkeun ku Kanjeng Nabi Muhammad saw. boh nu bentukna larangan atawa paréntah éta téh mangrupikeun wasilah atanapi cukang lantaran pikeun nagberesihkeun haté, jiwa jeung perasaan nu kacida gedé manfaatna. Manfaat pikeun Jiwa urang sadayana nu tadina saméméh dibungkus ku jasad, dina kaayaan beresih tur suci, tuluy jadi kotor ku akibat kaeunteupan panyakit "poho kana purwadaksi" téa, poho kana kaayaan awal kajadian. tah ku jalan urang ngalaksanakeun pepéling atanapi pituduh tegesna "الْهُدَى" nu sumpingna ti Kanjeng Nabi Muhammad saw. nu mangrupikeun alat pikeun ngaberesihkeun jiwa, maka urang bakal bisa balik deui kana kajadian awal urang tur bakal tepung nyaksian 'Al-Haq' nyatana Alloh Ta'ala siga baheula.

Nu kadua, bekel nu dicandak téh nyaéta "الْحَقَّ دِينٌ" (agama nu haq nu dipikaridho ku Alloh s.w.t), agama nu mana ? tangtuna baé agama Islam, sakumaha dawuhan Alloh:

إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ

"...Saéstuna agama nu dipikaridho ku Alloh téh nyaéta Agama Islam.." (QS. Ali Imron[3]:19).

Jadi, wungkul agama Islam nu Haq, da hakékatnamah sadaya agama samawi nu diturunkeun ku Alloh sadayana ogé ajaran agama Islam ngan nami "Islam" di anggé ku nami agama nu dicandak ku Kanjeng Nabi Muhammad saw. tur mangrupikeun panyampurna agama-agama nu saméméhna. Malihan Alloh ngajelaskeun dina Dawuhan-Na-na:

وَمَنْ يَبْتَغِ غَيْرَ الْإِسْلَامِ دِينًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْخَاسِرِينَ

"....Sing saha jalmana nu neangan agamna salian ti agama islam, maka (ku Alloh) moal ditarima ti manéhna sarta manéhna di akherat kaasup kana golongan jalma-jalma anu rarugi" (QS. Ali Imran [3]: 85).

Islam téh agama nu nyandak kana kasalamétan, ngajarkeun kapasrahan total, luyu reujeung arti "Islam" nyatana "kasalamétan/kasejahteraan".

Nyandak kana kasalematan didieu, hartina yén Islam téh agama nu teu nyasarkeun jalma nu ngagemna, sabab ajaranna réalistis saluyu reujeung kamanusaan. Teu aya sakedik ogé ajaran Islam nu nyilakakeun, kabéh ogé méré kauntungan, kabagjaan pikeun jalma nu ngalaksanakeunana, tur agama islam ogé ngajarkeun kana kasimbangan hirup, hartosna hirup urang téh ulah katungkul teuing ku dunya, sahingga urang kaasup kana golongan jalma-jalma nu teu katipu ku kaéndahan alam dunya nu sifatna samentara, nu sifatna keuna ku rusak. Tapi urang kudu inget yén hirup téh lain didunya wungkul, tapi urang sadaya bakal asup ka alam nu bakal jadi pangbalikan urang, alam nu langgeng abadi nyatana akhérat. Tah dina Islam diajarkeun kumaha carana urang sangkan salamet di dunya ogé salamet diakhérat. Nu akhirna urang sadaya bakal meunang karidhoan ti nu mikaridho kana agama nu ku urang di agem nyatana Alloh s.w.t.

Bisa ogé kecap Islam téh dihartikeun "pasrah". Hartina pasrah didieu yén urang sadaya diperedih sangkan masrahkeun badan sakujur, kalayan total ka Alloh swt. Sabab, hakékatna diri urang, naon nu dipibanda boh harta, kulawarga, pangkat atanapi jabatan sareng sajaba ti éta, sadayana ogé milik Alloh swt., urangmah teu ngaboga-boga, komo umaku miboga, sing émut ! borosot urang ka alam dunya téh dina kaayaan:

الْعَظِيمِ الْعَلِيِّ بِاللَّهِ إِلًا وَلَا قُوَّةَ إِلَّا لِلَّهِ

"...Taya daya, taya kakuatan, anging kalayan idzin mantenna Alloh Nu Maha Agung".

Urangmah Wungkul kaamanan, katitipan nu hiji waktu urang bakal dipénta pertanggungjawabanana, tugas urangmah miara, ngamanfaatkeun ogé ngagunakeun naon nu dipibanda ku diri urang téh pikeun ibadah ka Alloh, dina raraga ngisi kahirupan di ieu alam dunya,



ogé jaga pikeun ngeusian alam nu langgeng taya tungtungna nyatana alam akhérat.

Salajengna, naon tugas nu kudu dilaksanakeun ku para rosul téh? Tugasna taya kajaba iwal ti pikeun: *كُلُّهُ الدِّينَ عَلَى لِيُظْهِرَهُ* <sup>1</sup>

Pikeun ngunggulkeun éta agama (Agama Islam) batan sakabéh agama-agama). Hartosna, Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh diperedih sangkan ngunggulkeun ajaran agama Islam ka manusa batan agama-agama nu tos aya saméméhna. Sakumaha dina munggaran pedaran parantos diuningakeun, yén agama Islam téh agama nu dipikaridho ku Alloh swt. Ogé Islam téh mangrupikeun hiji-hijina agama nu dipilih ogé nu dipikaridho ku Alloh Ta'ala sakumaha Dawuhana-Na:

*إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ ۗ وَمَا اخْتَلَفَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ إِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْعِلْمُ بَعِيًّا ۚ بَيْنَهُمْ ۗ وَمَنْ يَكْفُرْ بِآيَاتِ اللَّهِ فَإِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ*

"...Saéstuna agama mungguhing (nu dipikaridho) Alloh -mah wungkul agama Islam, jeung jalma-jalma ahli kitab moal aya persulayaan/ pacéngkadan, kajaba sanggeus datang katerangan ka maranéhna, lantaran kaceuceub diantara maranéhna, jeung saha-saha anu kufur kana ayat-ayat Alloh , saéstuna Alloh téh gancang pisan ngayakeun balitunganana". (QS. Ali Imran [3]: 19)

Mangrupikeun hal nu hak/bener mutlak, satiap perkara nu sumpingna ti Alloh Ta'ala, ogé hamo aya nu hak/bener salian ti agama Islam. Ku kituna, sing saha nu miharep atawa miluruh agama salian ti agama Islam, maka manéhna geus milih kabathilan jeung aya dina kaayaan rugi. Dawuhan Alloh Ta'ala:

*وَمَنْ يَتَّبِعْ غَيْرَ الْإِسْلَامِ دِينًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْخَاسِرِينَ*

"...Sing saha jalmana nu néangan agamna salian ti agama Islam, maka (ku Alloh) moal ditarima ti manéhna sarta manéhna di akhérat kaasup kana golongan jalma-jalma anu rarugi" (QS. Ali Imran [3] : 85).

Peryogi kauninga yén agama Islam téh disampurnakeun ku Alloh Ta'ala dina sagala segi, sagala nu dibutuhkeun ku manusa pikeun kahirupan dunya ogé akhératna, sahingga sagala bentuk kahirupan manusa kabéhanana geus diatur ku Islam. Kukituna, payus mun seug agama Islam téh, dijadikeun ugeran/pedoman hirup, ogé agama nu sampurna tur nyampurnakeun agama-agama nu saméméhna. Sampurna-na agama Islam téh di sampurnakeun ku Alloh swt. Sakumaha Dawuhanana:

الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتَمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا فَمَنِ اضْطُرَّ فِي مَخْصَصَةٍ غَيْرِ مُتَجَانِفٍ لِإِيْمَانِهِ فِإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ

"...Dina poé ieu Kami (Alloh) geus nyampurnakeun agama maranéh pikeun maranéh, jeung kamu (Alloh ) geus nyukupkeun ni'mat Kami( Alloh ) keur maranéh, jeung Kami (Alloh ) ridho agama Islam jadi agama maranéh ... " (Al Maidah [5]: 3)/

Jadi jelas, yén tugas para rasul kalebet Kanjeng Nabi Muhammad saw. téh, taya kajaba pikeun ngunggulkeun agama nu haq agama nu bener, nyatana Islam, agama nu dipikaridho ku Alloh s.w.t. Kukituna Kanjeng Nabi Muhammad saw. parantos ngunggulkeun agama Islam kalayan némbongkeun ka urang sadayana kana agungna ajaran agama Islam, kukituna mangga urang sami-sami ngajaga bari ngalaksanakeun ajaran-ajaran agama Islam kalayan saleres-leresna. Mudah-mudahan urang kalebet golongan jalma-jalma nu dipikaridho ku Alloh tur mudah-mudahan hidayah nu tos ngancik di diri urang mugia sing tetep ayana, dikuatkeun ku Alloh s.wt. *Amiin ya Alloh Ya Robbal 'AlAmiin.*

Wallohu A'lam bish-Showaab. ®

### **17. Pagunemanan Iblis La'natullohi 'Alaih Sareng Rosululloh saw.**

Alloh swt maparin paréntah ka salah saurang Malaikat-Na pikeun nepungan Iblis geusan nagadugikeun paréntah-Na sangkan Iblis nepungan Rasululloh saw pikeun ngabéberkeun sagala rusiahna, nyaéta naon baé nu dipikaresep jeung naon baé nu dipikangéwa ku Iblis. Nu hikmahna, pikeun ngaluhurkeun darajat Nabi Muhammad saw ogé pikeun jadi taméng peringétan ka sakumna umat manusa.

Gancang ning carita Malaikat téh tepung jeung Iblis tuluy nyarita ngadugikeun Paréntah Alloh swt nu ditujukeun ka Iblis téa: "Héh Iblis! Alloh Nu Maha Mulia tur Maha Agung maréntahkeun ka andika supaya andika datang ka Rasullulloh Muhamad saw. Tur andika kudu ngabéberkeun sagala rusiah andika ngeunaan naon baé nu dipikaresep ku andika, ogé naon baé nu dipikangéwa ku andika turta dimana Rasululloh Muhammad saw. Nanya ku sababaraha pasualan andika kudu ngajawab kalayan bener ulah aya nu disumput salindung. Dimana andika ngabohong najan sa-kecap, tanwandé andika bakal dipotongkeun tulang-tulang anggota badan andika, dipegatkeun urat-urat awak andika tur bakal ditibanan siksa nu kacida nyerina".

Nalika Iblis narima kabar paréntah jeung ancaman nu didugikeun ku Malaikat ti Alloh swt. ka manéhna, maka iblis ngarasa sieun kacida. Nu satuluyna manéhna gura-giru ngalaksanakeun éta paréntah. Manéhna datang ka payuneun Rosululloh saw. Bari nyamar jadi aki-aki nu picek (matana buta sabeulah) tur boga janggot bodas 10 lambar nu panjangna siga buntut sapi. Tuluy Iblis uluk salam nepikeun ka 3 kali uluk salam, tapi Kanjeng Nabi Muhammad saw. Teu ngawaler éta salam. Nu antukna Iblis Alaihi Laknatulloh, nanya ka Rosululloh saw.: "Ya Rasululloh! Naha ku naon salira teu ngawaler salam jisim Abdi? sanés salam téh kacida muliana mungguhing Alloh?"

Kanjeng Nabi Muhammad saw. Ngawaler bari bendu: "Héh 'Aduwwullah (musuh Alloh)! ka kami anjeun némbongkeun kahadéan, tong coba-coba wawanian nipu ka kami sakumaha manéh nipu bari ngagoda ka Kanjeng Nabi Adam as. Sahingga anjeunna kaluar ti sawarga, ogé ngahasut Qabil nepika maténi Habil, tuluy Nabi Ayyub as. Ku andika ditiupan racun nalika anjeunna nuju sujud sahingga Kanjeng Nabi Ayub as. Gering parna nu sakitu lilana, ogé Kanjeng Nabi Daud as nu kagoda ku pamajikanana Urya, tuluy deui Nabi Sulaiman as. Ninggalkeun karajaanana, ku sabab andika nyamar jadi garwana, ogé sababaraha Nabi jeung para pandita nu geus nanggung kasangsaraan ku akibat hasutan, tipuan jeung réka perdaya andika. Héh Iblis! Mémang bener salam éta kacida muliana mungguhing Alloh azza wajalla, ngan baé salam andika ku kami hamo dijawab, sabab Alloh geus ngaharamkeun. Kami apal yén anjeun téh Iblis, raja sagala iblis, syétan jeung jin nu keur nyamar diri. Naon maksud andika datang nepungan kami? "

Iblis ngajawab: "Ya Nabi Alloh! Tong waka bendu ka jisim abdi,. Sabab salira téh Khatamul Anbiya, maka salira tiasa terang tur ningali ka jisim abdi. Anapon maksud kadongkapan jisim abdi téh teu aya sanés dipiwarang ku Alloh swt. Pikeun masihan uninga kana naon baé nu ku jisim abdi dipidamel dina ngagoda, nipu sareng sajabina ka umat salira. Tikawitan zaman Kanjeng Nabi Adam as. Tug dugi ka akhir zaman. Sajaba ti éta ogé Ya Nabiyalloh ! satiap pasualan nu ku salira ditaroskeun ka jisim abdi, maka jisim abdi bakal ngawaler moal aya nu disumput-sumput.". Satuluyna Iblis sumpah kalayan nyebat asmana Alloh bari tuluy nyarita: "Ya Rasululloh! Sakirana jisim abdi ngabohong sakecap ogé dina ngawaler sagala patarosan salira, maka bakal ancur lebur badan jisim abdi jadi lebu".

Saparantos nguping kana sumpah Iblis kitu, Nabi saw. Tuluy imut mésem pinuh ku kabungahan bari ngagarentes dina manahna: "Ieu kasempétan pikeun kami geusan ngayakeun siasat pikeun ngabongkar sagala hal nu dilakukeun ku manéhna supaya dipikanyaho ku para shahabat-shahabat kami nu aya di majlis ieu, ogé pikeun jadi tameng diri pikeun sakumna umat kami".

Saterasna Kanjeng Nabi Muhamad saw. Ngawitan ngajukeun pasualan nu kahiji (1): *"Héh Iblis! Saha nu jadi musuh panggedé-gedéna pikeun anjeun, jeung kumaha anggapan diri anjeun ka diri kami ?"*.

Jawab Iblis: *"Ya Nabi Alloh! Musuh jisim abdi nu pangedé-gedéna nya Salira pisan ku anjeun di antara sakabéh musuh-musuh jisim abdi nu aya di dunya ieu"* Nguping kitu Rosululloh saw neutu seukeut ka Iblis, sahingga katingal Iblis ngageter kasieunan. Tuluy iiblis nyambung deui caritaanana: *"Ya Khatamul Anbiya! Ku sabab abdi kalebet bangsa ruhaniyah, maka jisim abdi dipasih kaistiméwaan ku Alloh tiasa ngarobih diri jisim abdi sakahoyong abdi, abdi tiasa niru bentuk sakabéh makhluk Alloh ti mimiti manusa, sato ogé tutuwuhan kalayan ceplés warna sareng bentuk aslina, kajaba hiji makhluk Alloh nu teutiasa di tiru ku jisim abdi, nya salira ku anjeun pisan makhluk Alloh nu teutiasa ditiru téh, ku sabab dilarang ku Alloh. Upami jisim abdi nyoba-nyoba niru salira, maka jisim abdi bakal ancur lebur jadi lebu"*

Pasualan nu kadua (2) nu diajengkeun ku Rosululloh saw. téh nyaéta: *"Héh Iblis! Cara naon baé jeung bentukna nu dipigawé ku andika dina ngagoda umat manusa kaasup umat kami ?"*

Iblis ngajawab: *"Seueur gusti, sagala léngkah manusa anu tujuanna pikeun ibadah ka Alloh swt. sareng nurut tumut kana pidawuh manten-Na ogé pidawuh salira ku anjeun, sadayana ogé ku jisim abdi di kanténgan, dihalangan supaya umat manusa teu tulus dina ngalaksanakeun éta kata'atan". Misalna baé", Ceuk Iblis neruskeun caritaanna: "Jisim abdi ngagoda hiji istri nu parantos ngagaduhan carogé supados midamel lampah nirca, ngakhianat ka nu janten carogéna, tug dugi ka éta istri téh masrahkeun kahormatanana ka pameget ni lian. Nu akhurna ngahasilkeun rundayan turunan nu goréng akhlakna". Salian ti éta jisim abdi ngagoda ka umat manusa supaya ngantunkeun sholat, nyueurkeun tuang-leueut tina rizki nu haram, saupamiina tuang-leueutna tina hasil nu halal maka digoda ku jisim abdi supaya kaleuleuwihi dina nuangna (isrof). Ogé jisim abdi ngagoda*

*manusa supaya milampah kadorakaan nu matak Alloh bendu, kalayan nancebkeun hiji perasaan ka manusa ku godaan harta banda kayaning emas, pérak sareng permata, ingon-ingon, tatanén tina hasil kebon sareng sawah sareng sajabina, supaya maranéhna ngabalanjakeun éta harta banda téh kana jalan haram tur dina miluruhna ogé ku jalan nu haram. Teras ka para pamuda sareng pamudi para kaum rumaja generasina umat salira, ku jisim abdi digoda maranéhna dina masalah campur gaul antara maranéhna nu lain muhrim, palebah dinya jisim abdi ngagoda maranéhna supaya ngalakukeun zina, sareng perkara nu ngadeukeutan kana zina".*

"Salian ti éta kalebet godaan jisim abdi ogé diantaranya seueurna manusa ngaleueut arak (Narkoba, jeung nu sanésna. réd.), supaya maranéhna leungit akalna, sahingga ngalakukeun hal-hal maksiat. Ogé kalebet bentuk godaan jisim abdi ngabohong, nipu, ngadzolim, silih pikaceuceub, musyrik (midua Alloh), dengki, hasud, ujub, riya, takabur, mumusuhan, teu akur, sareng sajabina. Dimana maranéhna sadar satutasna ngalakukeun kasalahan terus manéhna ngarencanakeun pikeun ngeureunan tegesna tobat, maka jisim abdi bakal ngagoda maranéhna ku cara supaya maranéhna téh nunda-nunda kana tobat, sanggeus kitu, ku jisim abdi digoda deui ku godaan nu leuwih rongkah, sahingga maranéhna ngalakukeun deui kamaksiyatan". "Cindekna ya Nabiyalloh," Iblis mungkas caritaanana: "Jisim abdi ngagoda ka umat manusa téh sakuat tanaga sagala cara bakal dilaksanakeun, nu tujuanna teu aya sanés, supaya manusa méngpar tina tetekon agama."

Saparantos nguping jawaban Iblis kitu, Kanjeng Nabi saw. Neraskeun kana pasualan nu katilu, semu nu keuheul Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh: "Héh Iblis ! Naha ku naon andika ngalakukeun éta kabéh ? Padahal, mun seug ku andika dipikir, naon nu dilakukeun ku andika téh éstu taya faédah jeung manfaatna, malah nu puguhmah kalah ka tambah-tambah laknat jeung bebendon Allohswt ka andika turta siksa nu kacida beuratna jaga di naraka minangka wawalesna ?. Héh laknatulloh ! Saha nu nyiptakeun andika? Saha nu manjangkeun umur andika ? saha nu méré panénjo ka andika ? Saha nu méré pengdégé ka andika ? saha nu méré kakuatan ka andika, sahingga andika bisa jagjag, séhat tur kuat ?. saha nu méré éta sakabéh téh héh Iblis".

Iblis ngajawab: "Sadayana ogé anugerah paparin ti Allohswt Nu Maha Agung, ya Nabiyalloh !. Nanging, nu janten pasualan téh, nyaéta hawa nafsu sareng rasa takabur diri nu matak jisim abdi tigebrus kana lampah nu salAmiina

lepat. Salira ogé langkung uninga, yén satemenna jisim abdi téh tos mangrébu-rébu taun lAmiina janten pAmiingpin para Malaikat, harkat sareng martabat ogé darajat kadudukan abdi disagédénggeun Allohswt. kacida nyongcolangna, ti langit ka hiji nepi ka kangit nu pangluhurna mungguhing Allohswt terus nérékél, ku hal éta pisan, saterasna jisim abdi tiasa nyicingan alam dunya ieu rada lami sasarengan reujeung para Malaikat. Tug dugi ka lumungsur Dawuhan Alloh swt, nu seja nyiptakeun saurang Khalifah di dunya ieu. Tah ku hal éta pisan jisim abdi téh baruntak teu nampi kana rencana Allohswt. Tapi, katetepan Allohswt hamo tiasa dirobih deui, nya diciptakeun hiji tangtungan lalaki, nyaéta Nabi Adam téa. Saparantos réngsé Nabi Adam diciptakeun, maka Alloh maréntahkeun ka sakumna Malaikat pikeun masihan sujud kahormatan ka Nabi Adam, anging jisim abdi nu teu ngalaksanakeun. Nu akhirna Allohswt bendu ka jisim Abdi, tur ngalaknat jisim abdi tug dugi ka akhir zaman”.

Tuluy Iblis ngalanjutkeun deui caritaanana: “Ya Nabiyalloh ! kusabab jisim abdi mugen teu ngalaksanakeun paréntah Allohswt pikeun maparin sujud kahormatan ka Nabi Adam, dadak sasakala nu kawitna raray jisim abdi kasép ngalémpréng konéng téh, dadak sakala robih janten raray nu goréng patut nu jadi gambaran kana kalakuan jisim abdi nu resep kana midamel lampah jahat sareng maksiyat. Ku kajadian kitu jisim abdi téh mungkin nyeri haté baé, komo nalika Allohswt ngaistrénan Nabi Adam janten raja di sawarga bari maparin pramésuari nu geulis kawanti-wanti éndahna malih warna, nyaéta Siti Hawa nu dipaparin ogé kalungguhan minangka pAmiingpin sakumna bidadari nu aya di sawarga. mungkin nambih deui kanyeri haté sareng dendem jisim abdi téh ka Nabi Adam, nu akhirna satékah polah jisim abdi ngalakukeun réka perdaya, supaya Nabi Adam sareng Siti Hawa dipikabendu ku Alloh swt. Nya ari terus-terusan teuingmah, usaha jisim abdi téh ngabuahkeun hasil ku cara nipu Siti Hawa supaya miwarang Nabi Adam tuang buah Khuldi, nu ngabalukarkeun duanana diusir ti lebet sawarga lumungsur ka alam dunya, bari lumungsur ka alam dunyana téh dipisahkeun mangtaun-taun, nu tuluy na ditepungkeun ku Alloh di Padang Arafah, saparantosna duanana patepung nu satuluy na ngarundaykeun turunan, nya borosot baé Nabi Adam sareng Siti Hawa téh ngagaduhan turunan nu munggaran, nyaéta lahirna dua putra sareng dua putri. Ku sabab jisim abdi masih kénéh teuacan puas kana kanyerian haté jisim abdi, nya turunan Nabi adam téh ku

*jisim abdi digoda deui ku hasutan-hasutan nu balukarna lumangsung kajantenan maténina Qabil ka dulurna Habil. Teu cukup sakitu, ti harita tug dugi ka akhir zaman, jisim abdi hamo lirén ngagoda ka turunan Nabi Adam kalebet umat salira”.*

*”...Ya Nabiyalloh! sateuacan salira babar ka alam dunya, jisim abdi sareng balad-balad kalayan gampil tiasa naék kalangit, pikeun maling déngé kana rusiah-rusiah kajadian nu bakal kaalaman ku manusa nu aya di lauhil mahfudz, nu saterasna jisim abdi lungsur deui ka alam dunya pikeun méré béja ka manusa kana rusiah-rusiah éta, bari béja éta ku jisim abdi dipéngkolkeun teu luyu reujeung béja nu aya di lauhilmahfudz nu tujuanana supaya manusa sasar tur nukang nonggong ka Alloh swt. Tapi, saprak salira babar ka alam dunya, jisim abdi teu tiasa deui naék ka langit sabab ku Allohswt dilarang. Mun seug jisim abdi maksa pikeun naék ka langit, maka para malaikat nu ngajaga satiap lawang langit bakal malédogan ka jisim abdi ku batu reujeung panah nu bahanna tina seuneu, tos seueur balad-balad jisim abdi nu perlaya ancur lebur jadi lebu ka beuleum, tisaparak harita jisim abdi nandangan ka susah dina ngayakeun hasutan sareng godaan ka manusa”.*

Saparantos nguping kana caritaan Iblis samodél kitu Kanjeng Nabi saw, ngajengkeun deui pasualan nu kaopat (4): "Hé Iblis! Naon nu dilakukeun ku andika dina ngamimitian ngagoda umat manusa ?

Iblis ngajawab: "Nu munggaran dipidamel ku jisim abdi dina ngagoda umat manusa kalebet umat salira téh, nyaéta dipéngkolkeunana i'tikad kaimanan-nana manusa kana kakufuran, ngawitan haté, kalakuan ogé ucapanana. Saupami teu tiasa ka goda baé, maka ku jisim abdi digoda supaya manusa horéam ngalakukeun ibadah, sahingga sakedik demi sakedik maranéhna tigebrus nurut tumut kana kahoyong jisim abdi”.

Kanjeng Nabi saw. dadawuh deui nu ka-5 kalina: "Héh Iblis! Kumaha karasana ku andika mun seug umat Kami ngalaksanakeun sholat bari khusyu' karana Alloh swt ?”

Iblis ngajawab: "Ya Nabiyalloh ! nalika umat salira ngalaksanakeun sholat kalayan khusyu' karana Alloh swt. Maka nu karaos ku jisim abdi, awak jisim abdi ngegeter, leuleus satulang sandi taya kakuatan, sapertos nu dipupul bayu, taya tangan pangawasa. Ku hal éta, maka jisim abdi ngerahkeun wadia balad jisim abdi pikeun ngagoda ka umat salira, kana sakabéh anggota badanna, supaya timbul kahoréam dina ngalaksanakeun sholat, was-was, hilap kana étangan rokaat, émut baé kana kasibukan dunya nu ditinggalkeunana, gura-giru dina ngalaksanakeun sholatna, jauh tina ka-thumaninah-an, anggang kana ka-khusyu'-an, kitu kénéh

*kana paningal matana supaya rurat-rérét ka kiwa sareng ka tengen, cepilna supaya ngupingkeun sora-sora nu matak rusakna rasa khususu'. Salajengna nalika umat salira nuju sujud, maka balad jisim abdi calik dina pundukna supaya teu kiat lami dina sujudna, kitu kénéh nalika lungguh tasyahud/tahiyat ku jisim abdi digoda supaya teu kiat lami ogé, sahingga tumuwuh dina haté umat salira nu nuju ngalaksanakeun sholat téh hoyong énggal bérés sholatna. Tah, saupAmiina balad-balad jisim abdi teu hasil ngagoda umat salira nu nuju ngalaksanakeun sholat, maka jisim abdi bakal nibankeun hukuman ka balad jisim abdi, kalayan hukuman nu kacida abotna "*

Teras Kanjeng Nabi saw ngajukeun deui pasualan nu ka-6: *"Lamun umat kami maca Al-Quran karana Alloh swt, kumaha kaayaan andika?"*

Iblis ngajawab: *"Duh abot karaosna ku jisim abdi ya Nabiyalloh ! Dimana umat salira ngaos ayat suci Al-Quran kalayan karana Alloh swt, maka jisim abdi karaosna sapertos kabeuleum, paregat kabéh urat-urat jisim abdi, nu satuluyna jisim abdi lumpat nebihan manéhna".*

Kanjeng Nabi saw nyusul tepus deui ku pasualan nu ka-7: *"Terus kumaha karasana ku andika, dimana umat kami ngalaksanakeun ibadah haji karana Alloh swt ?"*

Jawab Iblis: *"Ancur waruga jisim abdi, marurag daging sareng tulang-tulang jisim abdi, ku sabab umat salira parantos nyampurnakeun rukun Islam".*

Kanjeng Nabi saw nyusul deui ku pasualan nu ka-8: *"Tuluy kumaha kaayaan andika, dimana umat kami ngalaksanakeun puasa di bulan Romadhon kalayan karana Alloh swt?"*

Jawab Iblis: *"Ya Rosululloh ! Ieu pisan musibah sareng bahaya nu kacida rongkahna pikeun jisim abdi sabalad-balad. Sabab, nalika lebet kana awal Romadhon, maka ngaburisar cahaya 'Arasy sareng Kursy Alloh swt, ma lihan para Malaikat mapag kalayan pinuh ku kasuka sareng kabungah. Atuh pikeun jalma-jalma nu ngajalankeun ibadah puasa dina bulan ieu, maka Alloh swt bakal maparin panghampura tina samudayaning dosa nu tos kalangkung kalayan digentoskeun ku wawales pahala nu kacida agung tur luhur ajén-na, malihan Alloh swt ngabéntenkeun pahalana sareng ibadah-ibadah nu sanésna. Salian ti éta, hamo dicatet dosa nu dilakukeun pikeun jalma-jalma nu puasa. Aya nu matak ngahancurkeun haté jisim abdi, nyaéta saeusi langit sareng bumi; yakni Malaikat, bulan, béntang sareng makhluk sanésna, sadayana siang kalayan wengi*



ngado'akeun supaya Allohswt maparin panghampura pikeun jalma nu puasa. Tur hiji kamuliaan pikeun jalma nu ngalaksanakeun puasa, nyaéta dimerdékakeun tina azab/siksa naraka. Malihan sadaya panto naraka ditutup, sareng dibuka kalayan salega-legana sadaya panto sawarga, sarta ditiupkeunna angin nu bijil ti handapeun Arasy nu nAmiina angin Syirah nu kacida lemesna ka jero sawarga. Aya hal nu matak abdi teu walakaya, ya Nabiyalloh !, nyaéta dina sumpingna sasih Romadhon, kalayan paréntah Allohswt diutusna para Malaikat nu garanggas pikeun néwakkan jisim abdi sabalad-balad, nu satuluyna ngaborogod ogé dipasungna sampéan sareng panangan jisim abdi ku beusi panas bari diranté kalayan kacida kuatna, sahingga jisim abdi sabalad-balad teutiasa leupas. Saparantos kitu, jisim abdi sabalad-balad téh dibebeskeun ka lebet bumi nu pangjero-jerona. Teu kitu baé, jisim abdi sabalad-balad salami éta, ditibanan siksa ku Alloh swt tug dugi ka réngséna sasih Romadhon".

Kanjeung Nabi saw. Ngadawuh deui nu ka-9 kalina: "Héh Iblis! Kumaha sikep andika ka para shahabat-sahahabat Kami?"

Jawab Iblis - "Ya Nabiyalloh ! para shahabat salira kalebet musuh jisim abdi ogé nu pangedé-gedéna. Taya daya sareng upaya Jisim abdi ngalawan aranjeunna sareng teuaya hiji ogé tipu daya jisim abdi sareng balad-balad nu keuna ka aranjeunna. Apan salira ku anjeun parantos dadawuh: "Sadaya sahababat salira téh lir ibarat béntang di langit, dimana nurut tumut ka aranjeunna, maka bakal kénging pitiduh".

"...Sapertos Sayidina Abu Bakar Ash-Shiddiq ra. Sateuacan sasarengan sareng anjeun ya Rosululloh, jisim abdi teutiasa ngagoda anjeunna, komo saparantos sasarengan sareng anjeun, tegesna lebet Islam, jisim abdi teu tiasa pisan ngagoda anjeunna.. Anjeunna kacida percayana kana perkara nu hak nu sumpingna ti salira, sahingga anjeunna janten wazirul a'dham. Malihan salira ku anjeun parantos ngadawuh: "Yén saupAmiina ditimbang antara saeusi dunya ieu sareng amal sholéh-na Sayidina Abu Bakar Ash-Shiddiq ra. maka bakal langkung abot kénéh amalna sayyidina Abu Bakar Ash-Shiddiq ra". Ditambah deui anjeunna téh apan janten mertua salira, ku ngadahupna salira ka putrina, nyatana Sayyidatina 'Aisyah ra. nu seueur apal kana Hadits-hadits salira".

"...Teras Sayidina Umar bin Khaththab ra. Jisim abdi kacida teu wantunna neutep kana raray anjeunna. Ku sabab, anjeunna kacida luhung wawanénna nalika mayunan para musuh-musuh Alloh swt. sareng musuh salira. Ogé anjeunna kacida taat kana ngajalankeun hukum syaré'at Islam tur tara ponténg ka nu konéng tara cueut ka nu hideung, ngadék sacék-na, nilas sa-plas-na dina

ngajalankeun hukum syaré'at Islam éta. SaupAmiina jisim abdi neutaup kana rarayna, maka ngageter satulang sandi jisim abdi bari pinuh ku rasa kasieun nu kacida. Hal ieu téh ku sabab, iman anjeunna kacida kuatna, teguh pengkuh nyepeng pamadegan. Ditambah deui ku dawuhan salira ku anjeun: "SaupAmiina aya Nabi saba'da salira, maka sayyidana Umar bin Khoththob kacida pantesna janten gegentos saparantos salira".

"....Ogé anjeunna mangrupakeun jalmi nu diarep-arep ku salira, nalika kapungkur salira ngado'a ka Alloh swt. supados dipaparin hidayah pikeun lebet Islam antawis dua Umar, nya nu ka pilih ku Alloh swt. téh sayyidina Umar bin Khoththob ra. sarta anjeunna kacida pinterna ngabéntenkeun mana jalmi nu kafir sareng mana jalmi islam, kukituna pan anjeunna nyandang gelar 'Al-Faruq'".

"..Kitu kénéh Saydina Usman bin Affan ra. Abdi teu tiasa nyakeutan komo kudu bari ngagoda ka anjeunna. Sabab, salAmiina lisan anjeunna baseuh ku aosan Al-Quran. Anjeunna janten pAmiingpin jalmi-jalmi nu sabar, pAmiingpin para syuhada, ogé anjeunna téh apan kalebet mantu salira ku anjeun tug dugi ka dua kali. Tur ku lantaran kata'atanana, seueur Malaikat sumping anjang sono pinuh ku rasa hurmat, ajrih ka anjeunna. Ditambah deui ku dawuhan salira: "sing saha jalmina nu nyerat kalimat Bismillahirrahmanirrahim dina kitab atanapi kertas-kertas ku mangsi beureum, maka bakal meunang pahala saperti pahalana Usman nu maot syahid"

"Komo deui ka Sayidina Ali bin Abi Thalib ra. jisim abdi kacida sieunna ku sabab keteuneungna, kagagahanana lébér ku wawanén nalika mayunan musuh Islam di médan jihad, anjeunna teu sieun ku pati, malah réla ridho ikhlas saupAmiina maot di médan jihad. Tapi sanajan gagah, lébér wawanén ogé, anjeunna tetep kacida sopan, alim pinuh ku rasa kadeudeuh, sikepna asak jeujeuhan, satiap léngkah pinuh ku perhitungan, tara gagabah, kacida apik tur wara' (ati-ati) ogé kacida zuhudna. SaupAmiina jisim abdi sareng balad-balad wantun neutaup kana raray anjeunna, maka karaosna asa kaduruk, ancur kadua paningal jisim abdi, sabab anjeunna téh kacida kuatna kana ibadah sarta anjeunna golongan pamuda nu ti payun lebet ka Islam. sareng anjeunna tara tungkul ajrih dipayuneun arca-arca sesembahan kaum musyrikin, sahingga anjeunna nyandang gelar 'Ali Karamullahu Wajhahu' (Ali nu dimulyakeun rarayna ku Alloh swt.) ogé gelar 'Asadulloh' (singa-na Alloh) malihan salira ku anjeun ngadawuh: "Salira ku Anjeun minangka gudang élmu, sedengkeun

sayyidina Ali minangka pantona". Ditambah deui anjeunna téh apan janten mantu salira, ku ngadahup anjeunna sareng putri salira Sayyidatina Fatimah Az-Zahra."

Kanjeng Nabi saw. Naros deui nu ka-10 kalina: "*Kumaha carana andika ngalakukeun jeung ngayakeun tipu daya ka umat Kami, sahingga umat kami jadi méngpar tina sagala ajaran kami?*"

Jawab Iblis - "*Dina leresan ieu, ku jisim abdi umat salira téh dibagi janten tilu golongan, nyaeta: Nu Kahiji, umat salira nu kagolong lir ibarat hujan ti langit nu ngahirupkeun sagala tutuwuhan, nya golongan ieu téh disebut 'Ulama nu salAmiina maparin naséhat sareng wasiyat ka manusa supados ta'at, ngalaksankeun sagala piwarang Alloh swt. sarta ngantunkeun sagala nu dilarang ku Manten-Na, sakumaha sasauran malaikat Jibrail a.s: "Ulama téh minangka oborna dunya sareng akhérat". Tah ka golongan ieu jisim abdi ngagoda ku cara jisim abdi ngahasud maranéhna supados ayana pacéngkadan, ayana persulayaan dina paham, sanaos ku salira parantos diuningakeun yén persulayaan di antara umat salira téh minangka rohmat. Tah ku jisim abdi dipéngkolkeun supaya sanés rohmat nu karaos tapi laknat. Tumuwuhna rasa hasud, umaku asa pangbenerna henteu batur, sahingga ku hal ieu, hareupan jisim abdi méngkolna ogé mengparna patékadan maranéhna supaya méngparkeun ajaran salira kaluar tina ajaran asalna nu sumpingna ti salira".*

*Nu kadua*, golongan umat salira téh lir ibarat taneuh, nyaéta jalmi-jalmi nu shabar, nu syukur sareng ridho kana sagala karunia anugerah pamaparin Alloh. SalAmiina midamel amal soléh, ta'at, tawakal sareng milampah kahadéan. Tah, golongan ieu, jisim abdi ngagoda supaya ilang sifat qona'ah (rasa tumarima), sifat shabarna digentos janten aral, rasa syukurna janten kufur, ta'atna janten ma'shiyat".

*Nu katilu*, golongan umat salira téh lir ibarat Fira'un; nu kacida harak sarakah kana dunya sarta ninggalkeun amaliyah akhérat. Tah kogolongan iumah, jisim abdi kacida resep tur suka bungah karasana ka jisim abdi, sabab geus teu kedah digoda ku cara-cara nu hébat, da bahan pikeun ngagodana ogé tos nyampak aya dina dirina. Ku kituna jisim abdi kantun lebet kana badanna, tuluy ku jisim abdi diputerkeun haténa kana lautan doraka sareng jisim abdi mawa kana karep manéhna supaya maranéhna nurut kana sagala karep jisim abdi. Jadi, manéhna salilana guligah, marudah, kapéngpéongan, kabongroy ku kaéndahan dunya nu hakékatna sarba nipu. Teu aya niat sakedik ogé dina dirina pikeun ngandelan ku élmu pangaweruh komo bari nyuprihna. Waktu-waktuna dipaké pikeun

maksiyat tara pisan nyempetkeun waktu pikeun ngalakukeun ta'at ogé amal ibadah, teu aya niat seja ngaluarkeun shodakoh tina harta nu geus dipibandana. Lamun maranéhna dina kaayaan miskin maka ku jisim abdi digoda supados haroréam kana ibadah, nganaha-naha ka Alloh, aral subaha kana kaayaan manéhna, tur dimana manéhna aya dina kacakupan harta, maka ku jisim abdi digoda supados lali pikeun ngaluarkeun zakat, tebih kana tulung tinulungan ka sasama, anggang kana rasa kanyaah ka sasama, ceplés sapertos kaayaan Qorun nu dilelepkeun ka jero taneuh ku Alloh bareng sareng harta dunya nu dipikareueus sareng dipikameumeutna".

*"...Teras upami sumping cocobi ti Alloh, maranéhna ku jisim abdi digoda supados teu sabar, ngarasula sareng sajabina. Nyacampah ka jalmi miskin, ngahina ka jalmi malarat, nganggap musuh ka jalmi nu taat ibadah, ogé ngabalanjakeun harta manéhna kana jalan ma'siyat, resep judi sareng zina ogé ngalaksanakeun kama'siyatan sanésna"*

Saterasna Kanjeng Nabi saw. Neraskeun deui pasualan nu ka-11 kalina: *"Saha nu sarupa jeung andika diantara hamba-hamba kami, héh iblis?"*.

Jawab Iblis: *"Nu sarupi sareng jisim abdi ti antara umat salira, nyaéta jalma nu ngalalaworakeun kana syar'at ajaran salira sareng jalma nu ngahalangan tur mikangéwa ka jalma-jalma nu keur nyuprih élmu agama."*

Kanjeng Nabi saw. Neraskeun deui pasualan nu ka-12: *"Héh Iblis ! Saha diantara umat kami nu matak andika jadi suka jeung bungah?"*

Jawab Iblis: *"Nu matak abdi suka bungahmah, nyaéta nalika aya diantara umat salira nu milampah dosa, ngalakukeun sumpah palsu, jadi saksi palsu, sareng nu nyulayaan kana jangji"*

Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh nu ka-13 kalina: *"Naon kalakuan anjeun nu kacida lemes tur rusiahna pikeun umat kami?"*

Jawab Iblis: *"Nyaéta nalika salah saurang diantara umat salira nu lebet ka jamban (WC) pikeun Kahampangan sareng miceun, bari lebet ka jamban (WC)-na téh teu dibarengan ku maca do'a panyalindungan tina gangguan sareng godaan jisim abdi, maka jisim abdi bakal ngabalurkeun kana awakna kotoran najis-na nu dikaluarkeun ku si éta jalma"*.

Kanjeng Nabi saw. ngadawuh deui nu ka-14 kalina: "Nalika umat kami boga pangabutuh ka pamajikanana nu satuluyna ngayakeun hubungan badan, kumaha pamolah anjeun ka maranéhna ? "

Jawab Iblis: "Dimana umat salira seja ngalaksanakeun hubungan badan, bari sateuacanna maranéhna maos do'a panyalindungan tina gangguan sareng godaan jisim abdi, maka jisim abdi bakal lumpat ngajauhan maranéhna, tegesna maranéhna aman tina gangguan jisim abdi. Tapi, dimana umat salira seja ngalaksanakeun hubungan badan, bari sateuacanna maranéhna teu maos do'a panyalindungan tina gangguan sareng godaan jisim abdi, maka abdi bakal mayunan carogéna si istri pikeun ngalakukeun hubungan badan sareng istrina. Saparantos kitu, maka bakal campur bibit turunan jisim abdi sareng bibit turunan ti si istri tadi, nu akhirna dimana jadi anak, maka anakna bakal resep milampah kamaksiyatan, doraka ka nu janten ibu ramana, ogé bakal nukang nonggong ka Alloh tur bakal migawe kana naon-naon nu dilarang ku Alloh. Kitu kénéh nalika umat salira taruang-leueut tanpa di awalan ku ngaos Bismillah, maka jisim abdi nu tipayun tuang-leueut nu bade ditaruang-leueut ku maranéhna, sahingga pangaruhna najan tuang saseueur-seueurna, hamo aya rasa wareg, tah didinya jisim abdi ngagoda supaya umat salira isrof (kaleuleuwihi)".

Kanjeng Nabi saw. naros deui nu ka-15: "Naon carana supaya bisa nolak tipu daya andika, héh Iblis ?"

Jawab Iblis: "Nalika umat salira ngalakukeun dosa, maka manéhna kedah engal-enggal tobat ka Alloh, bari nangis pinuh ku rasa kaduhung kana naon-naon nu parantos dipilampah. Ogé nalika emosi / ambek kedah enggal-enggal susuci (wudhu) kalayan sampurna, maka ku hal kitu, bakal ngeureunan ogé mepes amarahna. Maka ku hal éta jisim abdi hamo bisa ngagoda ka manéhna".

Saterasna Kanjeng Nabi saw. ngadawuh nu ka-16 kalina: "Saha jalmana diantara umat kami nu ku andika dipikaresep?"

Jawab Iblis: "Diantawis umat salira nu dipikaresep ku jisim abdi téh, nyaéta umat salira nu pemeget ogé istri nu tara nyukur atanapi nyabutan bulu kelek sareng bulu laranganana salami 40 dinten. Sabab ku teu dicukur sareng teu dicabutanana éta dua bulu nu aya di dua tempet téh dijantenkeun tempat nyayang pikeun gugulayunan jisim abdi sabalad-balad".

Saparantos kitu Kanjeng Nabi saw. Naros deui nu ka-17 kalina: "Héh Iblis! Saha nu jadi dulur andika?"

Jawab Iblis: "Dulur jisim abdimah nyaéta jalma nu kulemna ngakuban, teras umat salira nu kulem tibra dina waktu shubuh dugi ka bijilna fajar. Ogé umat

salira nu nalika tepung sareng waktos lohor, asar, maghrib sareng isya, maranéhna haroream kangge netepan sholat "

Teras Kanjeng Nabi saw. ngadawuh deui nu ka-18 kalina: "Lampah naon nu matak ngabinasakeun diri andika?"

Jawab Iblis: "Nu matak ngabinasakeun jisim abdimah, nyaéta lampahna umat salira nu seueur nyebat-nyebat asmana Alloh, sodakoh nu teu katerang ku nu sanés, nyueurkeun tobat, nyueurkeun tadarus Al-Quran sareng solat tengah wengi"

Kanjeng Nabi saw. Naros deui nu ka-19 kalina: "Héh Iblis! Naon nu nyababkeun ancurna panenjo mata andika?"

Jawab Iblis: "Nyaéta nalika aya jalma nu calik di lebet masjid bari diniatan I'tikaf di lebetna"

Saterasna Kanjeng Nabi saw. Mungkas kan obrolan anjeunna sareng Iblis la'natullohi ta'ala ku pasualan nu ka-20 kalina: "Naon deui nu nyababkeun ancurna panenjo mata andika?"

Jawab Iblis: "Nu matak paningal soca abdi janten ancur téh, diantaranya nyaéta jalmi nu taat ka ibu ramana, ngupingkeun kana cariosan ibu ramana, ngajAmiin tuang-leueut ogé bahan sandang sareng pangan ogé papan ka ibu ramana salami ibu ramana masih jumeneng, kapan salira ku anjeun parantos ngadawuh: 'Sawarga téh aya dina dampal sampean ibu "

Al-Hamdulillah, rengse pedaran obrolan antawis Rosululloh saw. Sareng Iblis laknatullohi ta'ala 'alaih, mugia janten bebenteng diri tina sadaya reka perdaya Iblis. Amiin ya Alloh robbal 'alAmiin.

Walloohu A'lam Bishowaab. ®

## ***18. Maluruh Kabagjaan***

Dina sadinten sawengi aya do'a nu pirajeuneun malah kadang sering di ajengkeun ka Alloh swt., Kailaharanana do'a ieu téh dibaca satiap ba'da sholat sakurang-kurangna. Geuningan urang sadayana sok ngajerit, ngado'a ka Alloh ku kalimat:

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

Inti tujuan jeung maksudna ieu do'a téh, taya kajaba yén urang sadayana ngajukeun proposal ka Alloh swt nyuhunkeun kabagjaan di dunya sareng di akhérat. Tah dina seratan ieu urang nyoba-nyoba ngabahas masalah

kabagjaan atawa kanugrahaan, bahasa barudak ayeunamah disebut bahagia.

Éta kabagjaan téh pada néangan ku saréréa, kaum Muslimin néangan bagja jeung nugraha. Kafir néangan bagja jeung nugraha. Malah ku Nu Maha Suci disebatkeun, dibéwarakeun ka Kanjeng Nabi Muhammad saw., saur Alloh téh: ... الدُّنْيَا فِي آتِنَا رَبَّنَا يَقُولُ مَنْ النَّاسِ فَمِنْ ... . Jalma-jalma nu baheula (urang kafir) sok ngajarerit ka Pangéran marénta hayang papanggih bagja jeung bahagia di dunya. Ngan ! tara ménta sahuruf ogé hayang bagja jeung bahagia di akhérat. Tah lamun aya jalma ménta hayang bagja jeung bahagia di dunya wungkul, bisa jadi ku Pangéran di bikeun bagjana di dunya. Tapi: ... وَمَا ... خَلَقَ مِنَ الْآخِرَةِ فِي لَهُ وَمَا ... . Moal kabagéan di akhérat. Kukituna, khususna urang sadayana salaku muslim, ménta bagja jeung bahagia téh tos pasti di dunya jeung di akhérat. Sakumaha dawuhan Alloh swt. dina surat Al-Baqarah ayat 201:

وَمِنْهُمْ مَنْ يَقُولُ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

“...Jeung aya deui ti antara manaranéhna anu ngado'a kieu: ‘Nun Gusti Pangéran abdi sadaya, mugi Gusti maparin kasaéan di dunya sareng kasaéan di akhérat, sareng mugi Gusti ngajaring abdi sadaya tina siksaaan seuneu naraka’ “ (QS. Al-Baqarah [2]: 201).

Cindeknamah bagja jeung bahagia téh di téangan ku saréréa, ngulon ngétan, nepi ka jalma téh teu milih halal, jeung teu milih haram, bawaning ku hayang papanggih jeung nu aranna bahagia. Tapi nu jadi anéh, éta kabagjaan téh pada ngala ku saréréa. Naha dina kanyataanamah teu saréréa meunang. Bahagia téh di udag-udag ku sadayana, dikoréhan ku sadayana, di arala ku sadayana. Tapi naha ? nu mindeng nganjang ka imah urang téh malah susah, bahagiamah tara nganjang saelol-lol acan.

Cik naon kira-kirana ? Naon sababna bagja di ala, nu datang kalah ka susah. Naha bahagia nu geus béak kira-kirana ?, Atawa Alloh swt Nu korét teu méré bahagia ?. Éta pertarosan di waler, lain Alloh nu korét moal méré bagja jeung bahagia ka manusa, sanés bagja jeung bahagia nu séép, da moal séép. Sakali deui, lain bahagia nu béak, lain Alloh nu korét. Tapi urang ku anjeun nu salah néanganana, néangan bahagia, néangan bagja lain dina tempatna.

Samodél conto urang Jawa Barat resep kana lauk asin, lauk asin téh spésifik Jawa Barat. Da lamun dahar teu maké asin téh kurang sreg. Bring

wéh saréréa néangan asin, pasti moal meunang saréréa, sabagianmah aya nu teu meunang. Hartosna lain asin nu béak, lain laut nu saat, lain Alloh nu korét. Ngan...! urang wéh nu lepat ku anjeun, néangan asin lain dina tempatna. Kalah ka giridig mamawa kecrik ka gunung Tangkuban Parahu, Da moal meunang, paling aya gé bangké londok di Tangkuban Parahumah, da asinmah ayana di laut. Tah...! bagja jeung bahagia gé di taréangan ku saréréa teu beunang téh, naon sabab ?. Lain béak, lain Alloh nu korét, tapi urang sorangan teu uninga dimana lemburna, dimana kandangna bahagia, dimana padumukan matuhna.

Timbul pertarosan: *“Dimana atuh bagja téh tempatna ?”*. Waleranana, *bagja jeung bahagiamah ayana dina karidhoan Gusti Alloh swt. tapi sok sanajan ieu pamadegan tos diuningakeun ti kapungkur. Terkadang, aya kénéh sabagian diantara urang sadayana malah kadang kaasup urang sorangan, nyangka ayana bagja, ayana bahagia téh dina duit, dina harta banda raja kaya. Nu matak dug hulu pet nyawa ngala duit, ngala harta, méh teu dipilih halal jeung haram asal meunang duit, asal meunang harta. Pan... loba jalma nu nyarita kalepasan: “Wah...! sagala gé pokonamah ku duit, pokonamah ku harta banda raja kaya”*. Malah aya sabagian nu ngarti kana agama, bari ngarti kana agamana téh teu pati loba, sok kalepasan nyarita: *“Agama gé moal maju mun teu maké duitmah, ibadah moal jalan mun teu maké duitmah”*. Tah kedah Istighfar deui pami aya nu nyarita kitu. Lamun aya nu boga pamadegan yén sagalana ku duit, sagalana kudu ku harta banda rajakaya dina ngahontal kabagjaan. Mangga titénan, talungtik ku urang, da geuningan loba diantarna jalma nu duitna loba, lubak-libuk harta bandana salieuk béh paribasana, tapi teu manggih kana kabagjaan. Tapi najan bari kitu aya baé nu bedegong, dijurung ku nafsu, teu saeutik jalma, kajeun teuing bagja leungit asal duit loba,. Keur naon kikituan ?.

Aya deui sawatara jalma, nyangka marukan bagja jeung bahagia téh ayana dina élmu, kadieunakeunmah jeung gelar, nu matak masyarakat téh, dug hulu pet nyawa hayang nyakolakeun anak téh. Mun di kampung kajeun rempag gagaleng, kajeun coplok kongkorong, asal anak bisa sakola. Kadituna tepi ka boga gelar, rék Insinyur, rék Drs. rék Sarjana Hukum jeung sajabana. Dipecut anak téh supaya meunang gelar. Timbul pertarosan: *“Meunang élmuna ?, meunang gelarna ?. Sawaréh meunang,*



sawaréh henteu. Da élmumah lain keur saréréa, sabab tos ay a guratan kahirupan ti Alloh swt. Pikeun tiap-tiap nu makhluk nu hirup kumelendang di alam dunya, kalebet urang sadayana. Contona baé ayeuna, nu keur sakola di tiap paguron luhur, jeung nu tos lulus. Naha meunang kabéh élmuna jeung gelarna. Jawabanana, Aya nu meunang, aya nu henteu ?. Tah ayeuna nu meunang élmu jeung gelar, naha kabagjaan jeung kanugrahaan ngancik dina kahirupanana ?. Teu saeutik nu ngaranna profésor malah ka golongan guru besar nu hirupna pinuh ku kasusah, pinuh ku karipuh.

Memang élmu téh ibarat damar atawa lampu, pikeun nyaangan ka sing saha baé ni mibandana. Tapi kadé sing inget, yén élmu-mah kumaha nu mawana, kumaha nu mibandana, tegesna élmumah ibarat pakakas péso, bedog atawa pakakasa séjénna nu mun éta pakakas di pibanda ku jalma nu akhlak-na hadé, tinangtu pakakas téh bakal dipaké pikeun kamaslahatan, dipaké pikeun kasalamétan nu akhirna nimbulkeun kamanfaatan, boh keur pribadi nu mibandana pon kitu kénéh ka nu séjén. Tapi sabalikna, lamun éta pakakas di pibanda ku jalma nu béjad akhlakna, maka pakakas téh bakal nimbulkeun kamadharatan, nimbulkeun bahaya boh keur nu mibandana pon kitu kénéh ka nu lian, misalna keur nandasa, maksa mirusa, ngieun kajahatan jeung sajabana, nu antukna bisa nimbulkeun kamafsadatan.

Tah élmu ogé kitu, kumaha nu mibandana, kumaha nu mawana, mun seug élmu téh dipibanda ku jalma nu akhlakna hadé tinangtu bakal nimbulkeun karidhoan Alloh swt. Sahingga kabagjaan jeung kanugrahaan bakal ngancik ka diri ni mibandana ogé ka nu lian nu aya di sabudeureunana. Nu matak kanjeng Nabi saw. Ngadawuh: “Khoérunnaas ‘Anfa’uhum Linnaas” (yén panghadé-hadéna manusa, nyaéta nu bisa maparin kamanfaatan ka manusa séjénna). Jadi, sumber kabagjaan jeung kanugrahaan téh teu di ukur ku luhurna élmu atawa ku mibandana gelar, tapi tetep sumbernamah aya dina karidhoan gusti Alloh Robbul ‘AlAmiin. Tegesna, élmumah alat, élmumah pakakas pikeun nganteurkeun kana tempat sumberna bagja nyatana karidhoan Alloh swt.

Aya deui sawatara jalma nyangka, yén bahagia jeung bagja téh ayana dina pangkat jeung kalungguhan. Nepi ka parebut pangkat jeung kalungguhan, tepi ka poho ditemah wadi silih jongklokkeun, silih pitnah geus poho ka dulur sakandangan, komo ka baraya ka tatanggamah silih

jongklokkeun silih cilakakeun, parebut pangkat jeung jabatan atanapi kalungguhan. keur naon kokomoan teuing kana pangkat téh, taya kajaba hayang bahagia.

Naha dimana kalungguhan jeung pangkat ka tampa, kapibanda, datang kabagjaan téh ? Teu saeutik, jalma nu gedé pangkatna, nu luhur kalungguhanana, leuwih gedé deui susahna. Leuwih luhur deui karipuhna. Naha bet kitu ? Kapan tadi geus diwaler, yén duit, harta banda raja kaya, élmu, jeung pangkat ogé kalungguhan, étamah lain sumber bagja, lain sumber bahagia. Da sumbernamah aya dina karidhoan gusti Alloh swt. Ari duit, harta banda rajakaya, elmu jeung pangkatmah ogé kalungguhanmah alat-alatna. Kabéhanana ogé ibarat useup jeung kecrikna pikeun ngala lauk, lauk minangka bagjana, balong minangka karidhoan gusti Alloh swt. Tinggal kumaha urangna, bisa jeung henteuna ngagunakeun éta useup jeung kecrik, da lauknamah aya dibalong, Bagja jeung bahagia téh ayana dina karidhoan Alloh. Di alana ku saha ? Ku manusa, nya urang sadayana. Ku naon ngalana ? Mun boga duit, boga harta banda raja kaya, ala bahagia dina karidhoan Alloh ku duit reujeung harta banda. Mun teu boga duit, teu boga harta, aya pilihan deui ala kabahagiaan nu aya dina karidhoan Alloh swt. téh ku elmu. Mun teu boga elmu, ala kabahagiaan nu aya dina karidhoan Alloh téh ku pangkatna jeung kalungguhan.

Timbul deui pertarosan, kumaha mun teu duit, teu elmu teu pangkat komo kalungguhanmah? jaba miskin téh bodo. Tah éta ogé, Ala kabahagiaan nu aya dina karidhoan Alloh téh ku bodo. Da bodo ge kecrik kénéh, da bodo ge usep kénéh, keur ngala kabagjaan jeung kabahagiaan nu aya dina karidhoan Alloh.

Jadi, naon sabab bagja jeung nugraha teu datang téh, da salahna aya di urang kénéh, ngudag bahagia lain dina tempatna. Ku simkuring diwartosan ngalangkungan katerangan agama, yén bagja jeung bahagia téh ayana dina karidhoan Gusti Alloh. Naon cirina, yén bagja jeung nugraha aya dina karidhoan Alloh, lain dina duit, lain dina elmu, lain dina pangkat? Tah di waler ayeuna...! Bukti yén duit jeung elmu, jeung pangkat, lain sumber kabahagiaan. Ditalungtik ku urang sadaya. Ternyata Duit harta banda raja kaya, elmu, jeung pangkat, ku Pangéran memang

dibikeunnamah di bikeun. Ngan wayahna teu kabéh meunang. Naha maké kitu ? Sabab duit harta banda rajakaya, elmu, jeung pangkat lain keur ka sarerea. Perkara nu lain keur ka sarerea di teangan ku sarerea, dimana teu meunang tong ambek. Pek ala ku sarerea nu tilu perkara téh, Ngan dimana teu meunang, tong ambek! Da lain keur sarerea. Da nu dibikeun ku Pangéran di alam dunyamah ngan dua-duana, hiji susah kadua bungah. Étamah rata di bikeun ka sarerea.

Numawi dimana ngala duit, ngala elmu, jeung ngala pangkat teu meunang, atawa tong ambek! Da étamah lain keur sarerea, ngan lamun ngala bungah teu meunang étamah kudu ceurik bathin. Naon sababna? sabab, Perkara anu dibikeun ka sarerea tepi ka teu kabagéan, pertanda Allah bendu. Lamun urang palay tuang teu aya beas, tong ambek! sing sadar weh kana teu kabogaan. Tapi lamun aya dahareun urang hayang dahar terus di asupkeun kana baham, tapi teu daekeun asup ka jero kalah ka utah deui, buru-buru bawa ka dokter étamah tandana gering. Bungahmah jeung susah ku Pangéran di bikeun, ti bangsat tepi ka pajabat kabagéan bungah, ti mimiti garong badag nepi ka pemborong kabagéan susah. Da étamah rata di bikeun ka sarerea, elmu teu dibikeun ka sarerea, duit teu dibikeun ka sarerea, pangkat teu di bikeun ka sarerea.

Saha baé atuh anu dibere tilu perkara téh (duit, elmu jeung pangkat) ku Pangéran téh? Rahasia Allah, etamah. Pek weh! Paluruh ku sarerea, ngan mun geus neangan tur enyaan neangana teu meunang, tong bendu! da (duit, elmu jeung pangkat) lain keur sarerea.

Mudah-mudahan urang sadayana kalebet jalmi nu milari bagja jeung kasigrahan aya dina jalan karidhoan Gusti Allah swt. Amiin.

Waalloohu A'lam Bish-Showab. ®

### 19. Washiyat Kanjeng Nabi saw. Ka Ibnu 'Abbas ra.

عَنْ أَبِي نُجَيْحِ الْبُرَيْثِيِّ بْنِ سَارِيَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ قَالَ : وَعَطَانَا رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ مَوْجَةً وَجِلَّتْ مِنْهَا الْقُلُوبُ وَتَرَفَتْ مِنْهَا الْعَيْنُونَ , قَالُوا يَا رَسُولَ اللَّهِ كَيْفَ نَأْتِيهَا مَوْجَةً مُوَدِّعَةً فَأَوْصِينَا , قَالَ : أَوْصِيكُمْ بِعَفْوِي اللَّهُ عَزَّ وَجَلَّ , وَالسَّمْعِ وَالطَّاعَةِ وَإِنْ نَعَزَّ عَلَيْكَ عَبْدٌ , فَإِنَّهُ مَنْ يَرِحْ مِنْكُمْ بَعْدِي فَسَيَرَى لِحُوبِهَا كَيْدًا فَطَلِبْكُمْ بِسُنَّتِي وَسُنَّةِ الْخُلَفَاءِ الْمُهْتَبِينَ الرَّائِبِينَ تَمَسُّكُوا بِهَا وَعَصُوا عَلَيَّهَا بِالتَّوَّاجِدِ , وَإِيَّاكُمْ وَمُخْتَلَبِ الْأُمُورِ فَإِنَّ لِكُلِّ بَدْعَةٍ ضَلَالَةٌ - رَوَاهُ أَبُو نَازِرٍ وَالتِّرْمِذِيُّ وَقَالَ : حَدِيثٌ حَسَنٌ صَحِيحٌ

“....Ti Abu Najih, Al ‘Irbad bin Sariyah ra. Anjeunna nyarios: “Rasulullah saw. Parantos maparin naséhat ka kami (para shahabat) kalayan hiji naséhat nu ngageterkeun haté tur nu ngalantarankeun nyurucudna cimata”. Kami (para shahabat) unjukan:,”Duh Rasulullah, naséhat nu (didugikeun ku salira téh) saolah-olah naséhat ti jalmi nu badé pamitan seja papisah salalawasna (Maot), ku kituna, mugia salira kersa maparin wasiyat ka abdi sadaya” Rasulullah saw. Ngadawuh: “Kami méré wasiat ka aranjeun sakabéh sangkan tetep aya dina kataqwaan ka Alloh nu Maha Agung tur Maha Mulia, ogé tetep ngadéngé jeung ta’at sanajan nu marentahkeun ka anjeun sakabéh saurang hamba sahaya (budak). Satemenna sing saha jalmana nu hirup diantara aranjeun saba’dana kami maot, maka manéhna bakal ningali lobana ikhtilaf (persulayaan/béda pamadegan), maka lamun geus kitu prak cekel nu pageuh kana sunnah kami jeung sunnah Khulafaur-Rasyidin nu meunang pituduh (hidayah), cekel kalayan kuat duanana (sunnah kami jeung sunnah Khulafaur-Rasyidin) jeung gegel nu kuat ku huntu caréham. Jeung jauh ku aranjeun kabéh hal-hal nu anyar (bid’ah) sabab, satemenna sakabéh perkara anyar (bid’ah) éta sasar.” (HR. Abu Daud jeung At Tirmidzi, Hadits Hasan Shahih) [Abu Dawud no. 4607, Tirmidzi no. 2676].

Hadits di luhur ngandung sababaraha wasiyat diantara wasiyat-wasiyat Rasulullah saw. ka para shahabat khususna, umumna ka urang salaku umatna. Kacutat dina matan (eusining) hadits téh diantarana wasiyat taqwa, jeung nurut tumut ka para pAmiingpin islam. Nu tujuanana taya kajaba pikeun ngahontal kabagjaan dunya jeung akhérat. Nu eta kabéh téh bisa dihontal mun seug nyekel pageuh kana Sunnah-sunnah Rosulullah saw. jeung sunnah para khulafaur-Rasyidin ra. bari ngajauhan laku lampah bid’ah. Hikmah tina eusining hadits di luhur diantarana nyaéta ngeunaan wasiyat atawa naséhat Rasulullah saw. Nu ngeuna nu istilah di hadits di luhur ku kalimat *يَلِغَةُ مَوْعِظَةٌ* (Mau’idzotun Balighotun) “pitutur nu ngeuna”. Hartina, naséhat nu ngabekas atawa naséhat nu aya tapak dina haté ka nu ngadéngéna sahingga nimbulkeun hiji perubahan sikep. Malahan dina Hadits di luhur digambarkeun, yén para shahabat satutasna ngupingkeun naséhat atanapi wasiyat Kanjeng Nabi saw. dugi ka narangis, sahingga nu karaos ku para shahabat, yén wasiyat Kanjeng Nabi saw. téh lir ibarat jalmi nu badé ngantunkeun ieu alam dunya. Sahingga Rédaksi Hadits nu séjénmah disebatkeun, yén

Rosululloh saw. ngadawuh: “Saéstuna ieu naséhat téh ti jalma nu bakal papisah salilana (maot)”. Teras para shahabat naros: “Naon atuh ya Rasulullah nu badé diwasiyatkeun ku salira ka abdi sadaya téh ?” Rasulullah saw. Ngadawuh :“Kami tinggalkeun aranjeun kabéh dina kaayaan caang, peutingna lir ibarat beurang, hamo aya nu nyimpang (mun seug aya nu nyimpang) maka manéhna bakal ancur binasa”. Naséhat nyaéta maparin hiji wejangan nu eusina bisa hiji pépéling, bisa ogé hiji papatah atawa amanat lisan nu éta naséhat téh bener-bener kudu dilaksanakeun sabab mun teu dilaksanakeun bakal nimbulkeun akibat-akibat nu teu dipiharep. Tah naséhat Rasulullah saw. Dina Hadits di luhur ngandung hiji pépéling nu sifatna nyingsieunan (At-Takhwif) tapi nyingsieunan didieu ngandung maksud hiji pépéling supaya umatna henteu tigebrus kana kacilakaan nu fatal ku akibat teu ngalaksanakeun kana naon-naon nu diwasiyatkeun ku Rosulullah saw.

*Wasiyat nu kahiji*; Kanjeng Nabi saw. Maparin wasiyat Sangkan urang tetep aya dina kataqwaan *عَزَّوَجَلَّ اللهُ بِتَقْوَىٰ يَكْمُؤُصِد*. Sagala ibadah nu disyaré'atkeun tujuanana taya kajaba supaya ngawujudna katakwaan dina jiwa katut raga pikeun jalma nu ngalaksanakeunana. Sahingga kataqwaan téh mangrupikeun hiji ukuran mulia jeung henteuna hiji manusa dipayuneun Allah swt. Kataqwaan ogé mangrupikeun bekel urang dina raraga nyiapkeun diri pikeun jaga ngeusian alam nu langgeng taya tungtungna. Sabab jalma nu taqwa hirupna bakal ati-ati pinuh kawaspadaan, teu sambarang dina ngagarap hiji pagawéan, pinuh ku perhitungan kana kamaslahatan batan kamafsadatan dumasar kana hal éta, maka wungkul taqwa nu bakal jadi bekel nu panghadé-hadéna pikeun jaga urang mayunan Alloh swt. ogé pikeun jadi taméng nalika mayunan mahkamah Agung Allah swt. Nu satuluyna nu bakal jadi kaputusan meunang kabagjaan jeung henteuna dina ngeusian alam nu abadi, alam nu teu aya tungtungna nyatana akhérat.

Wasiyat nu kadua

*Wasiyat nu kadua*, ieu ngeunaan kuduna merhatikeun ngadéngé bari nurut tur tumut kana sagala paréntah nu hadé nu bijilna ti pAmingpin Islam. PAmingpin nu mingpin kaum muslimin

tinangtu dina maréntah téh pasti ngandung kana kamaslahatan umat. Kukituna nurut tumut ka saurang pAmiingpin téh minangka kawajiban nu diwajibkeun ku Allah swt. Sakumaha Dawuhanana dina Al-Qur'an Surat An-Nisa' ayat 59:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَأُولِي الْأَمْرِ مِنْكُمْ ..... “

“..Yeuh jalma-jalma nu ariman! Geura tarumut maranéh ka Allah jeung ka Rasul, jeung ka nu nyekel kakawasaan diantara maranéh .....”(QS. An-Nisa [4]:59).

Dina Hadits di luhur, Rasulullah saw. maparin hiji mitsil (perumpamaan), yén sanajan nu mingpin téh hiji hamba sahaya (budak beulian) ti nagri Habasyah tapi kudu diturut jeung digugu ogé didéngé kana sagala paréntahna.

Para Ulama maparin tafsiran kana ieu rédaksi Hadits, yen sabenerna teu mungkin saurang hamba sahaya (budak beulian) jadi pAmiingpin. tapi maksud ieu rédaksi hadits téh nyaéta Nabi saw. Maparin hiji pépéling yén dimana kakawasaan atawa hiji perkara diséréнкеun atawa dicekel ku nu lain ahlina, maka bakal tumuwuhna karusakan nu fatal. Tapi dimana hal ieu lumangsung, tegesna kakawasaan jeung sagala pekara dicekel atawa diséréнкеun ka nu lain ahlina, maka sikep nu kudu jadi pamadegan nyaéta tetep urang nurut tumut ka maranéhna kalayan tujuan ngahindar tina karusakan nu leuwih rongkah, bisa jadi maranéhna téh cocoba ti Allah swt pikeun sakumna umat Islam nu dipingpin, sangkan umat islam tetep sabar ngarah teu timbul fitnah nu leuwih fatal kana sagala hal nu lumangsung nu sabenerna lain hak naranéhna dina nyekel urusan kieu téh.

*Wasiyat nu katilu*; Ngeunaan wasiyat nu katilu Rasulullah saw. maparin gambaran kaayaan umatna saba'da anjeunna pupus. Yén umatna téh bakal lumangsung lobana ikhtilaf (persulayaan/béda pamadegan). Miturut Imam Ibnu Daqa'iq ra. Ieu téh mangrupikeun mu'jizat Kanjeng Nabi Muhammad saw. anjeunna tiasa maca kaayaan nu bakal datang, kaasup kana bakal lumangsungna ikhtilaf (persulayaan/béda pamadegan) diantara umatna saba'da anjeunna teu aya. Sabenerna Kanjeng Nabi saw. uninga nu sajléntréna kajadian nu bakal lumangsung, tapi anjeunna

ngahaja teu ngajelaskeun ka para shahabat. Anjeunna wungkul maparin gambaran kaayaan nu bakal lumangsung sacara umum. Tur maparin pépéling supaya para shahabat ogé umatna sangkan waspada mun seug kajadian ikhtilaf (persulayaan/béda pamadegan) téh karandapan. Hal ieu dumasar kana dawuhan anjeunna dina eusi hadits di luhur, anjeunna ngadawuh: “Maka lamun geus kitu prak cekel nu pageuh kana sunnah kami jeung sunnah Khulafaur-Rasyidin nu meunang pituduh (hidayah), cekel kalayan kuat duanana (sunnah kami jeung sunnah Khulafaur-Rasyidin) jeung gegel nu kuat ku huntu caréham”.

Sunnah nyaéta jalan nu kudu disorang, kukituna kecap sunnah ngabeungkeut kana lalampahan Rosulullah saw. jeung para shahabat-shahabatna nu diluluguan ku Khulafaur-Rasyidin (Abu Bakar Ash-Shidiq, Umar bin Khaththab, Utsman bin Affan jeung Ali bin Abi Thalib). Sabab makna sunnah miturut istilah, nyaéta jalan, cara atawa sistem nu dipikaresep tur digawéan dina agama sakumaha nu dicontokeun prak-prakkanana ku Rosulullah saw. boh dawuhanana, padamelanana ogé kapanujuan atawa katetepan anjeunna kana hal nu dilakukeun ku para shahabat.

Ku kituna hamo mang-mang hamo ragu dina raraga nyekel bener-bener nu pageuh kana sunnah sunnah Nabi saw. jeung Sunnah Khulafaur-Rasyidin ra. bakal kahontalna kabagjaan jeung kasalamétan, terutama nalika lumangsungna ikhtilaf (persulayaan /béda pamadegan). Hartina, nalika lumangsungna kajadian (persulayaan /béda pamadegan) maka sikep urang nu paling hadé, nyaéta mulangkeun sagalana kana naon-naon nu kacutat dina Al-Qur’an jeung Sunnah Rasulullah saw. ogé sunah para shahabat.

Wasiyat nu kaopat

Washiyat nu kaopat nyaéta ngeunaan sangkan urang ngajauhan laku lampah *bid’ah*. Ari harti, makna jeung katerangan ngeunaan *bid’ah* miturut bahasa nyaéta hiji perkara nu diaya-ayakeun nu éta perkara téh teu aya samemehna, tegesna perkara nu anyar diayakeun. Sedengkeun *bid’ah* miturut istilah nyaéta naon-naon nu diaya-ayakeun nu éta perkara téh nyulayaan kana syaré’at agama ogé nyulayaan kana dalil khusus jeung dalil umum.

Ngeunaan perkara *bid’ah* aya Hadits Nabi saw.: “Sing saha jalmana nu ngaya-ngaya perkara dina urusan kami (agama), jeung perkara nu lain

bagian tina éta perkara (agama), maka sagala nu dilakukan téh katolak (teu ditarima)".

Para Ulama béda pamadegan dina nafsirkeun bid'ah, aya sabagian Ulama ngajelaskeun yén sagala bid'ah téh sasar. Tegesna rék kumaha baé bentukna sagala perkara nu diaya-ayakeun nu éta perkara téh nyulayaan kana syaré'at agama ogé nyulayaan kana dalil umum jeung dalil khusus, tegesna teu aya dasar pisan dina agama, maka éta téh kaasup sasar. Hal ieu nyekel kana dawuhan Kanjeng Nabi saw.: "Sakabéh bidah téh éta sasar".

Tuluy Sayyidina Umar bin Khaththab ra. Nalika ngumpulkeun umat Islam dina shalat wengi bulan Ramadhan (shalat tarawih) kalayan berjama'ah, sahingga cariosan anjeunna ngajadikeun dasar yén bid'ah téh teu sakabéh sasar, nyaéta cariosan: "Sahadé-sahadé bid'ah nya ieu (shalat tarawih berjama'ah)". sahingga nalika Ubay bin Ka'ab ra. Nyarios ka Umar bin Khaththab ra.: "Wahai Amiril Mu'minin! saéstuna ieu perkara (shalat tarawih berjama'ah) téh teuaya (di zaman Nabi)". Umar bin Khaththab ra ngawaler: " Kami apal, tapi hal ieu téh hadé". Dumasar kana hal éta pisan, sabagian Ulama ngabagi bid'ah kana dua bentuk bagian, nyaéta bid'ah Hasanah (hadé) jeung bid'ah sayyi'ah (goréng/sasar).

Saperti halna Imam Asy-Syafi'I ra. Nu ngabagi bid'ah kana dua bentuk. Miturut anjeunna yén nalika bid'ah téh nyimpang tina Al-Qur'an, Sunnah Nabi saw. jeung atsar para shahabat ra. ogé nyulayaan kana ijma' para ulama, maka hal ieu téh kaasup bid'ah nu sasar. Tapi lamun perkara bid'ah éta tina perkara-perkara nu hadé nu teu nyulayaan kana Al-Qur'an, Sunnah Nabi saw. jeung atsar para shahabat ra. ogé teu nyulayaan kana ijma' para ulama, maka éta bid'ah téh kaasup bid'ah hasanah (hadé). Sabab, loba perkara nu kaasup bid'ah nu teu di ragueun deui yén éta téh bid'ah hasanah (hadé).

Dumasar kana pamadegan Imam syafi'i ra. di luhur, maka ngayakeun acara Maulid Nabi saw., Isra' Mi'raj, Miéling taun anyar Islam jeung perayaan-perayaan poé nu ngandung sajarah dina islam séjénna, kaasup kana bid'ah hasanah (hade), teu kagolong kana bid'ah nu sasar. Sabab, dijeron dieusi ku syi'ar islam jeung da'wah Islamiyah. Sedengkeun Syiar jeung Da'wah Islamiyah eta teu nyulayaan kana Al-Qur'an, Sunnah



Nabi saw. jeung atsar para shahabat ra. ogé teu nyulayaan kana ijma' para ulama.

*Wasiyat nu kalima*; Nu Kalima, رُفِعَتْ الصُّحُفُ وَجَعَتِ الْأَقْلَامُ Sakabéh qolam (péna) geus diangkat jeung lambaran-lambaran kertas geus gararing). Maksudna nyaéta, teu aya nu hamo bisa diganti-ganti, nalika takdir geus katangtuan Alloh ditetepkeun ka urang sadaya. Tinggal urang salaku makhluk kudu bisa tumarimana, bari ulah aral subaha, ulah peunggas harepan tina rohmat. Kudu salalawasna urang nyalindung ka Alloh.

Saterusna dina eusining (matan) Hadits salian nu diriwayatkeun ku Imam At-Tirmidzy di luhur téh, dina waktu urang keurIngauningakeun, yén urang kudu émut ka Alloh bakal émut ka urang nalika keurlluang atawa keur bungah, maka Alloh , maka hamo nerapIsusah. Tur naon baé nu teu aya dina katangtuan Alloh geus netepkeun hiji perkara ka urang. Tapi lamun Alloh kahadéan atawa kagoréngan, maka urang hamo bisa ngahindar tina éta kabéh. Tegesna, ujian pasti datang, satiap jalma nu lahir pasti mawa garis kahirupanana (taqdir) masing-masing. Ogé urang kudu yakin, yén dina satiap kaunggulan dibarengan ku kasabaran, dina tiap kasusah téh pasti aya jalan kaluar, ogé dina satiap kasulitan pasti bakal dibarengan ku kagampangan, sakumaha nu kaunggel dina Al-Qur'an Surat Al-Insyirah ayat 5-6:

فَإِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا (5) إِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا (6)

*"..Saenyana dina kasusah (rohani) téh aya kabungah, jeung saenyana dina kasusah (jasmani) téh aya kasenangan"*(QS. Al-Insyiroh [94]:5-6).

Cindekna Tah naséhat Rasulullah saw. Dina Hadits di luhur ngandung hiji pépéling nu sifatna nyingsieunan (At-Takhwif) tapi nyingsieunan didieu ngandung maksud hiji pépéling supaya umatna henteu tigebrus kana kacilakaan nu fatal ku akibat teu ngalaksanakeun kana naon-naon nu diwasiyatkeun ku Rosulullah saw. Lima wasiat kasebut eta, diantaranya:

- Kataqwaan mangrupikeun bekel urang dina raraga nyiapkeun diri pikeun jaga ngeusian alam nu langgeng taya tungtungna.
- Tumut kana paréntah Allah jeung ka Rasul, sarta parentah pimpinan nu hadé pasti ngandung kana kamaslahatan umat.

- Sangkan waspada mun seug kajadian ikhtilaf téh karandapan. Prak cekel nu pageuh kana sunnah kami jeung sunnah Khulafaur-Rasyidin nu meunang pituduh (hidayah),
- Sing saha jalmana nu ngaya-ngaya perkara (bid'ah), dina urusan kami (agama), jeung perkara nu lain bagian tina éta perkara (agama), maka sagala nu dilakukan téh katolak (teu ditarima).
- Urang kudu yakin, yén dina satiap kaunggulan dibarengan ku kasabaran, dina tiap kasusah téh pasti aya jalan kaluar, ogé dina satiap kasulitan pasti bakal dibarengan ku kagampangan,

Mudah-mudahan urang ka golong kana jalma-jalma nu salawasna, meunang pangjaga ogé pangriksa ti Manten-Na sahingga urang bisa ngajaga kana hak-hak Alloh. Amiin Ya Alloh Ya Robbal 'ALAmiin.

Wallohu 'Alam Bish-Shoawab. ®

## ***20. Mikawanoh Ibu Taymiyyah ra.***

Ibnu Taymiyah, nami lengkepna nyaéta Taqiyyudin Ahmad bin Abdilhalim bin Taymiyyah. Anjeunna babar ti kulawarga nu dilimpudan ku kataqwaan ka Alloh swt. Ramana Syihabuddin bin Taymiyyah. Saurang Syéikh (Guru), hakim, khatib, 'alim nu pinuh ku rasa wara' (ati-ati dina tindak-tanduk, léngkah, ucap sareng manah). Éyangna Majduddin Abul Birkan Abdussalam bin Abdullah bin Taymiyyah Al-Harrani. Syéikhul Islam, Ulama fiqih, ahli hadits, tafsir, Ilmu Ushul sareng hafidz Al-Qur'an.

Ibnu Taymiyah babar di Harran, 10 Rabiul Awwal 661 H dina zaman nalika Baghdad ngarupakeun pusat kakawasaan jeung budaya Islam. Nalika yuswa genep taun, Ibnu Taymiyyah alit dicandak ku Ramana ka Damaskus. Di Damaskus anjeunna diajar ka guru-guru nu aya, anjeunna nyuprih mangpirang-pirang élmu pangaweruh kayaning: Al-Jabar (ayeunamah Matematika), khat, Nahwu, Ushul fiqih jeung sajabana ti éta. Dina yuswa nu anom kénéh anjeunna parantos ngalap élmu-élmu utama ti jalmi-jalmi nu utami. Ogé nu jadi kautamaan pikeun anjeunna dipaparin ku Alloh Ta'ala nyaéta ku mibanda kamampuhan gampil afal, sahingga dina yuswa anom kénéh anjeunna parantos afal Al-Qur'an. Kajaba éta, anjeunna ngimbangan kahanaanganana dina nyuprih élmu pangaweruh

ku ngaberesihkeun haté, ku cara mikaresep ngahadiran kana majelis-majelis mudzakarah (dzikir). Dina yuswa tujuh belas taun karinékaan kana dunya élmu pangaweruh ngawitan katara. Sahingga dina yuswa 19 taun, anjeunna parantos tiasa maparin fatwa.

Élmu nu jadi andelan Ibnu Taymiyyah nyaéta *rijalul Hadits* (ngeunaan rawi hadits) sareng *Fununul Hadits* (ngeunaan cabang-cabang hadits) boh anu lemah, cacat atawa nu shahih. Anjeunna nguasaan hadits nu aya dina *Kutubus Sittah* sareng *Al-Musnad*. Dina ngauningakeun atawa ngajeulaskeun ayat-ayat minangka *hujjah* kacida luar biasana, sahingga mampu ngauningakeun kasalahan sareng kalemahan para *mufassir*. Tiap wengi anjeunna nganggit *tafsir, fiqh, ilmu 'ushul* bari maparin koméntar ka para filosof. dina sadinten sawengi anjeunna mampu nganggit opat *kurrosah* (buku alit) nu eusina sadaya pamendak anjeunna dina widang *syari'ah*. Ibnul Wardi ngajelaskeun dina kitabna "*Tarikhul Ibnul Warid*" yén anggitan Ibnu Taymiyah téh seueurna lima ratus judul.

Dina sajarah kahirupan Syéikh Ibn Taymiyah, anjeunna sering turun gunung ka tengah-tengah masyarakat ngadegkeun amar ma'ruf sareng nahi munkar. Anjeunna teu nyandak sikap 'uzlah (ngasingkeun diri) ku ningali mahabuna kama'shiyatan sareng kamungkaran. Pantès saupami anjeunna nyandang gelar saurang Mujahid nu gagah sakumaha nu kacutat cariosanana: "Jihad kami dina hal ieu nyaéta saperti jihad *Qazan, jabaliah, Jahmiyah, Ittihadiyah* jeung séjén-séjénna.

### **Pamadegan & Jalan Pikiran Ibn Taymiyah**

Pamadegan Ibnu Taymiyyah lain wungkul dina widang Syar'iyah, tapi ngeunaan wilayah politik reujeung pamarantéhan. Pamadegan anjeunna dina widang politik bisa dibaca tina kitabna kayaning: *Minhaj as-Sunnah an-Nabawiyah fi naqdh Kalam as-Syi'ah wal Qadariyah* (Jalan Sunnah Nabi tina panolakanana kana kayakinan Syi'ah jeung Qadariyah), *As-Siyasah as-Syar'iyah* (Sistem Politik Syari'ah), *Kitab al-Ikhriyaratul 'Ilmiyah* (Kitab aturan-aturan yuridis nu mandiri) jeung *Al-Hisbah fil Islam* (panalngaan kana kasusilaan masyarakat dina Islam). Salaku nu nganut aliran salaf, anjeunna wungkul percaya kana syari'at jeung aqidah sarta dalil-dalilna nu dituduhkeun ku nash-nash. Sabab, nash éta ngarupakeun wahyu nu nyoko tur ngamuara ti Alloh Ta'ala. Aliran ieu teu percaya kana 'métode logika rasional' nu asing pikeun Islam, sabab métode samodél

kieu teu aya dina zaman para sahabat ogé tabi'in. Boh dina masalah *Ushuludin, fiqih, Akhlaq* jeung sajabana ti éta, kabéhanana ogé dibalikkeun deui kana poko sumber hukum Islam nyaéta Al-Qur'an reujeung Al-Hadits nu mutawatir. Lamun hiji masalah teu kapanggih dina Qur'an jeung hadits, maka anjeunna nyarandé kana pamanggih para shahabat, sanajan anjeunna sering maparin dalil-dalilna dumasar kana cariosan para tabi'in reujeung atsar-atsar nu ku para tabi'in diriwayatkeun.

Dina Taun 705 H, kamampuan reujeung kaampuhan Ibnu Taymiyyah diuji. Para *Qadhi* ngarumpul bereng reujeung sultan di istana. Sanggeus ngaliwatan padungdangan sawala nu kacida rongkahna, akhirna jelas yén Ibnu Taymiyyah nyekel *aqidah sunniyah salafiyah*. Lain sakali anjeunna digebruskeun kana penjara dina taun 726 H. tug dugi kaping 20 *Dzulqaidah* taun 728 H. anjeunna pupus dina lebet penjara. Mugia Alloh salAmiina maparin Rohmat ka anjeunna.

*Amiin ya Alloh ya robbal 'ALAmiin.*

*Wallohu A'lam Bish-Showab. ©*

## ***21. Prinsip Dasar Ngadidik Anak Supaya Sholeh***

إِذَا مَكَاتُكُمْ أَمْ تَطْعَمُهُ إِلَّا مِنْ تَحْتِ : صَنْفَعَةَ جَارِيَةٍ، أَوْ عِلْمٌ يُنْتَفَعُ بِهِ، أَوْ وَلَدٌ صَالِحٌ يَدْعُوهُ

“...Nalika maot salah saurang turunan adam, maka pegat sagalana amal-amalanana. Iwal tilu perkara, nyaéta: Sodakoh jariah, Ilmu nu manfaat jeung anak nu soléh nu salawasna ngado'akeun ka manéhna”.

Anak mangrupikeun anugerah ti Alloh s.w.t. nu kacida luhung hargana pikeun para indung jeung bapa. Kajaba ti éta, anak téh mangrupikeun hiji amanah ti Alloh supaya diatik, dididik, diraksa, dijaga, ogé dibina tur nu paling pentingmah diarahkeun jalan kahirupannana supaya nincak dina jalan anu dipikaridho ku Alloh swt. Sabab, tos pada uninga yén satiap amanah tos pasti bakal diperedih ngeunaan pertanggung jaawabanana dipayuneun Alloh swt. Tah ayeuna timbul

pertarosan, tos dugi kamana urang ayeuna salaku kolot dina ngadidik nu jadi anak téh ? Naha urang salaku kolotna geus nohonan kalayan apik hak-hak nu jadi anak atawa sabalikna ngantep kitu baé, rék kitu rék kieu sakarep nu jadi anak ?.

Satiap jalma miturut ajaran Islam, hakékatnamah tos mibanda bibit kaimanan sareng katauhidan, pikeun mangéranan Alloh swt. sahingga miturut istilah Al-Quran-mah disebut fitrah. Tegesna, dina diri satiap manusa aya kacenderungan pikeun ngayakinkeun ngeunaan ayana Alloh swt. Tur wungkul ibadah ka Manten-Na. Hal ieu téh luyu reujeung Dawuhan Alloh swt. Dina surat Ar-Rum ayat 30:

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا ۚ فِطْرَتَ اللَّهِ الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا ۚ لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ اللَّهِ ۗ ذَٰلِكَ  
الدِّينُ الْقَيِّمُ وَلَكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ

*"...Nya geura sanghareupkeun diri maranéh kalawan lempeng kana éta agama dadamelan Alloh anu Anjeuna ngayugakeun manusa téh saluyu jeung éta agama. Teu aya anu pahili dina pangyuga Alloh , éta agama téh agama nu lempeng, tapi kalolobaanana manusa téh henteu nyarahoeun"* (QS. Ar-Rum ayat [30]:30).

Hal ieu dikuatkeun ku Dawuhan Kanjeng Nabi Muhammad saw. Nu diriwayatkeun ku Abu Ya'la, Thabrani jeung Baihaqy, sarta aya lafadz nu diriwayatkan ku Imam Bukhari:

*"Satiap anak nu dilahirkeun téh dina kaayaan suci (kasucian agama nu luyu reujeung kafitranana), maka indung bapana nu ngajadikeun manéhna jadi Yahudi, atawa Nasrani atawa Majusi. Maka lamun ngajadikeun manéhna jalma muslim, maka manéhna jadi muslim"*

Dua dalil Nakli nu munggaran bisa dicokot pamadegan, yén sacara kodrati manusa mibanda fitrah (kasucian) pikeun iman ka Alloh, tapi ku sabab faktor lingkungan ngajadikeun ayana panyimpangan ka arah nu lain. Cindekna, Islam ngaku aya dua hal pokok, yakni nu kahiji, yén sacara kondisi manusa tos dipaparin bekel 'naluri' pikeun ngagem agama tauhid (Agama Islam). Nu kadua, yén lingkungan téh mibanda pangaruh gedé kana naluri kafitranan manusa.

Ampir sakabéh ahli jiwa sapatmadegan, yén saéstuna naon nu geus jadi kahayang jeung kabutuhan manusa téh lain wungkul butuh kana sandang, pangan, jeung papan wungkul atawa kanikmatan-kanikmatan lainna. Dumasar hasil risét jeung observasi maranéhna nyokot kacindekan,

yén dina diri manusa aya hiji kahayang jeung pangabutuh nu sifatna universal, tur kabutuhan ieu téh ngaleuwihan kana kabutuhan-kabutuhan umumna nu sifatna kodrati, nyatana kahayang jeung pangabutuh pikeun mikacinta jeung dipikacinta ku Pangéran, hal ieu nu disebut fitrah agama.

Dina masalah ngadidik anak supaya jadi anak nu soléh, agama Islam tos maparin bongbolongan atanapi jalan kaluar ka urang sadayana ku bentuk prinsip-prinsip dasar dina ngatik, ngadidik, ngarahkeun ogé ngabina pikeun manusa dina raraga ngawujudkeun hiji wangunan kulawarga nu sakinah pinuh ku rohmat sareng ridho Allah swt. Nu salah sahijina, nyaéta ku mibanda anak nu soléh. Sabab, anak soléh téh minangka salah sahiji harepan malah mandar jadi hiji amal titinggal nu terus ngocor moal pegat di alam dunya, tug dugi ka urang sadayana dipundut ku nurahayu dipapag ajal ku nu maha kawasa, nya maot téa ngaranna.

Urang sadayana salaku indung jeung bapa, atawa nu bakal jadi indung jeung bapa tos pasti miharep dipaparin anak nu hadé akhlakna jeung soléh, tur bisa maparin bantuan nalika keur aya di alam dunya, ogé jaga di alam akhérat. Sakumaha dawuhan Rosulullah saw. :

“Nalika maot saurang turunan adam, maka pegat sagalana amal-amalanana. Iwal tilu perkara, nyaéta: Sodakoh jariah, Ilmu nu manfaat jeung anak nu soléh nu salawasna ngado’akeun ka manéhna”.

Ku sabab kitu, mun seug urang aya hasrat bari miharep pikeun mibanda anak nu sholéh, maka sawadina urang maparin didikan jeung atikan nu sampurna ka maranéhna nu luyu reujeung kahoyong Nu Maha Kawasa Allah swt.. sabab, prosés ngadidik anak supaya bener-bener jadi anak nu soléh geus jadi hiji tugas jeung tanggungjawab gedé pikeun satiap indung bapa. Utamana dina zaman kiwari nu geus kaasup dina zaman kamajuan, nu sarwa canggih, nu saeutik gedéna geus méré pangaruh kana modél kahirupan masyarakat kaasup kana kahirupan barudak. Ku kituna aya sababaraha hal nu kacida pentingna nu kudu jadi perhatian urang sadaya salaku indung jeung bapa ogé nu bakal jadi indung jeung bapa, pikeun ngawangun hiji tangtungan anak turunan urang sadayana jaradi insan nu soléh nu bisa méré manfaat pikeun agama, bangsa katut nagara.

Diantara hal-hal nu kacida pentingna dina raraga urang méré perhatian pikeun ngawangun anak turunan urang sadayana jadi anak nu soléh téh, aya lima perka nyaéta: *Nu kahiji*: Salawasna tong petot-petot urang ngadu'a ka Alloh s.w.t. malah mandar dipaparin anak turunan anu sholeh. Harepan mibanda anak turunan nu soléh sawadina kalayan cara urang ngado'a ka Alloh s.w.t. sabab, hal ieu téh ngarupakeun hiji amalan nu dilaksanakeun ku para nabi jeung rasul, sakumaha dawuhan Alloh swt. dina surah Ali - Imran ayat 38:

رَبِّ هَبْ لِي مِنْ لَدُنْكَ ذُرِّيَّةً طَيِّبَةً إِنَّكَ سَمِيعُ الدُّعَاءِ

“...Ya Alloh Pangéran abdi sadaya ! mugi Gusti maparin turunan anu saé ka abdi langsung ti gusti. Sayaktosna Gusti Maha Ngadangu kana sagala do'a”(QS. Ali - Imran [3]: 38).

Ayat munggaran ngajelaskeun, ka urang sadayana yén para nabi jeung rasul kacida ngutamakéunana ngado'a ka Alloh swt. Supaya dipaparinan anak turunan nu hadé tur soléh. Hal ieu téh méré pelajaran ka urang sadayana supaya ulah petot-petot ngadu'a ka Alloh swt. malah mandar dipaparinan anak turunan nu soléh.

*Nu kadua*: Nancebkeun Akidah Islamiyah nu mangrupikeun prinsip dasar nu perlu dibere perhatian jeung kautamaan, sabab akidah islamiyah nu kuat, bakal ngajamiin kabagjaan hirup manusa di dunya ogé di akhérat. Salian éta, barudak nu mibanda akidah islamiyah nu kuat moal gampang ngalakukeun hal-hal nu nyimpang tina ugeran agama ogé darigama. Béh dituna bakal ngalahirkeun insan nu salawasna mampu ngajaga kaimanan maranéhna sarta bakal ngajauhan perkara-perkara syirik nu bisa nyasarkeun ka maranéhna.

*Nu katilu*: Nancebkeun tuntutan syari'ah khususna tina masalah Ibadah nu sampurna. Hal ieu téh ngalambangkeun sifat kataatan ka Alloh . Salian éta, minangka tanda nyampurnakeun hubungan sareng Alloh s.w.t

*Nu kaopat*: Nerapkeun Akhlakul karimah, nu ngarupakeun lambang kaéndahan kapribadian saurang muslim sajati. Kalayan mibanda akhlakul karimah nyababkeun salah saurang dipikahormat ku masyarakat. Ku sabab kitu, Nabi Muhammad s.a.w. diutus pikeun nyampurnakeun akhlak manusa.

*Nu kalima*: Méré rizki tina sumber nu halal, Satiap rizki nu halal lain wungkul mawa kaberkahan tapi bisa ngalahirkeun turunan nu pinter

jeung séhat. Nu hal ieu téh ngadorong ka arah kahadéan di dunya tur meunang rahmat Allah di akhérat.

Lima perkara ieu mangrupikeun prinsip dasar dina ngadidik pala putra urang supaya jadi anak nu soléh. Mudah-mudahan urang sadayana dipaparin ku Allah swt. Anak turunan nu soléh.

*Amiin ya Allah ya robbal 'Alamiin.*

*Wallohu A'lam Bish-Showab.®*

## **22. Kautamaan Puasa Jeung Bulan Romadhon**

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ (١٨٣) أَيَّامًا مَعْدُودَاتٍ فَمَنْ كَانَ مِنْكُمْ مَرِيضًا أَوْ عَلَى سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِنْ أَيَّامٍ أُخَرَ وَعَلَى الَّذِينَ يُطِيقُونَهُ فِدْيَةٌ طَعَامٌ مِسْكِينَ فَمَنْ تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَهُ وَأَنْ تَصُومُوا خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ (١٨٤) شَهْرُ رَمَضَانَ الَّذِي أُنزِلَ فِيهِ الْقُرْآنُ هُدًى لِلنَّاسِ وَبَيِّنَاتٍ مِنَ الْهُدَى وَالْفُرْقَانِ فَمَنْ شَهِدَ مِنْكُمُ الشَّهْرَ فَلْيَصُمْهُ وَمَنْ كَانَ مَرِيضًا أَوْ عَلَى سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِنْ أَيَّامٍ أُخَرَ يُرِيدُ اللَّهُ بِكُمُ الْيُسْرَ وَلَا يُرِيدُ بِكُمُ الْعُسْرَ وَلِتُكْمِلُوا الْعِدَّةَ وَلِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَى مَا هَدَاكُمْ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ (١٨٥)

“....Yeuh jalma-jalma anu ariman ! ka maraneh geus diwajibkeun puasa cara anu geus diwajibkeun ka jalma-jalma anu samemeh maraneh, sangkan maraneh jadi jalma-jalma anu taraqwa, (nyaeta) sabaraha poe anu geus ditangtukeun; tapi sing saha tiantara maraneh anu gering atawa keur aya di panyabaan, (maka) wajib (pikeun maranehna) nyumponan puasa sababaraha poe (anu geus ditinggalkeunana) dina poe sejenna; jeung pikeun jalma-jalma anu kuat puasa tapi kalawan ripuh, (lamun henteu puasa maka) diwajibkeun (ka manehna pikeun) mayar fidyah, nyaeta mere dahar hiji jalma miskin (saban poena), tapi sing saha anu rek mere leuwih ti sakitumah (kaasup sunah), tanwande eta kahadean teh pikeun dirina. Jeung ari puasa teh leuwih hade pikeun maraneh, upama maraneh nyarahomah. (Nyaeta) sabulan Romadhon anu dina eta bulan teh (munggaran) diturunkeunana Al-Qur'an, anu jadi pituduh pikeun manusa jeung jadi pituduh jalan (oge) anu ngabedakeun (antara anu haq jeung anu batal). Ku sabab eta, sing



saha ti antara maraneh anu ningali bulan, (maka) prak geura puasa, tapi sing saha anu gering atawa anu keur aya di panyabaan, (maka) wajib (pikeun manehna) nyumponan puasa sababaraha poe (anu ditinggalkeunana) dina poe sejenna, sabab Allah seja ngentengkeun maraneh jeung moal ngabeungbeuratan. Jeung maraneh kudu nyampurnakeun bilanganana, sarta kudu ngagungkeun Allah, nurutkrun pituduh Anjeun-Na ka maraneh, jeung sangkan maraneh muji syukur ka Anjeun-Na” (QS. Al-Baqarah [2]: 183 -185).

Puasa (Shaum) miturut bahasa mibanda harti “Nahan tina sagala perkara” saperti dahar, nginum, nahan hawa nafsu, nahan omongan nu taya manfa’atna jeung sajabana eta. Sedengkeun muturut Syar’i-mah puasa teh nyaeta “Nahan diri tina sagala perkara (dahar, nginum, nahan hawa nafsu, nahan omongan nu taya manfa’atna jeung sajabana eta.) jeung nu ngabatalkeunana, salila sapoe ti mimiti bijilna fajar nepi ka surufna panon poe, kalayan niat jeung sababaraha katangtuan syarat nu kudu dicumponan”

Romadhon teh kaasup bulan nu dimulyakeun ku Alloh swt. Sabab dina bulan ieu ditetepkeun hiji kawajiban nu kudu dilaksanakeun ku Umat Islam nyaeta puasa. Kautamaan bulan Romadhon geus diuningakeun ku mangpirang-pirang ayat Al-Qur’an, Hadits oge ‘Atsar para Shohabat ra. Diantawisna nu dicutat dina kitab Zubdatul Wa’idin, aya katerangan Hadits Nabi Muhammad saw. Nu ngauningakeun ngeunaan kautamaan bulan Romadhon:

“...Ti Ibnu Abbas ra. Anjeunna nyarios: Kami Ngadenge Rasulullah saw. Ngadawuh: Lamun sakirana umat Kami apal (nyaho) kana naon-naon (kautamaan) di jero bulan Romadhon, maka (pasti) maranehna bakal mikaharep sangkan (bulan-bulan) nu aya dina satahun teh kebah jadi bulan Romadhon, sabab sagala kahadean ngumpul dina bulan Romadhon, kata’atan bakal ditarima, sagala do’a diqobul (dijabah), jeung sawerga mikasono ka maranehna (jalma nu paruasa dina bulan Romadhon).

Malihan dina katerangan nu sanes diuningakeun, yen Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh:

“...Nalika dina awal peuting bulan Romadhon, Allah swt. Ngadawuh: “Sing saha jalma ni mikacinta ka Kami (Allah) maka kami bakal mikacinta ka manehna, sing saha jalma nu neangan (ngadeukeutkeun diri ka) Kami (Allah) maka kami bakal neangan (ngadeukeutan ka) manehna, sing saha nu menta hampura Kami, maka Kami bakal ngahampura manehna. Ieu kabeh teh sabab ku kamulyaan bulan Romadhon”. Tuluy Allah swt marentahkeun ka Malaikat Kirooman Kaatibiin (nu tugasna nyatetan amal manusa) sangkan di bulan Romadhon maranehna

*(Malaikat Kirooman Kaatibiin) wungkul nyatet sagala kahadean, jeung ulah nyatet amal kagorengan, jeung Allah ngagugurkeun dosa- dosa (manusa nu puasa dina bulan romadhon) nu geus kalewat”.*

Kautamaan sanesna Rasulullah saw. Ngauningakeun ku dawuhanana: "...Umat kami geus dipaparinan lima perkara (ku Allah swt.) nu can pernah dipaparinkeun ka umat samemehna, nyaeta: (1) nalika awal peuting dina bulan Romadhon, maka Allah swt ningali ka maranehna (umat kami) kalayan pinuh ku rasa heman, jeung sing saha jalma nu ditingali ku Allah swt. kalayan pinuh ku kaheman, maka hamo disiksa salilana; (2) Allah swt. marentahkeun ka para malaikat supaya mentakeun hampura ka maranehna (umat kami); (3) bau bahamna jalma nu puasa mungguh Allah swt. Leuwih seungit batan minyak misik; (4) Allah swt ngadawuh ka Sawerga: "papaes diri anjeun (heh sawerga kami) !", oge Allah swt ngadawuh: "untung pikeun hamba-hamba Kami nu ariman, maranehna jadi kakasih Kami", jeung (5) Allah swt maparin hampura ka maranehna (umat kami) sakabehna"

Urang tos pada uninga, yen puasa teh salah sahiji ibadah nu teu bisa diukur sacara lahiriyah, tapi diukurna sacara bathiniyah. Ku kituna, wungkul Allah swt. nu nganilei oge nu ngukur kana ieu ibadah. Sabab, puasa teh hiji tingkah ibadah nu ngahubungkeun hiji hamba ka Pangeranna nyatana Alloh swt. Ku sabab kitu pisan, puasa teh hiji ibadah jeung kataatan nu wungkul Allah swt nyalira ku anjeun nu ngukur, nganilei oge ngawalesna. Sakumaha dawuhana dina Hadits Qudsy: "...Tiap-tiap kahadean nu dipilampah ku anak adam, maka ganjaranana dilipetgandakeun tina sapuluh nepi ka tujuh ratus kali lipet, kajaba puasa, sabab puasa teh pikeun Kami (Allah), maka kami sorangan nu bakal ngawalesna".

Kalimat: "maka kami sorangan nu bakal ngawalesna" ngandung maksud, yen tiap-tiap kataatan/ibadah ganjaranana surga, tapi ngeunaan ganjaran puasa mah nyaeta patepung sareng Manten-Na Dzat Allah Nu Maha Agung. Sakumaha dawuhan Kanjeng Nabi saw.: "Dua kabungah/kabagjaan nu bakal kahontal pikeun jalma nu puasa, nu kahiji nyaeta kabungah/kabagjaan nalika buka puasa jeung nu kadua kabungah/kabagjaan nalika patepung reujeung Pangeran-na (Allah swt.)".

Mudah-mudahan urang kagolong jalma nu puasa nu bisa ngahontal kan kautamaan-kautamaan bulan Romadhon. Oge bisa ngahontal Ridho Allah swt. *Amiin Ya Allah ya Robbal 'AlAmiin.*  
*Wallohu A'lam.* ®

### **23. Makna Hakekat 'Idul Fitri**

الَّذِينَ يَنْفِقُونَ فِي السَّرَّاءِ وَالضَّرَّاءِ وَالْكَاطِمِينَ الْغَيْظَ وَالْعَافِينَ عَنِ النَّاسِ ۗ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ  
“(Nyaeta) jalma-jalma nu nganafaqohkeun (hartana), boh dina waktu luang oge dina waktu samporet, jeung jalma-jalma nu nahan amarahna jeung mere hampura kana (kasalahan) manusa. Allah mikaresep ka jalma-jalma nu milampah kahadean” (QS. Ali Imron [3]: 134).

Kecap عَيْدٌ (‘Id) mibanda harti “balik” atawa “mulang”, sedengkeun kecap فِطْرٌ (Fithri) mibanda harti “ Suci” atawa “Kasucian” bisa ogé dihartikeun “Agama nu bener” tur bisa mibanda harti ogé “asal kajadian”. Lamun urang mere harti kana kecap فِطْرٌ (Fithri) kana harti “Agama nu bener”, maka hal éta téh nuntut ka urang pikeun “nyaluyukeun kana hiji hubungan” sabab nyaluyukeun hiji hubungan mangrupikeun tanda ngagemna hiji agama nu bener nyaéta agama Islam. Tegesna hubungan antara manusa (Makhlûq) jeung Allah (Khaliq), ku kituna Kanjeng Nabi saw. Kantos ngadawuh الْمُعَامَلَةُ الَّذِينَ (Ad-Diinu Al-Mu’amalatu) tegesna yen agama téh hiji hubungan. Salian ti éta ogé silih nasehatan ogé silih hargaan kaasup kana ajaran agama, ku kituna Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh الَّذِينَ النَّصِيحَةَ (Ad-Diinu An-Nashihatu).

Dumasar kana hal éta, maka satiap jalma nu ngalaksanakeun الفِطْرَ عَيْدٌ (‘Idul Fitri) kudu tumuwuh rasa sadar yen satiap jalma ngalakukeun hiji kasalahan, jeung tina kasadaran éta manehna tumuwuh rasa pikeun mere ogé narima hampura ti batur ngeunaan kasalahan nu geus dilakukeun Kitu keneh lamun Fitrah dihartikeun kana “kasucian”. Hal ieu bisa dirasakeun nalika urang aya dina kaayaan cicing Tafakur (mikir) kana sagala kakawasaan Pangeran, Tadzakur (eling) ka nu maha nyiptakeun, ogé Tasyakur (syukur) kana sagala nikmat Allah swt nu geus dipaparinkeun ka urang. Sahingga karasa tumuwuhna rasa tingtrim bathin, tiis pikir, ayem tengtrem, ogé Tuma’ninah (tenang) kaayaan.

Saba’dana nyalsekeun sagala masalah, rengsena kasibukan duniawiyah, maka bakal karasa ogé kadenge hiji sora nu bijil tina ati

sanubari ngajak ka urang pikeun ngobrol, ngajak ka urang pikeun ngadeukeutkeun diri ka Nu Maha Suci, ogé nu ngajak ka urang pikeun sadar diri yeng urang téh kacida lemahna di payuneun Nu Maha Agung. Sora nu bijil tina ati sanubari éta téh taya kajaba sora fitrah urang salaku manusa nu salalawasna ngajak pikeun ngabdi, ngaula ka Nu Maha Kawasa. Sora ieu ogé nu sering ngajak ka urang pikeun salalawasna ngagungkeun ka Allah swt. Salalawasna sora ieu téh noelan hate urang pikeun sadar, tapi ku sabab kapangaruhan ku hawa nafsu duniawiyah nu nimbulkeun sibukna urang dina ngudag-ngudag ogé nguruskeunana, nu akhirna ngakibatkeun tumuwuh mangpirang dosa-dosa, maka sora “kasucian” éta téh terkadang ku urang sorangan tara diropea, tara dianggap. Sok padahal sora éta téh taya kajaba nu sering diucapkeun nalika tepungna urang reujeung الْفِطْرُ عَيْدُ (‘Idul Fitri) nyaéta kalimat ‘Takbir’ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ (Allah Nu Maha Agung). ogé nalika urang ngawalan ngalakukeun ibadah sholat. Dumasar kana hal éta, maka nalika kalimat اللهُ أَكْبَرُ اللهُ (Allah Nu Maha Agung) bener-bener geus sumurup miraga sukma ngahiji ngadarah daging, bakal ngaleungitkeun sagala rasa nu ngagantungkeun kana salian ti Allah swt. Salalawasna bakal ngalahirkeun hiji tangtungan manusa nu wungkul ka Allah ngagantungkeun harepan, wungkul ka Allah ngaula, wungkul ka Allah pikeun Ibadah ogé wungkul ka Allah pikeun minangsaraya miharep pitulung نَسْتَعِينُ وَإِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ

Ibnu sina ngajelaskeun dina kitabna Al-Isyarat wa Tanbihat, yen lamun seug manusa neuleuman kan kalimat اللهُ أَكْبَرُ اللهُ (Allah Nu Maha Agung). maka manehna geus asup kana golongan para ‘Arifin nyaéta jalma-jalma nu bebas tina beungkeutan hawa nafsu duniawiyah, manehna salawasna bakal mapaes dirina ku sifat darehedeh jeung budi nu marahmay, ogé mapaes dirina ku akhlakul karimah. hal ieu timbul tina hatena nu pinuhan ku katingtriman, katumaninahan (katenangan) nu nimbulkeun rasa gumbira, ku sabab salawasna ngahadirkeun hate pikeun ngaagungkeun Allah swt, dina dirina tumuwuh rasa yen hakekatna makhluk kaasup dirina the leutik, lemah, taya kakuatan dipayuneun Allah swt. الْعَظِيمِ الْعَلِيِّ بِاللَّهِ إِلَّا قُوَّةٌ وَلَا حَوْلَ لَنَا

Saterusna Ibnu Sina ngajelaskeun, yen mun manusa geus tumuwuh rasa samodel kitu maka manehna bakal boga anggapan yen rahmat Allah

swt milik sarerea, boh pikeun jalma ta'at oge jalma nu loba maksiyat. Manehna moal boga rasa pikeun ngarorek kasalahan batur, nu aya malah sibuk ku menta hampura ka Allah tina sagala kasalahan, manehna bakal jadi jalma nu hampuraan, moal aya rasa dendem, atawa ngucik-ngucik komo nungtun raja wisuna, jauh tina dirina sifat gede ambek sanajan ningali kamunkaran, manehna nyarek moal make jalan kasar komo garihal, estu bakal nyarek ku jalan nu hade kalayan nerapkeun akhlakul karimah sakumaha nu dicontokeun ku Rosululloh saw. Najan ka dirina aya nu ngahina, nu nyacampah pasti bakal ditarima kalayan hate nu pinuh rasa hampura. Sifat silih pikanyaah, silih pikaasih, silih pikaheman, salawasna jadi papaes dina kahirupan, jauh tina pacengkadan, jauh tina papaseaan. Hal ieu teh akibat tujuan hirupna wungkul hiji nyaeta **الله مَرْضَاتٍ عَلَيْهَا** (Pikeun nyuprih atawa miluruh Ridho Allah swt.).

Makna Kasucian teh gabungan tilu unsur: Bener, hade, jeung endah. Sahingga jalma nu nu ngalaksanakeun **الْفِطْرِ عَيْدُ** ('Idul Fitri) nu mibanda harti mulang atawa balik kana kasucian, bakal salawasna mapaes diri ku laku lampah nu bener, hade jeung endah. Sabab, ku akibat tilu unsur eta saupamana jadi papaes diri manusa, maka bakal ngalahirkeun hiji tangtungan jalma nu linuhung jeung pinuji. Manehna bakal salawasna miluruh hal-hal nu hade bari salawasna milampah kahadean bari mapaes diri ku akhlakul karimah nu endah bari salawasna ngajaga, ngariksa oge taat kana tetekon agama jeung darigama kalayan bener-bener. Sabab ku laku lampah nu bener bakal ngalahirkeun hiji tangtungan jalma nu salawasna ngandelan dirina ku ilmu pangaweruh. Sabab laku lampah hade bakal ngahadirkeun hate jeung sikep nu pinuji oge ngalahirkeun tata laku pinuh ku kasopanan tegesna akhlakul karimah salawasna mapaes diri, oge ku sabab kaendahan bakal ngalahirkeun seni kahirupan nu endah ditingalina matak jadi eunteung pikeun nu sejen. Ku tilu unsur eta bakal ngahalangan jalma pikeun milampah kasalahan, jauh tina kamaksiyatan.

Jadi dina raraga urang mulang deui kana kasucian tegesna **الْفِطْرِ عَيْدُ** ('Idul Fitri), aya sababaraha hal nu kudu dilakukeun, diantarana nyeta:

### 1. Halal bi Halal;

Halal bihalal ngandung unsur silih hampura reujeung silaturahmi. Urang hamo manggihan dina Al-Qur'an atawa Hadits nu nuduhkeun kana ngajelaskeun harti nu pasti ngeunaan halal bihalal. Istilah halal bi halal mangrupikeun budaya khas urang Indonesia. Nu hal eta bakal

nimbulkeun harti nu sifatna teu pasti pikeun bangsa deungeun-deungeun luar bangsa indonesia dina ngahartikeunanas sok sanajan maranehna paham kana ajaran islam oge paham kana bahasa Arab. Tapi najan bari kitu, halal bihalal bisa ngandung sababaraha harti atawa makna, nu bisa ditingali ku rupa-rupa paham dina ngahartikeunana.

Lamun ngabahas ngeunaan halal bihalal segi hukum, maka urang bisa nyokot harti yen kecap halal teh lawan tina kecap haram. Sedengkeun kecap haram mungguhing nyaeta hiji perkara nu dilarang, mun seug dilakukeun bakal nimbulkeun dosa oge ngakibatkeun turunna siksa pikeun jalma nu ngalaksanakeunana. Megatkeun silaturrahmi atawa tali duduluran teh hukum dilarang dina agama islam, maka ku ayana halal bihalal jadi bisa nyambung deui. Nu teu akur jadi akur, nu silih pikangewa jadi silih pikanyaah, silih pikaasih.

Sedengkeun makna halal bihalal ditingali tina segi bahasa, maka bisa ditingal tina asal kecap halal eta, asal kecap ( حَلَّ ) halal( teh tina kecap حَلَّ )halla( atawa حَلَّ (halala) nu mibanda harti nu pirang-pirang diluyukeun jeung kecap panyambungna atau gabungan kecap samemeh atau saba'dana. Kecap kecap حَلَّ )halla( atawa حَلَّ (halala) bisa mibanda harti "nyalsekeun masalah atawa kasulitan", bisa oge dihartikeun "Ngabereskeun benang nu pakusut", bisa oge dihartikeun "ngahencerkeun perkara nu ngabeku atawa nu teuas". Bisa oge dihartikeun "ngaleupaskeun tali nu ngaborogod". Dumasar kana pirang-pirang harti eta, maka halal bi halal teh ngandung makna atawa maksud pikeun ngayakeun hiji tindakan pikeun ngarubah hubungan nu tadina kiruh jadi herang, atawa nu tadina teu akur jadi akur, nu tadina kaborogod ku tali ka ngewa jadi bebas oge silih bebaskeun ku tali kaasih jeung kaheman. Tegesna silih hampura tina sagala kasalahan jeung dosa antara sasama.

## 2. Silaturahmi

Silaturahmi asal tina dua kecap nu disambungkeun nyaeta tinda kecap وَصَلٌ(Shilat) jeung رَحِيمٌ (Rohim). Kecap وَصَلٌ(Shilat) asal tina kecap وَصَلٌ )Washl( nu mibanda harti "nyambungkeun" atawa "ngumpulkeun". Sedengkeun kecap رَحِيمٌ (Rohim) mibanda harti "kaasih" atawa "kaheman", nu bisa ngandung harti oge hiji anggota badan nu aya di kaum hawa' nyaeta hiji tempat nu nyimpen bahan pi-anak-keun tegesna "kandungan".

Sabab saban anak nu dikandung ku hiji istri salawasna meunang rasa kaasih oge kaheman. Jadi الرَّحِيمُ صِلَهُ (silaturahmi) bisa dihartikeun "nyambungkeun tali kaasih nu geus pegat", atawa "ngumpulkeun rasa kaheman atawa rasa kaasih nu pabureuncay atawa nu geus papisah".

Dumasar kana hal eta sahingga luyu reujeung dawuhan Kanjeng Nabi saw. :“ Lain disebut silaturahmi pikeun jalma nu ngabales kana anjang sono atawa males pamere (hadiah) nu dibere ku nu lian, tapi nu disebut silaturahmi nyaeta jalma nu nyambungkeun perkara nu pegat atawa ngumpulkeun perkara nu papisah” (H.R. Imam Bukhari).

Malah dina dawuhan nu sejen Kanjeng Nabi saw. Ngajadikeun hiji ukuran pikeun hiji jalma ngeunaan kaimanana ka Allah swt. Ku dawuhanana: “Sing saha jalmana nu iman ka Allah jeung poe akhir, maka sambungkeun tali kaasih jeung kaheman”

Oge dina dawuhan Allah swt:

الَّذِينَ يُفْقُونَ فِي السَّاءِ وَالضَّرَّاءِ وَالْكَاطِمِينَ الْغَيْظَ وَالْعَافِينَ عَنِ النَّاسِ ۗ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ  
“...(Nyaeta) jalma-jalma nu nganafaqohkeun (hartana), boh dina waktu luang oge dina waktu samporet, jeung jalma-jalma nu nahan amarahna jeung mere hampura kana (kasalahan) manusa. Allah mikaresep ka jalma-jalma nu milampah kahadean” (QS. Ali Imron [3]: 134).

Asbabun Nuzul ieu ayat teh nalika kajadian ngeunaan kasaksian palsu Misthah ka siti ‘Aisyah, abu baker sumpah nalika kabuktian eta tuduhan teh bohong, maka anjeunna sumpah hamo mere nafaqoh deui ka Misthah. Kukituna Allah maparin wahyu ka Kanajeng Nabi saw. Supaya didugikeun ka para shahabat supaya ngahampura ka jalma nu ngieun kasalahan antara sasama. Tah Dina ayat ieu aya tilu hal nu kudu jadi sikep urang, nyaeta: (1) Nahan Kaambek; (2) Mere hampura, jeung (3) Migawe kahadean.

Dina al-qur’an kecap hampura teh make istilah الْعَفْوُ (Al-‘Afwun) nu ngandung harti "ngagugurkeun" atawa "ngalebur". Kukituna jalma nu silih hampura ngandung makna silih gugurkeun atawa silih leburkeun tapak-tapak kasalahan nu geus dilakukeun.

Dumasar kana hal eta, maka dina raraga urang neuleuman makna عِيدُ الْفِطْرِ (‘Idul Fitri) ieu, maka tilu hal eta kudu jadi kagiatan urang dina ngeusian عِيدُ الْفِطْرِ (‘Idul Fitri) oge dina raraga ngawujudkeun diri urang teh jadi jalma nu mulang atawa balik deui kana kasucian. Tegesna urang kudu

muka lambaran anyar kahirupan bari nutupan lambaran heubeul nu kiruh pinuh ku kokotor kahirupan nu jadi hahalang urang deukeutna ka Allah swt. Mudah-mudahan urang kagolong kana jalma nu barik deui (kana kasucian) oge golongan jalma-jalma nu meunang kabagjaan, tur Allah nampi kana ibadah shaum urang. Amiin Ya Allah Ya Robbal AlAmin. Wallohu A'lam Bish-Shawab.

Patepung didieu, sapalih katerangan nyebatkeun: "Kami ningali manehna, manehna ningali ka Kami, Kami Nyarita ka manehna, manehna nyarita ka Kami, tanpa aya palantara"" tegesna "Adu hareupan".

Para ulama maparin tafsiran kana kalimat (puasa teh pikeun Kami (Allah), maka kami sorangan nu bakal ngawalesna).Sapalih ulama aya nu nafsirkeun, yen dina puasa hamo kaeunteupan riyah' teu jiga ibadah-ibadah sejenna, sabab puasa ibadah bathiniyah nu ngamuara kana Niat nu nyangkaruk dina hate, nu hamo bisa ditembongkeun ka nu lian. Aya deui sapalih ulama nafsirkeun, yen nu dimaksud puasa teh pikeun Kami (Allah), maka kami sorangan nu bakal ngawalesna" teh nyaeta nu apal kana kadar ukuran ganjaran ibadah puasa anging Allah swt. Sedengkeun ibadah-ibadah nu sejenna mah ayakalana bis diukur ku jalma nu ngalaksanakeunana, boh ngaliwatan katerangan jeung katangtuan syah'i, oge bisa diuku ku pribadina ngaliwatan hikmah saba'dana ngalaksanakeun eta ibadah.

Tina sadaya pamadegan para Ulama dina nganafsikeun kalimat: puasa teh pikeun Kami (Allah), maka kami sorangan nu bakal ngawalesna" . maka bisa dicokot hiji kacindekkan, yen puasa teh bisa nyalametkeun ka jalma nu ngalaksanakeunana tina tingkah paripolah doraka, boh ucapan, patekadan oge kalakuan.

Kukituna dina raraga ieu pisan urang salaku jalma nu kagok borontok geus ngaku iman oge ngaku islam, tur ngaku jadi umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw. Maka sawadina urang nancebkeun tekad, ngalempengkeun niat dimana tepung atawa datang reujeung bulan romadhon pikeun ngalaksanakeun hiji kawajiban ibadah nyaeta puasa,



kalayan diniatan wungkul karana Allah swt. Sabab Kanjeng Nabi saw. Ngadawuh:

"....Sing saha jalmana nu puasa dina bulan Romadhon kalayan pinuh ku kaimanan reujeung kaihklasan, maka bakal dihampura dosa-dosa (nu geus dilakukeun ku manehna) samemehna".

Dina hiji hikayat nu kacutat dina kitab Bahjatul Anwar diuningakeun, yen hikmah diwajibkeunana puasa salila sabulan teh, nyaeta nalika Kanjeng Nabi Adam as. ngarempak larangan Allah swt. Nyaeat tuang buah kholdi di sawerga., maka buah eta melag dina tikorona Kanjeng Nabi Adam as. salila 30 poe. Maka nalika Kanjeng Nabi Adam as. geus tobat, Allah swt ngawajibkeun ka anjeunna, pikeun puasa 30 poe 30 peuting. Hal ieu teh di dadasaran kana pamadegan, yen satemenna kanikmatan dunya teh aya opat: (1) dahar, (2) nginum, (3) jima' jeung (4) sare. Ku opat perkara eta nu jadi hahalang pikeun hiji hamba dina ngedeukeutkeun diri ka Allah swt. Tapi pikeun Umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw. Diwajibkeun puasa teh ukur dina beurangna wungkul. Hal ieu teh mangrupaken hiji ka Maha Murah-an Allah swt. pikeun Umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw.

Anapon tujuan tina ibadah puasa nyaeta pikeun ngahontal darajat taqwa. Lamun darajat taqwa geus ngacik ka hiji jalma, maka geu pasti hirupna bakal ati-ati, pinuh ku kawaspadaan, tur teu ngagugu teuing kana hawa nafsu syaithoniyah nu ngabalukarkeun cilakana diri. Ku kituna salah sahiji maksud tina ibadah puasa nyaeta ngalawan/merangan hawa nafsu syaithoniyah, nu jadi alat Syetan pikeun ngagoda manusa.

Ku jalan urang ngalaksanakeun puasa, maka hawa nafsu bisa dileler, bisa dileumpeuhkeun, teu mahabu mangaruhan teuing kana tingkah paripolah urang nu temahna matak cilaka oge patepung reujeung bebendon Gusti Allah swt.

Nu jadi pasualan puasa nukumaha nubakal ngahontal kana kautamaan-kautamaan bulan Romadhon teh?. Tah palebah dieu, para ulama ngabagi tilu tingkatan pikeun jalma nu ngalaksanakeun puasa, nyaeta:

1. Puasana jalma awwam, nyaeta jalma nu ngajalankeun puasana teh ukur nahan peurihna beuteung tina barang dahar jeung nginum, jeung nahan hubungan jima' nu terkadang masih keneh ngagugu kana hawa nafsu, sabab puasa samodel kieumah ukur mindahkeun barang dahar jeung nginum ti beurang ka peuting wungkul, sedengkeun makna tina puasa teu karasa tegesna teu aya pangaruhna.
2. Puasana jalma nu Khowash (istimewa), nyaeta puasana para sholohin, tegesna dina puasana lain ukur nahan peurihna beuteung tina barang dahar jeung nginum, jeung nahan hubungan jima' wungkul, tapi nahan diri kalayan ngajaga anggota badanna tina milampah dosa, teu ngagugu teuing kana hawa nafsu.
3. Puasana jalma nu Khowasil Khowas (kacida istimewa) nyaeta puasana para Nabi jeung para Shiddiqiin, nu puasana lain ukur nahan peurihna beuteung tina barang dahar jeung nginum, jeung nahan hubungan jima' wungkul, tapi nahan diri kalayan ngajaga anggota badanna tina milampah dosa, teu ngagugu teuing kana hawa nafsu. Tapi nahan hate jeung kahayang nu bisa ngarendahkeun diri dipayuneun Allah swt. sacara gembलग/totalitas.

Mudah-mudahan urang kagolong jalma nu puasa nu bisa ngahontal kan kautamaan-kautamaan bulan Romadhon. Oge bisa ngahontal Ridho Allah swt. *Amiin Ya Allah ya Robbal 'AlAmiin.*

Wallohu A'lam.®

## 24. *Yaumil Mizan (Poé Timbangan/Balitungan)*

قَالَ اللهُ تَعَالَى: يُؤْتَى بِحَسَنَاتِ الْعَبْدِ وَسَيِّئَاتِهِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ فَيُكْتَلُ بِحُسْنِهَا وَيُنْتَقَضُ بِقَبِيحَاتِهَا فَإِنْ بَيَّتْ حَسَنَةً وَاجْتَنَبَ  
 أَجْرَ الْجَنَّةِ (رَوَاهُ الْأَلْبَانِيُّ)

Alloh swt. Ngadawuh: “..Jaga dina poé kiyamat bakal didatangkeun (disanghareupkeun) ka hiji hamba ngeunaan amal kahadéan jeung amal kajahatan (dosa) maranéhna. Tuluy dibandingkeun (ditimbang) antara amal kahadéan jeung kajahatan éta. Lamun aya sésa hiji amal kahadéan, maka si éta hamba bakal diasupkeun kana jero sawarga”. (H.R. Imam Ath-Thobrony).

Hadits Qudsy di luhur ngajelaskeun, yén Alloh swt. maparin informasi ka urang, yén jaga dina poé kiyamah bakal diayakan

panimbangan sagala amal nu disebut 'Yaumil Mizan'. Sagala amal manusa ditimbang kalayan timbangan nu adil saadil-adilna, timbangan nu Maha agung, timbangan nu teu ponténg ka nu konéng teu cueut ka nu hideung, ngadéék sacék-na nilas sa-plas-na. Sahingga ku timbangan éta bakal katingali mana timbangan nu leuwih beurat, naha timbangan kahadéan atawa timbangan kajahatan (dosa). Bakal natrat rasa kabungah pikeun jalma nu timbanganana beurat kana kahadéan, sabab bakal meunang kabagjaan tur sawarga nu bakal jadi buruhna ogé bakal jadi tempat padumukan nu teu aya tungtungna. Sabalikna, bakal natrat kasedih, kaduhung pinuh kabingung, nyampakna rasa kasusah pikeun jalma nu timbanganana beurat kana kajahatan (dosa), sabab jelas lawang picilakaeun geus nyampak tur naraka jadi buruhna tempat padumukan pikeun manéhna.

Dina Hadits Qudsy di luhur, ngajelaskeun yén nalika lumangsungna panimbangan amal ieu, Alloh swt. Nganiléi, ngayakeun pamariksaan sakabéh amalna hiji jalma, sabaraha amal kahadéan jeung sabaraha amal kajahatana si éta jalma. Nu satuluyna éta kajahatan bakal digugurkeun ku amal kahadéan, tinggal nu nyésa nu mana, naha amal kahadéan atawa amal kajahatan. Lamun nu nyésa amal kahadéan, maka bakal diasupkeun ka sawarga. Tegesna, yén kahadéan téh bakal ngaleburkeun, bakal ngaleungitkeun amal kajahatan (dosa). Lamun amal kahadéan éta aya sésana sanggeusna ngagugurkeun amal kajahatan (dosa), maka jalma nu mibanda amal éta diparéntahkeun ku Alloh pikeun asup ka sawarga. Sabalikna, lamun dosana jeung kahadéanana ditimbang tuluy nu nyésa amal kajahatanana maka ku Alloh diparéntahkeun ka si éta jalma pikeun asup kana naraka. Tah kumaha lamun saimbang? hartina, sarua timbanganana antara amal kahadéan jeung amal kajahatanana?. Maka, sapalih katerangan nyebatkeun, yén lamun saimbang antara timbangan kahadéan jeung kajahatan, maka ieu jalma bakaldigolongkeun kana 'Ashabul 'A'raf' (golongan jalma-jalma nu ditunda pikeun asup kana sawarga dilelepkeun heula dina naraka pikeun ngabersihkeun heula dosa-dosana).

Dina raraga ieu pisan, urang kudu waspada, waspaos, kudu aya rasa kahariwang, kudu ngayakeun muhasabah (évaluation) diri, ngitung-ngitung amal urang ti ayeuna kénéh. Inggis ku bisi rémpan ku kaayaan urang kagolong kana golongan jalma nu nalika ditimbang beuratna téh kana

amal kajahatan (dosa). Na'udzu billahi min dzaalik. Poé kiamat téh hiji kaayaan nu kacida rongkahna, kaasup kaayaan nu ngabentuk hiji siksaan pikeun jalma nu salilana ngalanggar, salilana nukang nonggong ka Alloh swt. tur ngalakukeun aniaya ka sasama. Tapi, kaasup hiji kaayaan nu ngabentuk kabungah pikeun jalma nu salilana milampah amal sholéh, rajin ogé taat ibadah ka Alloh swt. Tah, ngeunaan gambaran kaayan di padang mahsyar saba'dana ancurna alam dunya, aya katerangan ngajelaskeun, yén kantos aya shohabat naros ka Kanjeung Nabi saw. ngeunaan hal ieu, nyaéta nalika manusa ti mimiti umatna Kanjeng Nabi Adam as. Nepi ka Umatna Kanjeng Nabi Muhammad saw. dikumpulkeun. Nya nu disebut 'Yaumil Mahsyar'.

Kanjeung Nabi saw. Ngawaler ku Dawuhanana: *"Poé éta téh nyaéta: hiji poé dimana jalma-jalma narangtung dipayuneun Robbul 'AlAmiin salila satengah poé. Nu ukuran sapoé (dina poé harita) téh nyaéta lima puluh rébu taun (ukuran poé dunya). Tapi (Hal kitu téh) pikeun jalma nu Mu'min-mah bakal karasana sakeudeung, saperti jarak waktu isedna panon poé nepika surupna"*. (H.R. Abu Ya'la & Ibnu Hibban nu sumberna ieu Hadits ti Abu Huraéroh r.a.).

Dina riwayat séjén dijelaskeun, yén aya shohabat nu nyarios: "Duh kacida teuing lAmiina geuningan kiamat téh". Nguping aya shohabat nyarios kitu, Kanjeng Nabi saw. ngadawuh:

*"...Demi Alloh ! nu ngawasa kana diri kami, saéstuna (poé kiamat) kacida hampangna (sakeudeung karasana) pikeun jalma Mu'min, sahingga nu karasa ku manéhna bakal leuwih hampang (sakeudeung karasana) batan ngalaksanakeun sholat fardhu"* (Al-Hadits).

Dina katerangan séjén disebatkeun deui, yén gambaran kaayaan manusa di alam mahsyar bakal ngalaman hiji kaayaan luyu reujeung amal laku lampah manéhna nalika hirup di alam dunya, aya nu tilelep, ka kérem, kakeueum ku késang sorangan nu ngaragajag ku akibat ka sorot ku panon poé nu jarakna ukur sa-mil atawa dua mil. Nu sa-mil-na ceuk ahlimah nyaéta: 1000 m. ceuk urang Walanda, 7.420 m ceuk urang Jérman, jeung 1.609 m ceuk urang Inggris. Lamun ukuran laut-mah sa-mil téh 6.076 kaki atawa sarua jeung 1.852 m. Béda jauh jeung kaayaan ayeuna di dunya nu jarak panon poé ka bumi téh ceuk ahlimah nyebutkeun 8 menit x 60 x 30.000 km/detik = 144.000.000. km.

Ku hal sakitu, Bisa ku urang kabayangkeun ti ayeuna kénéh, ayeuna baé keur di dunya karasa panasna sorotna panon poé téh sanajan jauh jarakna, komo jaga di yaumil kiyamah mung ukur jarakna sa-mil nepi ka 2 mil. Nu matak wajar, lamun loba jalma saur katerangan di luhur nu mandi dina lautan késang sorangan. Hal ieu téh luyu reujeung katerangan ti Hadits Rosululloh saw.:

“Nalika kaayaan poé kiamat lumangsung panon poé bakal di deukeutkeun ka hamba-hamba (manusa) nepi ka jarak deukeutna téh ukuran sa-mil atawa dua mil, tuluy maranéhna bakal kapanasan ku sorot panon poé éta, sahingga birijilna késang maranéhna diluyukeun reujeung amalan maranéhna (nalika hirup di alam dunya). Aya diantarana nu tilelep kakeueum ku késangna sorangan nepi ka tatapokan dampal suku, aya nu nepi ka cangkéngna, ogé aya nu kakeueum nepi ka saluhureun sungutna”. Aya deui Dawuhan Rosululloh saw.:

“...Jaga dina poé kiamat bakal aya jalma nu tilelep ka keueum ku késangna sorangan nepi ka sungutna, tuluy manéhna ngomong: *Duh Gusti ! paparin abdi rahmat (kawelas asihan) Anjeun gusti, najan abdi dilebetkeun kana naraka*”. (H.R. Ath-Thobrony nu nyumberna ieu Hadits ti Ibn Mas’ud ra).

Sareng Dawuhan Rosululloh saw. deui:

“...Dina poé kiamat jalma-jalma bakal barijil késangna ngagarajag nepi ka jero taneuh sajero 70 *Dziro’ (hasta) jeung bakal nguyumbang ngabanjiran nu ngalelepkeun maranéhna nepi ka ceuli maranéhna*” (Al-Hadits).

Aya katerangan nu leuwih ngahariwangkeun urang, tur nu kudu jadi bahan tafakuran-eun. Dawuhan Kanjeng Nabi saw. Yén jaga dina ‘Yaumil Mizan’ (poé balitungan) téh bakal aya golongan jalma nu disebut ‘Muplis’ (bangkrut).

Nu kumaha nu ‘Muplis’ (bangkrut) téh ?. Rasulullah saw. ngadawuh:

“...Jalma nu Muflis (bangkrut) diantara umat kami téh, nyaéta jalma nu datang dina poé kiamat mawa amal ibadahna, kayaning sholat, shaum jeung zakat. Tapi, salian éta manéhna mawa ogé dosa nu ditimbulkeun tina nyaci-maki, nyacampah, mitenah, ngadahar harta nu lain hakna, ngocorkeun geutih (maténi) jeung neungeul batur tanpa sabab (tegesna, amal hadéna téh dicampur adukkeun jeung amal goréng, réd).(Tah, ku hal kitu), maka ganjaran amal hadé manéhna téh bakal dibérékeun ka jalma nu geus pernah di aniaya, dirugikeun jeung digunasika hakna ku manéhna, kitu saterusna. Lamun ganjaran amal hadéna geus béak, maka dosa

*jalma nu geus pernah di aniaya, dirugikeun jeung digunasika hakna ku manéhna, bakal dibérékeun ka manéhna, sahingga manéhna diasupkeun kana naraka nu satuluyna dilaksanakeun hukuman pikeun manéhna” (Al-Hadits).*

Dumasar kana bahasan di luhur, nu matak mangpaurkeun, matak ngahariwangkeun ka urang. Maka, Kanjeng Nabi saw. maparin jalan kaluar pikeun urang sadayana, ku maparin katerangan, yén aya sababaraha amal nu bakal ngabeuratkeun timbangan kahadéan jaga dina poé kiamat. nalika urang ngadeg dipayuneun Robbul ‘AlAmiin pikeun ditimbang sagala amal laku lampah salila urang hirup kumelendang di alam dunya. Anapon amalan nu bakal ngabeuratkeun timbangan amal kahadéan jaga di akhérat téh, diantaranya nyaéta Hadits nu sumpingna ti Abi Malik, Al -Harits bin ‘Ashim Al-Asy'ari ra., anjeunna nyarios:

*“...Parantos ngadawuh Rosululloh saw.: “Susuci éta saparo tina iman, (bacaan/ucapan) ‘Alhamdulillah’ bakal minuhan timbangan di akhérat (Mizan), (bacaan/ucapan) ‘Subhaanallaah’ jeung ‘Al-Hamdulillaah’ duanana bakal minuhan ruang lolongkrang nu aya di antara langit jeung bumi. Sholat éta cahaya, Shodaqah éta nu bakal jadi bukti, sabar éta cahaya, jeung Al-Qur’an bakal nulungan (ngabélaan) ka maranéh ogé sabalikna bakal nyilakakeun maranéh. Satiap manusa milampah hiji pagawéan, maka manéhna geus ngajual dirina, nu pamustunganana éta pagawéan téh bisa nyalametkeun maranéhna ogé sabalikna bisa nyilakakeun maranéhna”. [H.R. Muslim no. 223]*

Kaitanana sareng hadits di luhur, Syaikh Ibnu Al-Utsaimin ra. dina kitabna: ‘Syarhul Wasithiyyah’,. ngajelaskeun saéstuna Alloh swt. Ngajadikeun amal-amalan para hambana (manusa) kalayan ngabentuk hiji jasad. Hal ieu teu kudu ngajadikeun urang anéh jeung teu asup akal, mun seug dipulangkeun kana pamikiran, yén Alloh swt. Maha Kawasa. Kukituna ngeunaan amal-amalan manusa dibentuk jadi hiji jasad ogé nu satuluyna bakal ditimbang kalayan bentuk timbangan nu sifatna matéri (benda). ieu téh geus jadi kakawasaan Alloh swt. Tah, ngeunaan kalimat Al-hamdulillah jeung Subhanalloh nu digabungkeun téh bakal minuhan timbangan amal di akhérat (Mizan) jaga. Sabab, dua kalimat éta eusina ngeunaan nyucikeun urang ka Alloh swt. tina sagala bentuk kakurangan

nu bakal ngarusak kana kasampurnaan Alloh swt. Jadi, Alloh Maha Suci, ogé nu Kagungan sagala pujian. Kukituna, wajar mun seug éta dua kalimat ku urang sering dijadikeun hiasan biwir dina dzikir ka Alloh swt. Maka, pahalana bakal minuhan ruang lolongkrang kosong antara bumi jeung langit tur bakal ngabeuratkeun kana timbangan di akhérat (Mizan).

Ngeunaan hal ieu, Imam Nawawi ra. dina kitabna ‘Syarah ‘Arba’in Nawawiyah’, ngajelaskeun, yén katerangan dua kalimat, nyatana Subhanalloh Wal-Hamdulillah nu pahalana bakal minuhan ruang lolongkrang kosong antara bumi jeung langit tur bakal ngabeuratkeun kana timbangan di akhérat (Mizan) téh, teu luyu reujeung katerangan Hadits séjén, sabab aya deui Hadits nu nerangkeun ngeunaan kalimat nu pahalana sarua salian ti dua kalimat éta. Nyaéta Hadits nu diriwayatkeun ku Imam Hakim sareng Abu Ya’la, nu nyaritakeun Nabi Musa as. Kantos naroskeun ka Alloh swt. ngeunaan hiji amalan nu bisa ngasupkeun kana sawarga. Kukituna Alloh Ngadawuh:

“Héh Musa! Lamun sakirana tujuh lapis langit jeung tujuh lapis bumi ditambah jeung eusina, disimpen dina hiji piring timbangan (mizan), jeung (kalimat) “Laa Ilaaha Illalloh” disimpen dina piring timbangan nu sabeulahna, maka kalimat tauhid éta bakal leuwih beurat batan langit jeung bumi katut saeusina”.

Sarta dawuhan Rosululloh saw. Nu sanésna: “Aya dua kalimat nu hampang (tur gampang diucapkeun) ku lisan, tapi beurat kana timbangan dina poé kiamat (mizan), tur bakal nimbulkeun kacinta Nu Maha Rohman (ka jalma nu ngucapkeunana), nyaéta kalimat: ‘Subhanalloohi Wa Bihamdihi Subhaanalloohil-‘Adziim’.(H.R. Al-Bukhory).

Sareng dawuhan Rosululloh saw.: “Saéstuna (ngaos) sholat ka Kanjeng Nabi saw. Kaasup nu bakal ngabeuratkeun kana timbangan dina poé kiamat (mizan)”. (H.R. At-Tirmidzy).

Mudah-mudahan urang kalebet golongan jalma nu beurat timbanganana kana kahadéan jaga di ‘Yaumil Mizan’. *Amiin.*

*Walloohu A’lam Bish-Showaa.* ®